


230
Malik Perpustakaan ISMIP

Drs. R. Maimun Atmamihardja

SADJARAH SUNDA



1

PENERBIT: GANACO N.V. BANDUNG - DJAKARTA

Buku² bahasa Sunda jang telah terbit dan jang akan segera diterbitkan diantarja :

Seri Kandaga terdiri dari :

A. **Buku batjaan** terdiri dari 6 djilid.

Kandaga A — oleh : R. Momon Wirakusumah/
I. Buldan Djajawiguna — untuk kl. I S.M.P. S.G.B.
Kandaga B — idem — " kl. II S.M.P. S.G.B.
Kandaga I — oleh : M. A. Salmun — " kl. III S.M.P. S.G.B.
Kandaga II — idem — untuk kl. I S.G.A. kl. I S.M.A./
" kl. IV S.G.B.
Kandaga III — idem — " kl. II S.G.A. kl. II S.M.A.
Kandaga IV — idem — " kl. III S.G.A.

B. **Pangadjaran Basa** : terdiri dari 3 djilid.

Djilid I — oleh : R. Momon Wirakusumah/
I. Buldan Djajawiguna — untuk kl. I S.M.P. S.G.B.
Djilid II — idem — " kl. II S.M.P. S.G.B.
Djilid III — idem — " kl. III S.M.P. S.G.B.

C. **Tatabasa** — oleh : R. Momon Wirakusumah/

I. Buldan Djajawiguna — 1 djilid untuk S.L.A.

D. **Kesusastran** — oleh : M. A. Salmun — 1 djilid untuk S.L.A./
Kursus B I Basa Sunda Guru S.L.

Diantarja telah terbil : **Buku batjaan** :

Kandaga I	Rp. 16,50	Kandaga A	Rp. 12,50
Kandaga II	Rp. 17,00	Kandaga B	Rp. 17,50
Kandaga III	Rp. 17,00	Tatabasa	Rp. 15,—
Kandaga IV	Rp. 18,00		

PENERBIT „GANACO“ N.V.

Dj. Geredja 3 — Tel. 3803 — Bandung

Melik Perpus Galuh -
SMP

Mulai dipakai pada fgl.
Kepala Sekolah :



SADJARAH SUNDA

DJILID I

DUGI KA RUNTAGNA KARADJAAN PADJADJARAN
(TAUN 1579)

Kanggo S.G.A., S.M.A., Kursus B-I saréng Fak. Sastra

disusun ku :

Drs R. MA'MUN ATMAMIHARDJA

Dosen I.b. FKIP Universitas Padjadjaran



DIKALUARKEUN KU : „GANACO“ N.V.
BANDUNG — 1958 — DJAKARTA

HAK TJIPTA DITANGTAJUNGAN KU UNDANG*

*
Gambar kulit :
DANA ALKASAH

Copyright by Ganaco N.V.

PIHATUR

Dina taun 1953 Pamingpin Seksi Basa Sunda Bagian Basa Djawatan Kabudajan Kaman tren P.P.K., R. Markas Atmasasmita, parantos maparin tugas ka simkuring, satjara padamél Seksi Basa Sunda, supados njusun *Sadjarah Sunda* nu didadasaran ku elmu-pangawéruh saréng aja dokumentasina (gedocumenteerd). Karaosna ieu tugas teh teu kintén abotna, margi simkuring ngaraos seueur keneh katuna, turug² diadjar keneh, djadi mahasiswa di Fakultas Sastra Universitas Indonesia di Djakarta.

Parandene kitu, ieu tugas ku simkuring ditampi ku asta kalih kalajan kabungahan, margi karaos pérlna, jen putra-putu Sunda wajib ngamumule sadjarah lémah-tjai.

Separantos bahan² nu dikämpélkueun rada tjékap, sabagian ageung ti Perpustakaan Museum „Gédong Gadjah”, ladjéng ditungtut dilébétkeun kana madjalah „Medan Bahasa” basa Sunda taun 1953, ngawitan tina „Asal-muasalna kétjap Sunda”. Saréng aja sawareh bahan² nu tatjan tiasa kalébétkeun, margi djadi bahan përtimbangan keneh.

Ajeuna simkuring ngaraos teu kintén bungahna, dumeh aja pamundut ti Penerbit *Ganaco N.V.* di Bandung bade ngaluar-keun SADJARAH SUNDA, sadaja nu dikämpélkueun ku simkuring ti taun 1953 tea, kanggo njumponan pangabutuh sekeseler Sunda tina hal sadjarah lémah-tjaina.

Kanggo saheulaanan, ieu buku SADJARAH SUNDA teh nembé tiasa kapintonkeun djilid ka-I, njaeta dugi ka runtagna karadjaan Padjadjaran taun 1579. Satérusna bakal ditema ku djilid ka-II, ngawitan ti Djaman Islam, Sunan Gunung Djati, dugi ka kiwari.

Dina ajana „tutus langkung kepang halang, bobo sapanon tjarang sapakan”, simkuring bakal nampi kalajan kabungahan kana panégor anu maksadna ngarodjong njampurnakeun ieu Sadjarah Sunda.

BOGOR, Nopember 1958.

Drs R. M. ATMAMIHARDJA.

I. ASAL-MUASALNA KETJAP „SUNDA”

Parantos ilahar pisan urang henteu ngaraos aneh deui ku ngédalkeun kétjap² nu dianggo njarios saban dintén. Nanging, saupami urang kërsa leukeun nitenan, upamina naon hartosna salah sawios kétjap nu aja rambat-kamalena saréng kabudajan, kumaha saréng naon margina pangna aja eta kétjap, saréng ti mana asal-muasalna eta kétjap tangtos bruh-breh katingali ka-ahenganana basa.

Tiasa djadi ti antawis nu maraos aja nu panasaran, hojong uninga naon hartosna saréng ti mana kawitna kétjap „Sunda”. Simkuring ngaraos katarik ku kétjap „Sunda” teh, dumeh aja ngaran „Pulau³ Sunda Besar” (P. Djawa, Sumatra, Kalimantan, Sulawesi) saréng „Kepulauan Sunda Ketjil” (ti P. Bali dugi ka P. Timur). Nanging anch, ana ningal kana buktina mah „Tanah Sunda” atanapi „Pasundan” teh lègana mung sapropinsi Djawa Kulon tea bae.

Ku margi eta, djomodjoj bae hate simkuring hajang njuktjruk galurna, mapaj raratanana, ti mana asal-muasalna kétjap „Sunda”, katurug-turug kenging parentah ti pingpinan Seksi basa Sunda, atuh asa mobok manggih gorowong. Maksad simkuring njébat kétjap „njuktjruk” teh sanes ngulik sapertos para ahli atanapi sardjana basa, nanging ieu mah, sakadar eta bae ngungkaban buku-buku karangan para ahli, sangkan gaduh tjéjtjékélan atanapi aja gunung pananggeuhan. Sanes pisan dirarampa, dipaparah ku sorangan.

Djadi, anu bade dibahas di dieu teh nja eta asal-muasalna kétjap „Sunda” nu patali saréng „etymologi” (elmu asal-usul kétjap) saréng „philologi” (elmu basa nu patali saréng kabudajan) katut sadjarahna, ti iraha dianggona kétjap „Sunda” tea.

A. HARTOSNA „SUNDA”

Numutkeun paméndak G. P. Rouffaer¹) kétjap „Sunda” teh kétjap kosta (leenwoord) tina basa Hindu, henteu aja bentenna sapertos ngaran² témplate saréng tanah nu sanesna, nu aja di Nusantara, kajaning : Sumatra (Samudra), Madura, Djanggala, Basuki, Bali, Bima, Sumbawa, nja kitu deui Bantén, minangka „krama”-na (lémésna) tina „Bali”. Nanging andjeunna henteu

¹⁾ Encyclopaedie van Ned.-Indië, samengesteld door Joh. F. Snellman, 's-Gravenhage-Leiden 1905, IVe deel, katja 16 ss.

nérangkeun, naon hartoṣna „Sunda”, mung ukur njébatkeun, jen dina kitab Mahábhárata aja lalakon Sunda saréng Upasunda.²⁾

Naon hartoṣna „Sunda”, urang papaj ti sungapanana, sa-upami walungan tea mah, nja eta tina kamus³⁾ basa Sangsékerta, basa Kawi, basa Djawa saréng basa Sunda, sapértos ieu nu bade kapintonkeun di handap.

1. DINA BASA SANGSEKERTA ⁴⁾

a. *sund* (djangkar kétjap), hartoṣna : montjorong, tjaang.

b. *Sunda*, nja eta :

1.) djénéngan *Dewa Wisnu* (nu kagungan djénéngan 1000 rupa)⁵⁾

2.) ngaran hidji „daitya” (dětia, buta), nja eta anak *Nisunda (Nikumbha)*⁶⁾ djeung dulur *Upasunda*; ieu dua dulur teh silih paehan, lantaran marébutkeun apsara (widadari) geulis anu djénéngan *Tilottama*;

3.) ngaran hidji „vânara” (monjet).

c. Numutkeun hypothese prof. Berg kétjap *Sunda* teh asalna tina Skr. *cuddha*, hartoṣna : *bodas*, nja eta rupa Gu-nung Sunda ditinggal ti katébihan, nu dihapit ku G. Bu-rangrang saréng G. Tangkubanparahu.⁷⁾

2. DINA BASA KAWI ⁷⁾

Sunda, hartoṣna : tjai, tumpukan, pangkat, waspada.

3. DINA BASA DJAWA ⁸⁾

Sunda, hartoṣna : numpuk (njusun), ngarangkép, kétjap atanapi sora diradjek. Upamina didamél tjandra-sangkala, hartoṣna : dua, asalna tina basa Djawa „*unda*” nu hartoṣna :

1. ngunda (djangkrik nu rek diadukeun), 2. ngapungkeun (langlajangan). Bandingkeun saréng basa Djawa „*tunda*”, nu hartoṣna : tumpukan, susun.

²⁾ Bandingkeun saréng katéragan dina : Kawi-Balineesch-Nederlandsch Woordenboek, door Dr. H. N. van der Tuuk, Batavia 1901, Deel III katja 26.

³⁾ A Sanskrit-English Dictionary, by Monier Williams Oxford 1872, katja 1128; by Sir Monier Monier-Williams, Oxford 1899, katja 1227.

⁴⁾ An Index to the names in the Mahabharata, by the late S. Sorensen, London 1901, katja 744.

⁵⁾ Dina „Index Mahabharata” nu kasébat bieu, Sunda saréng Upasunda teh anak Nikumbha, sanes Nisunda.

⁶⁾ Dr. F. S. Eriaga : Loctoeng Kasaroeng (dissertasi), 's Gravenhage 1949, katja 289.

⁷⁾ Kawi-Javaansch Woordenboek, door C.F. Winter Sr., 1928, katja 219; Javaansch Nederlandsch Handwoordenboek van J. F. C. Gericke en T. Roorda, Leiden 1901, katja 744.

⁸⁾ Jav.-Ned. Handwoordenboek, idem di luhur katja 749.

4. DINA BASA SUNDA ⁹⁾

- a. *Sunda* < *sa-unda* < *sa-tunda*; tina : *sa* (*sina*) = bogaan (basa Inggris : having the property of), *tunda* = nunda ; *Sunda* = panundaan (b. Inggr. : a place of deposit), gudang (b. Inggr. : an entrepôt).
- b. *Sunda* < *sonda* = alus, pundjur, sénang, njenakkeun (sugéma), panudju.
- c. *Sunda* < *sundara* (b. Sangsékerta) = kasep, geulis, tégép, alus, pundjur. *Sundara* = djénéngan *Kama*¹⁰⁾, dewa asmara, nu pangkasepna. *Sundari* = awewe geulis. Saki-duleun dajeh Bandung aja *Tjisondari*. Nu mawi disébat „sénang“ saréng „alus“ teh dumeh *Tanah Sunda* teh matak sénang nu ningali, babakuna kanggo urang India ti Coromandel. Ku margi lémah-tjai maranehanana mah tanahna angar, hénteu lendo, ladjéng ngaradon balajar, anu lami² nja andjog ka *Tanah Sunda*, nu hedjo-lembok, nu endah katingalina ti katébihan ku urang Coromandel.
- d. *Sunda* = endah, dianggo djénéngan salah sawios garwa Prabu Siliwangi di nagara Padjadjaran, nja eta „Nyai Mantri Manik Mayang Sunda“, nu pihartoseunana : njai mantri pérmatā tjitiptan nu endah,¹¹⁾ Dina pantun sok kasébat : Kéntrik Manik Mayang Sunda.¹²⁾

Katérangan : Hartosna kétjap „Sunda“ dina kamus Sunda J. Rigg nu kasébat di luhur teh, nja eta numutkeun katérangan² Clough (4, a/c) saréng Raffles (4, d). Dupi numutkeun paméndak J. Rigg ku andjeun mah, kétjap „Sunda“ teh asalna langkung tjakétkana *Sa-unda* (*Sa-tunda*), nu hertosna : panundaan, gudang. Hal ieu kasaksen ku ajana Pulo Tunda di luareun Téluuk Bantén, margi ieu pulo teh kapungkurna dianggo témpat ngumpulkeun barang² dagangan bangsa bungbu², nu dikundjalan ti Pulo² Maluku.

Mung sakitu katérangan² nu patali saréng hertosna kétjap Sunda, sakumaha nu parantos kapéndak dina kamus² teh.

Ajeuna kantun urang ngabahas : ti iraha dianggona kétjap Sunda saréng naon margina aja ngaran „Pulau² Sunda Besar“ saréng „Kepulauan Sunda Ketjil“.

A Dictionary of the Sunda Language of Java, by Jonathan Rigg. Batavia 1862, katja 464 – 465. (Tanda < = asalna tina).

¹⁰⁾ *Kama*, ilaharna dina wajang disébatna : *Batara Kamadjoja*.

¹¹⁾ Dina b. Inggrisna : Her ladyship the counsellor, the beautiful gem of illusion.

¹²⁾ Dina lalakon Muodinglaja di Kusumah, sanes „Kéntrik“, nanging „Kantri Manik Majang Sunda“.

B. SADJARAHNA

Tadi di luhur parantos ditérangkeun, jen kétjap „Sunda” dina kamus Sangsékerta teh dianggo djénéngan *Dewa Wisnu* saréng ngaran hidji buta, dulur *Upasunda*. Tah, lalakon *Sunda* saréng *Upasunda*¹³⁾ teh ajana dina bagian *Adiparwa* kitab *Mahabharata* nu kahot, nu umurna parantos langkung ti 2000 taun.

Aja deui kitab Hindu nu kahot teh, nja eta kitab *Ramayana*, nu disératna kintén² dina abad ka-2 Masehi nanging kétjap „Sunda” hénteu aja dina eta kitab. Sawang sulna, aja ngaran pulo nu disébat „*Yawadwipa*” = Pulo Pare, maksudna nja eta *Pulo Djawa*¹⁴⁾.

Dina abad ka-2 keneh, kintén² taun 150 Masehi, aja urang Junani, ahli elmu bumi nu kamashur, nu djénéngan *Ptolemaeus*. Dina karanganana andjeunna nataan *nagara*² (tanah²) di „India ngaliwatan bangawan *Gangga*”, nu ajana di beulah Wetan, nja eta : „Tilu pulo bangsa *Anthropophagon*, nu dingaranan (pulo²) *Sunda*”¹⁵⁾.

Ku margi eta, *Pulo² Sunda* saréng *Pulo Djawa* teh sami klotna, nanging kétjap „Sunda” parantos pangpajunna ajana dina Mahabharata.

Dina taun 414 Masehi, *Fa-Hian*, hidji pandita Buddha bangsa Tionghoa, mulih ka Tiongkok nganggo kapal, saparantosna djarah ka India. Saténgahing djalan kapalna katambias saréng andjog ka tanah „Ya-va-di” (= *Yawadwipa*), nja eta di Djawa Kulon.

Numutkeun *Fa-Hian* di Djawa Kulon rea djéléma nu ngaragém agama Brahma (nu disébat Brahmana) saréng aja oge sababaraha urang nu ngaragém agama Buddha.

Dina taun 435, numutkeun buku² sadjarah radja² turunan Sung ka-1, kawartoskeun, jen radja nagara „Dja-va-da” (*Yawadwipa* nu dimaksud tangtos *Djawa Kulon*), nu djénéngan „*Sri-Pa-da-do-a-la-pa-mo*” (nu dimaksad moal lèpat deui : *Sripada Purnawarman*) parantos ngintunkeun utusan ka Maharadja Tiongkok (Kidul).

Génép abad ti harita wartos-wartos nu patali saréng „Djawa Kulon” atanapi nu patali kana kétjap „Sunda” hénteu ka-sabit² deui dina buku² sadjarah radja² Tiongkok atanapi dina tjatétan² bangsa² nu sanesna. Margi, sadjabi ti tjatétan² bangsa Tionghoa,

¹³⁾ Dina Mahabharata disébatna : „*Sundopasundapākhyāna*”.

¹⁴⁾ Satérasna tingali G. P. Rouffaer : Oudste ontdekkingschten, dina : Encyclopaedie v. Ned.-Indië, door Joh. F. Snellman, 1905. IV e. decl. katja 363 „Tochten”.

¹⁵⁾ *Anthropophagon* (b. Junani) = Bangsa nu sok ngadahar djéléma. Asalna tina „anthropos” = djéléma. „phagos” = nu ngadabar.

sapertos : buku² sadjarah radja² Liang (taun 518), radja² T'ang (taun 650 — 675), tjatétan I-tsing, s.s.t., aja oge buku² karangan bangsa² sanes, sapertos : urang Hindu, ahli elmu falak, nu djénengan Aryabhata (t. 520), saréng bangsa Arab, kajaning : Ibn Chordadhbeh (t. 846). Sulaiman (t. 851), Mas'udi (t. 915), Abu Zaid (t. 920) saréng Al-Biruni (t. 1020). Sadajana nu kasébat bieu mung nataan atanapi njébatan pulo² saréng témpat² nu sanesna nu aja di Nusantara.

Nembé, saparantos 6 abad ti djaman Radja Purnawarman tea, aja deui kétjap *Sunda*, mung ngawudjud *Djawa Kulon*. Dina batu-tulis, nu kapéndak di sisi walungan Tjitjatih, tjakéh halteu Tjibadak, disébatkeun, jen Maharadja Çri Djajabupati, sadjabi ti „njakrawati sabudeur djagat” teh, deui andjeunna langkung kakontjara djadi „radja Sunda”, nu disébat dina eta batu : „Prahadjian Sunda”. Eta batu teh disératna dina taun Çaka 952 = taun Masehi 1030. Andjeunna teh sadjaman saréng Radja Erlangga (t. 1010 — 1041) di Kahuripan nu ngéreh Djawa Tengah saréng Djawa Wetan. Djadi, Maharadja Çri Djajabupati teh radja nu bebas-mérdika, nu ngéreh Djawa Kulon.

Dina batu-tulis di desa Batutulis (Bogor), nu disérat nganggo tjandrasangkala taun Çaka 1255¹⁶⁾ = taun Masehi 1333, disébatkeun, jen Parébu (= Prabu) *Ratu Purana* teh nu ngadégkeun saréng ngaradjaan *Pakuwan Padjadjaran*. Djadi kétjap „Sunda” hénteu kasébat.

Nanging dina katompernakeun abad ka-15, numutkeun lamaran sérat nu kapéndak di Bakasih, kasébat, jen radja Pakuan nu djénengan Dewasasana parantos ngajakeun hidji wéwéngkon pérédikan di *Sunda Sembawa*, nu hartosna „Sunda nu endah (ré-sik).”

Dina djaman karadjaan Madjapait, Prabu Hajam Wuruk dina taun 1357 (Masehi), kasaksen dina kitab Pararaton, ngérsakeun rendengan pulitik saréng putri *Sunda*. Ku margi alpukah Patih Gádjah Mada putri teh kédah disébateun, nja ngadjadikeun pérang leutik di Bubat, dugi ka kasambutna *Maharadja Sunda* saréng menak² *Sunda*. Ieu kadjadilan dina kitab Pararaton disébat : „*Pasunda Bubat*” (Lalakon urang *Sunda* di Bubat). Djadi Djawa Kulon teh disébat „*Sunda*”, sanes „*Padjadjaran*”. Saréng dina Pararaton aja nu rada sulaja tina buktina, sakitu Maharadja *Sunda* wantun toh pati djiwa raga, tibatan kédah masrahkeun putrana teh madjarkeun tjek Prapantja dina Nagarakrétagama, pupuh ka-42, pada ka-2 : ndatan lingén

¹⁶⁾ R. Ng. Poerbatjaraka : De Batoc-Taelis bij Buitenzorg. dina Tijdschrift voor de Indische Taal-, Land- en Volkenkunde, deel LIX, 1919 — 1921, katja 380.

i Sunda len Madhura pan satanah i Yawa bhakti tan salah". Nu pihartoseunana kintēn² : „Hénteu kédah ditjarioskeun, jen *Sunda* saréng Madura, tjindékna mah satanah Djawa pada bakti, moal lèpat deui”¹⁷). Djadi, boh dina Pararaton, boh dina Nagarakrétagama, Djawa Kulon teh disébatna „*Sunda*” bae.

Ti wangkid harita kétjap „*Sunda*” nu minangka „wéwéng-konna” atanapi „tanahna” hénteu ka-sébat² deui, boh dina buku² sadjarah, boh dina batu² patilasan baheula.

Mung aja nu hénfeu kenging dipastikeun lérés-hénteuna, nja eta dina taun 1436 aja kasébat kétjap „Sun-to-lo” dina buku tјatétan urang Tionghoa agama Islam, nu djénéngan FEI HSIN. Andjeunna teh djadi djurusérat ngarangkép djadi djurubasa, saréng sok ngiring balajar saréng dununganana ka nagara² saréng pulo² nu ajana sakiduleun Tiongkok. Tah, kétjap „Sun-to-lo” di dieu, naha sami maksadna saréng basa Sangsékertha „*Sundara*”, nu pihartoseunana tanah „*Sunda*”?

Dina munggaran abad ka-15 urang Eropa, babakuna urang Portugis, ngawitan balajar ka tatar Wetan.

Di India Hareup, di Kanara Kaler, sawetaneun Karwar, aja kota „*Sunda*” atanapi „*Sonda*”. Saréng di antawis ieu kota saréng Goa, diwéwéngkon (djaduhan) Portugis, aja karadjaan „*Sunda*” (nu ku urang Portugis sok disébat oge „*Sundaem*” atanapi „*Sundem*”) saréng dajeuhna disébat Ponda. Ieu karadjaan leutik teh dina abad ka-18 sababaraha kali ngantjam Goa. Djadi, di India oge aja kota atanapi karadjaan „*Sunda*”. Nanging ti iraha ngadégnan? Duka, margi teu aja katérangan nu tetela.

Saférasna, dina taun 1459, aja pulo „*Sunda*”, nu disératna „*Sondai*” dina kar buatan bangsa Eropa, urang Venesia nu djénéngan Framauro. Nanging aneh, sawetaneun ieu pulo „*Sondai*” teh aja dua pulo, nu disébat „*Giava Menor*” (Djawa Leutik) saréng „*Giava Mazor*” (Djawa Géde). Saréng pulo „*Sondai*” teh dihapis ku „*Giava menor*” saréng „*Taprobana*” (Sumatra).

Dugi ka taun 1529, ieu pulo „*Sunda*” teh kasébat kénéh dina kar urang Portugis, Diogo Ribeiro. Ajana ieu pulo „*Sunda*” dihapis ku „*Camatra*” (Sumatra) saréng „*Iavas*” (dua pulo Djawa). Saréng ngawitan aja kota palabuan anjar nu disébat „*Sunda Kalapa*”, nu di ahir robah djadi „*Djajakarta*” atanapi „*Djakarta*”. kanggo nandingan Bantén, karadjaan Islam nu némbe ngadégnan.

Dina kaping 21 Agustus 1522 urang Portugis parantos nawis kontrak (pérdjangdjian dagang) saréng *mantri*² wawakil Radja Sunda. Dina eta kontrak disébatna „*este porto de Çumda*” (= „ieu palabuan *Sunda*”).

¹⁷⁾ H. Kern : Verspreide Geschriften. VIJde deel. De Nagarakretagama, Slot. Spraakkunst v.h. Oudjavaansch, 1e ged. 's-Gravenhage 1918, katja 17.

Dina kar taun 1558 (anu urang Portugis *Diogo Homem*), taun 1568, saréng kar taun 1596 (anu urang Walanda *Huygen van Linschoten*) tétèp palabuan „Sunda Calapa” kasébut kénéh.

Nanging dina kaping 6 Nopember 1596 dina buku² tjetetan sapopoe (Jurnalen) urang Walanda disératna „Jaccatra”, nja eta kota nu tadina tilas „Sunda Kalapa”, tjénah.

Djadi, ngawitan aja kétjap „Sunda Kalapa” moal tébih ti taun 1500 Masehi.

Sanadjan pulo Djawa teh pulo nu pangpëntingna, ngawitan ti taun 1550, téras abad ka-17 dugi ka abad ka-18, urang Portugis tétèp bae njébatna Nusantara teh „as ilhas da Sunda” (= pulo² *Sunda*”).

Ti wangkid nu kasébat di luhur kanggo urang Eropa (ngurung urang Walanda) parantos djadi kabiasaan, tétèp nganggo ngaran „Pulo² Sunda”. Tiasa djadi ngalap kana karangan Ptolemaeus nu parantos kasébat ti pajun.

Ti taun 1545, nalika urang Portugis teu tiasaeun ngajakeun pérdagangan saréng karadjaan Djawa, margi saruntagna Démak nu ditema ku Padhang aja kaributan, dugi ka taun 1572, „Pulo Djawa” hënteu ka-sébat², nu kasébat teh mung „Pulo Sunda” bae. Djadi nu dimaksad „Pulo Sunda” djaman harita teh nja eta „Pulo Djawa” ajeuna.

Nanging dina taun 1599. numutkeun tjetetan urang Portugis paranakan Bugis, nu djénengan *Godinho de Eredia*, Pulo Djawa teh disébatna „Java Major”, saréng kétjap „Sunda” sanes „pulo” nanging „palabuan”, nja eta palabuan „Sunda Kalapa”.

Nanging hal ieu hënteu djadi halangan ka urang Eropa pi-keun njébat „Pulo² Sunda” kanggo sakuliah Nusantara, sapertos nu kasébat ieu di handap.

Dina buku² Parasman (Prantjis) dina taun 1611, 1619 (*F. Pyrard de Laval*), taun 1660 (*P. Davity*), taun 1732 (Kamus Sadunja Prantjis-Laten), taun 1765 (Kamus *Diderot* saréng *D'Alembert*), taun 1789, 1796 (*C. P. Thunberg*) kasébat : „Les Isles de Sonde”.

Dina abad 18 buku² Inggris tétèp nganggo istilah nu sami. Nanging dina taun 1784 *Marsden* njébatkeun, „the East Indies” saréng „the Sunda islands” dina taun 1817 Raffles njébatkeun : „the Sunda islands” saréng „the Asiatic Isles”.

Urang Sëpanjol tétèp bae njébatna : „Archipelago de la Sonda”.

Dina buku² Walanda taun 1617 *Wouter Schouten* njébatkeun : „Oost Indische Eylanden”, taun 1730 *Th. Salmon* : „Sundasche Eylanden”, kanggo sakuliah Nusantara, iwal ti Pulo Su-

lawesi : djadi „Groote Soenda-eilanden” teh harita nembé ngawéngku 3 pulo : Djawa, Sumatra, Borneo.

Nanging dina taun 1860 *Multatuli* ngalébétkeun istilah anjar: „Insulinde”, saréng ngawitan ti taun 1884 ahli² elmu pangawéruh nganggo ngaran „Indonesia” ¹⁸⁾, nu dianggona wuwuh lami wuwuh nérékab bae, dugi ka ku kaum nasionalis Indonesia, „Nederlandsch Indie” ditetépkeun kédah disébat „Indonesia”.

Dina munggaran abad ka-19 „Nederlandsch Indie” atanapi „Soenda-Archipel” teh dibagi dua, kadjabí ti „Molukken” (Pulo² Maluku) :

1. „Grote Soenda-eilanden” (Pulau² Sunda Besar) nu ngawéngku 4 pulo : Djawa, Sumatra, Borneo (Kalimantan), saréng Celebes (Sulawesi), nanging aja oge nu njébat 6 pulo, nja eta ngurung Bangka saréng Balitung.
2. „Kleine Soenda-eilanden” (Kepulauan Sunda Ketjil) nu ngawéngku puto² ti P. Bali dugi ka, P. Timur ngurung P. Alor, sédéng P. Wetar kalébét kana Pamarentahan Ambon, nja eta nu disébat : „de Zuidwester-eilanden”.

Ti djaman pëndjadahan Walanda tug dugi ka kiwari Indonesia tétep dibagi sapertos nu kasébat di luhur.

C. TINGKÉSANANA

1. Kétjap „Sunda” parantos dianggo dina kitab „Mahabharata” (memeh lahir Nabi Isa).
2. Ngaran „Pulo² Sunda” parantos dianggo ku Ptolemaeus dina ± taun 150 saréng ku urang Portugis ti taun 1550.
3. „Tanah Sunda” atanapi „Karadjaañ Sunda” parantos aja ti djaman Maharadja „Cri Djajabhupati” taun 1030 dugi ka runtagna dajeuh Pakuan Padjadjaran dina taun 1579 (waktos ditaradjang ku Panémbahan Jusup, Sultan Bantén). Lé-gana kirang-langkung sami saréng Propinsi Djawa Kulon ajeuna.
4. „Bangsa saréng Basa Sunda” kalébét golongan Austronesia, ku margi eta ngawitan ajana „Bangsa” saréng „Basa” Sunda tiasa djadi ti djaman njébarna karuhun bangsa Austronesia ti Hindia Tukang palih Kaler, iwal ti bangsa Negrito saréng Weddoid, nja eta dina përtengahan djaman „neolithicum” (kabudajan batu anjar) saréng „bronstijdpérk” (kabudajan

¹⁸⁾ Nu ngawitan mere ngaran „Indonesia” teh *Windsor Earl* saréng *Logan* (urang Inggris) dina taun 1850, iadéjeng ti t. 1884 diumumkeun ku *A. Bastian* (urang Djerman). Tingali : Winkler Prins *Algemeene Encyclopaedie*. 5e druk. door Prof. Dr. J. de Vries 9e deel Amsterdam 1935 katja 651.

parunggu), kintēn² 2000 taun memeh lahir Nabi Isa. Djadi, kirang-langkung meh 4000 taun kapungkur. ¹⁹⁾

5. „Hartosna” kētjap „Sunda” : *tjai* (numutkeun basa Kawi) margi :

- a). Tanah Sunda teh gēmah-ripah lohdjinawi, tjur-tjor rea walunganana, dugi ka ngaran tēmpat rea nu nganggo Tji.
- b). Ngalap ti bangawan „*Sindhu*”. Tina kētjap „*Sindhu*” djadi „Hindu”, „Indus”, „India”, nja eta huluwotan kabudajan Indonesia umumna sarēng kabudajan Sunda susna. Sēdēng „basa Kawi” nja eta nu meuntaskeun „basa Sangsēkērta” kana „basa Indonesia” sarēng „sukubangsana : Malaju, Djawa, Sunda s.s.t.e.”

¹⁹⁾ „De herkomst van de Indonesische talen” (Asal-muasalna basa² Indonesia), tingali kārangan Dr. F H. van Naerssen : De oudste cultuurstromen, dina buku Dr C. W. Wormser : Wat Indië ontving en schonk. Amsterdam 1946. katja 41

II. ASALNA MANUŠA

A. BUBUKA

Bangsa Sunda teh parantos tetela salah sawios sukubangsa Indonesia, nu djadi babit-buit wěwěngkon Djawa Kulon. Eta margina, nu mawi Djawa Kulon teh sok katélah Tanah Sunda atanapi Pasundan.

Kiware tjetjat djiwana moal kirang ti 15 juta.

Ti antawis sukubangsa² Indonesia nu sanesna, tjetjat-djiwa sukubangsa Sunda nu sakitu teh kawilang rea katjida, nja eta nomér 2 ti bangsa Djawa.

Teu benten ti sukubangsa² Indonesia nu sanesna, sapertos bangsa Atjeh, Minangkabow, Djawa, Bali s.s.t. bangsa Sunda oge ngagaduhan „hak sadjarah” (historisch recht).

Bumi muntir, djaman robah, kabudajan Sunda oge ngiring robah, unggah daradjatna, tawisna ngindung ka waktu ngabapa ka djaman. Tina tjarita pantun nu ngawudjud tradisi saréng „statis” (tégésna teu robah ku ombak pančka pangaruh Barat), kiware kabinangkitan Sunda teh parantos tiasa ngiring unggah kana panggung „modern”. Kapan parantos taja nu bireuk deui kana pilém (bioskop) atanapi sandiwara tjarios² pantun, sapertos Tjiung Wanara, Lutung Kasarung saréng sapapadana. Saréng teu kirang² populerna.

Nja kitu deui kabinangkitan nu sanesna, upamina angklung „modern”, nu sëring kadangu dina radio atanapi dina „malém kasénian”; upadi eta mah ibing para modjang nu rumadja-putri keneh, kapan pohara dipikarésépna.

Eta oge, kabudajan Sunda nu „kakantun” keneh, upamina nu hirup dina kabujutan, nu ngantjik dina kapamalian, hënteu awon sadajana, tjontona : adat urang Baduj, „teu wasa ngabuk-bak kakajon nu aja dina sirah-tjai”, upami dilénjépan, teu kintén saena.

Buktina kieu : Numutkeun paméndak para sardjana alam saréng ahli elmu „kahutanan” (bosbouwkundige ingenieurs), upami tanah pagunungan garundul, eta matak awon akibatna, kajanning : 1. kirang hudjan, 2. tjinjusu saraat ; 3. upami hudjan, matak ngadjadikeun tjaah rongkah (margi taja akar²an saréng sapapadana nu narahan saréng njareuseup tjihudjan) ; 4. taneuh dina lamping² gunung sok arurug (erosie), s.s.t. Ku margi eta „kapamalian” nu kasébat tadi teh teu kenging dianggap awon, sanadjan urang Baduj, ku awahing „satia” kana adat nu „statis”

tea, kakantun tēbih pisan dina bagbagan elmu pangawēruh ku urang Barat.

Ajeuna urang tingali tina djihat basana.

Basa-indung urang Sunda, tēgésna basa nu dianggo ku urang Sunda ti aalit nja eta basa Sunda. Gumēlar sarēng tumuwuhna eta basa dina lingkungan hirup-kumbuh bangsa Sunda parantos aja ratusan taunna.

Numutkeun para ahli basa, basa Sunda sarēng basa² suku-bangsa Indonesia nu sanesna teh sarundajan, margi boh unina kētjap², boh patokan elmu basana, ngagaduhan tjiri², jen patjakéti, tjontona : *beusi* — *bēsi* — *wēsi* s.s.t.

Ku margi eta, tangtos urang panasaran, hojong uninga :

1. Ti mana asal-muasalna bangsa Sunda ?

2. Ti iraha sarēng kumaha gēlarna basa Sunda ?

Kanggo ngawalér ieu dua masalah teh pohara banggana, margi kanggo njuktjruk galur karuhun, mapaj raratan bangsa teh urang kēdah ngungkaban sadjarah kabudajan Indonesia, nu aja rambat-kamalena sarēng sababaraha elmu-pangawēruh, sapertos : *palaeontologi* (elmu fossil, nja eta, sesa² mahluk baheula nu parantos djadi batu), nu aja patalina sarēng *geologi* (elmu lapisan bumi), *præhistori* (djaman memeh sadjarah), *anthropologi* (elmu asal-usul manusa) sarēng *linguistiek* (elmu tjuktjrukan basa) nu *diachronistisch* (nu patali sarēng sadjarah).

Ieu karangan teh djauh tanah ka langit, upami kēdah djadi dasar elmu-pangawēruh mah. Ieu mah kitu bae minangka pamuka lawang, kanggo ngaguar tutungkusan karuhun urang, tēras-keuneun seuweu-putu ki Sunda ēngke di ahir.

Mugi² ieu sumbangsih tiasa dianggo bahan ku urang Sunda anu motekar, pikeun njuktjruk sadjarah kabudajan Sunda, pusaka warisan karuhun urang sadaja.

Upami urang parantos kēnal kana kabudajaan urang songan, tanwande bakal tiasa ngadjenan kabudajaan daerah sanes hususna, sarēng ngadjungdjung daradjat kabudajaan Indonesia umumna.

B. PALAEONTOLOGI SARĒNG GEOLOGI ²⁰⁾

Palacontologi asalna tina basa Junani, nu hartosna : elmu „sugri nu kumēlip baheula”. Ari dianggona eta elmu-pangawēruh teh nja eta (pikeun) njuktjruk pasesaan tutuwuhan sarēng sasatoan alam behditueun baheula. nu parantos djadi fossil (batu),

²⁰ Winkler Prins Algemeene Encyclopaedie. 5e geheel nieuwe druk, onder hoofredactie van Prof. Dr. J. de Vries Amsterdam 1935. 1937. katja 124 129. 812

saréng ajana tétěp maneu di djéro rupa² wudjud wawatuan (afzettingsgesteenteen) dina lapisan bumi. Ku margi eta kapungkur mah kawéruh bab fossil teh disébatna *petrefaktologi* (kawéruh bab nu geus djadi batu), sédéng maksadna palaeontologi mah nja eta elmu-pangawéruh nu dadasaarna langkung djémbar. Kalawan didjédjérén ku pangawéruh fossil katut hal wawatuan (gesteenteen) nu ngandung fossil tea, palaeontologi teh maksadna kanggo njuktjuruk tina hal tjara hirupna, kaajaan hirupna saréng sadjarah mékarna (tumuwuhna) sugri wuwudjudan (*organismen*) nu parantos tumpur.

Ari geologi nja eta elmu-pangawéruh pikeun ngulik lapisan bumi (elmu bab lapisan bumi). Djabi ti eta aja deui nu disébat *geologi umum*. Ka dinja mah sugri nu aja rambat-kamalena saréng palaeontologi oge kalébét. Dina geologi, ku pitulung fossil wungkul, parantos tiasa di-pasing² babagian sadjamanna², nu nuduhkeun, mana *sediment* (wudjud² wawatuan) nu heubeul, mana nu anjar, nanging teu atjan tiasa disébatkeun umurna (ouderdom). Némbe dina waktos nu ahir² ieu tiasa ditétěpkeun djaman²na nu mutlak geologis (geologisch absolute tijden) ku pitulung anasir² radioaktif. Upami dina ngawitan *geologi historis* (geologi nu patali saréng sadjarah) teh djadi elmu-pangawéruh nu ngantet saréng mékarna sugri nu kumélip katut entep-seureuhna *sediment*² (*stratigrafi*), djaman kiwari eta teh ngawéngku mékarna sakuliah lapisan bumi (katut bab gunung api, timbulna pagunungan saréng misah²na daratan saréng tjai) dina sadjamanna² numutkeun geologi.

Ajeuna kumaha nétěpkeunana *djaman geologi*? Di luhur parantos disébatkeun, jen lapisan bumi teh didjadikeun ku rupi² wudjud wawatuan (gesteenteen), nu ditétěpkeun dina sababaraha golongan, numutkeun rupi² katérangan. Ku kituna kenging dianggap, jen lahirna wudjud wawatuan ti salah sawios *golongan nu sami* teh nja eta dina *djaman nu sami*. Dugi ka waktos nu tatjan lami para sardjana geologi parantos ngaraos sugéma ku djalan nétěpkeun umurna masing² wudjud wawatuan, njaeta nétěpkeun dina runtajan mana lahirna eta wudjud wawatuan tea. Dipi ajeuna kantun ngulik babandingan umurna bae. Patali saréng wuwuh lami wuwuh seueur bae bahan² bukti (feitenmateriaal), djalanna pikeun nétěpkeun umurna nu mutlak (absolute ouderdom) oge wuwuh gampil.

1. BABAGIAN DJAMAN GEOLOGI ²¹⁾

Djaman geologi urang bagi numutkeun sadjamanna², ti nu panganjarna dugi ka nu pangheubeulna.

²¹⁾ Dina nétěpkeun taunna babagian djaman geologi teh paméndak para sardjana hantéu sami.

Quaternair (Kaenozoicum) :

Ngawitan ti :

a. Quartaai r

1. Holocene (Alluvium)²²⁾

Djaman parunggu	4 rebu taun.
" Neolithicum	5 " "
" Mesolithicum	10 " "

2. Pleistoceen (Diluvium)²³⁾

Djaman palaeolithicum :

Diluvium anjar	120 rebu taun.
" madya (pĕrtengahan)	240 " "
" kuna (heubeul)	600 " "

b. Tertiair²⁴⁾

Plioceen	12 juta taun.
Mioceen	26 " "
Oligocean	38 " "
Eocean	58 " "
Palaeocean ²⁵⁾	70 " "

Secundair (Mesozoicum)

Krijt (Kapur)	127 " "
Jura	152 " "
Trias	182 " "

Primair (Palaeozoicum) :

Perm	203 " "
Carboon	255 " "
Devoon	313 " "
Siluur	350 " "
Ordovicium	430 " "
Cambrium	510 " "
Praecambrium, langkung ti	1.750 " "

Azoicum (Djaman tatjan aja nu kumelip)

Umurna bumi	3.350 juta taun.
-------------------	------------------

²²⁾ Taunna numutkeun daptar (tabel) nu kasébat dina buku karangan Rudolf Grahmann : Urgeschichte der Menschheit. Einführung in die Abstammungs- und Kulturgeschichte des Menschen. Stuttgart 1952.

²³⁾ Taunna dina djaman Tertiair, Secundair sareng Primair, iwal ti Palaeocean, kenging njutat tina babagan djaman geologi numutkeun Holmes 1947 dina Encyclopedie (Eerste Nederlandse Systematisch Ingerichte Encyclopaedie). Ve deel, dina bab „Geologie“.

²⁴⁾ Rudolf Grahmann : Urgeschichte der Menschheit. Einführung in die Abstammungs- und Kulturgeschichte des Menschen. Stuttgart 1952.

2. SUGRI NU KUMELIP DINA DJAMAN GEOLOGI²⁵⁾

Djaman Palaeozoicum.

Djaman baheula nu ilahar disébat djaman *Palaeozoicum*, nja eta djaman sugri nu kumēlip baheula, nu ngawēngku lima „wangunan“ (formasi) djaman, nu tutuwuhanana sarēng sasatoanana pohara bentēnna sarēng djaman kiwari. Dina formasi *Cambrium* ngawitan aja nu kumēlip teh di djéro laut, sapertos bangsa djukut laut sarēng rupi² bangsa sasatoan, iwal ti sato nu tulang-tonggongan (gewervelde dieren). Dina formasi *Siluur* nembé aja sato nu tulang-tonggongan, babakuna lauk nu kulitna teuas (pantservissen). Di sisi laut sarēng di darat ngawitan aja tutuwahan sarēng sasatoan. Disambung ku formasi *Devoon*, waktu ngarékahana tutuwahan sapertos bangsa eurih, tangkal paku s.s.t. (schaafgrassen, varens), saterasna aja lauk tulang-ngora (kraakbeenvissen), amphibia (sato nu hirup di darat sarēng di tjai). nja kitu deui sasatoan nu ngambékan ku bajah. Ditema ku formasi *Carboon*. Waktu eta radjérg rupi² tatangkalan nu laluhur sarēng rémbét ku leuweung² rawa, nu kiwari djadi batu aréng ba-lapis², nja kitu deui sasatoanana, tina amphibia, djaradi reptilia (sato ngarajap). Ahirna formasi *Perm* (panungtungan djaman *Palaeozoicum*), nja cta djainan lapisan bumi nu ngandung ujah sarēng potas. Harita ngawitan djaradi bangsa tangkal tjamara (coniferen), sarēng sasatoan, tina reptilia djadi bangsa *theriodont* (sato huntuau), di antawisna karuhun sato nu njusuan.

Djaman Mesozoicum.

Dina djaman përtengahan (Mesozoicum) bangsa tangkal paku tumuwuhna parantos dugi kana wudjud nu pang-géde²na, pang-luhur²na, ditambah deui ku bangsa tangkal sagu (kiraj). Dupi sasatoan, minangka nu ngawasa teh bangsa *saurus* (bangsa bajawak raksasa). Dina formasi *Trias*, saparantosna formasi *Perm*, ngawitan aja bangsa bangkong, kuja, buhaja sarēng sato nu njusuan. Dongkap ajeuna formasi *Jura* nja eta djaman ngarékahana rupi² sasatoan sarēng ngawitan gélarna bangsa manuk. Ti dinja formasi *Krijt* (*Kapur*), djaman djaradina tatangkalan nu daunan, bangsa palém s.s.t., sarēng ngawitan gélarna bangsa kanguru (sato nu kantongan); sawangsulna bangsa *saurus* tumpur.

²⁵⁾ Rudolf Grahmann : Urgeschichte der Menschheit. Einführung in die Abstammungs- und Kulturgeschichte des Menschen. Stuttgart 1952.

Djaman Tertiair.

Dina djaman *Tertiair* henteu seueur nu katjarioskeun : tutuwuhan saréng sasatoan rarobahna meh sami saréng djaman kiwari, tatangkalan daunan, haredjo. Dina formasi *Paleoceen*, sato nu njusuan wuwuh sampurna saréng dina formasi *Oligocene* aja bangsa monjet siga djalma (mensapen), ahirna dina formasi *Plioceen* lahir bangsa *Hominiden*, nja eta bangsa saténgah djalma, nu djadi karuhun manusia.

Djaman Quartair.

Dina djaman *Quartair*, sasatoan wuwuh lami wuwuh sampurna, dugi ka aja bangsa mamouth (gadjah raksasa buluan) ; nja kitu deui bangsa hominiden měkarna, wuwuh lami wuwuh sampurna boh dina wanganan warugana, boh dina „pěradabanana”.

C. MANUSA NU MIMITI

Di pirang² tempat saréng meh di unggal bangsa aja sadjarah nu njarioskeun „manusa sadjodo” nu pangimitina, nu nurunkeun manusa kiwari. Ieu teh gumantung kana kapertjajaan masing-masing, aja nu numutkeun agamana aja oge nu pertjaja kana dongeng (mythe). Nja kitu deui para sardjana, para ahli elmu-pangaweruh kiwari, pada kagungan pamadégan numutkeun rupi-rupi teori, nu didadasaran ku elmu-pangaweruh nu exact (taliti), nu kenging dibuktikeun saréng kenging dipertjantén. Upamina bac, aja nu numutkeun teori *Darwin* saréng aja nu njepéng teori *Haeckel*. Saréng aja oge nu didadasaran ku elmu kabatinan, upamina theosofie, sapertos teori *Blavatsky*.

I. MANUSA NU MIMITI NUMUTKEUN PALAEO-ANTHROPOLOGI SAHENG TEMPAT ASALNA.

Bieu parantos disebatkeun, jen para ahli elmu-pangaweruh kiwari masing² pada kagungan pamadégan, numutkeun rupi² teori, nu didadasaran ku elmu-pangaweruh exact. Tah di antawis elmu-pangaweruh exact tea aja nu disebat *palaeo-anthropologi*, nja eta elmu-pangaweruh tina hal golongan² manusa nu parantos tumpur. Damélna pikeun njuktjuruk : asal-muasalna manusa (teori evolusi), kumaha měkarna dugi ka djadi manusa (anthropogenese), kabudajana nu mimiti, tandana djadi manusa (præhistori), saréng pikeun ngulik kabangsaanana (fossiele rassen) s.s.t.

Numutkeun teori Haeckel²⁶⁾ manusia teh turunan monjet. Tiasana djadi manusia teh ku djalan mēkarna anggahota (geleidelijke ontwikkeling der organen). Ari papajanana kieu : Saku-maha nu parantos ditērangkeun di luhur, jen dina djaman geologi aja fossil, nu nuduhkeun atanapi ngabuktikeun ajana robah-robahna mahluk, nerekel mantjat kana sampurna, nu asalna tina *sato hidji sel* (*eencellige dieren*), mapaj djadi Vermes (tjatjing), Acrania (?). Pisces (lauk), Amphibia, Reptilia dugi ka Aves (manuk) s.s.t. Ieu teori teh seueur nu ngabantah.

Numutkeun teori Darwin²⁷⁾ oge, nu sok disébat teori evolusi, manusia teh asalna tina monjet, nanging ku djalan „nurunkeun” (geslachtelijke voortplanting).

Boh kana teori Darwin, boh kana teori Haeckel seueur para sardjana Barat nu teu mupakat. Sumawontēn ahli kabatinan (occultist) mah, sapertos Njonja H. P. Blavatsky, ibu pagujuban Theosofie.²⁸⁾

Saur andjeunna kieu :

„Para panganut teori evolusi nu djudjur bakal ngamupakatan kana pamadégan ieu, jen pasesaan²⁹⁾ djaman geologi teh hēnteu tjékap, saréng runtujan fossil³⁰⁾ nu kapéndak teh scueur kakiranganana, nu moal tiasa ditambihan deui. Kumargi eta ti antawis para panganut tea, moal aja nu tiasa nētēpkéun, jen manusia teh turunan sabangsa monjet nu ajeuna aja kench atanapi nu parantos tumpur. Tiasa djadi manusia saréng monjet teh jutaan taun kapungkur mah sakaruhun.³¹⁾”

Di mana matuhna manusia nu mimiti teh ? Numutkeun sapalih panganut teori Darwin (Darwinisten) tjénah di Afrika Kulon, tjek sapalih deui di Asia Kidul, aja deui nu gaduh kapertjanténan, jen tēmpat asalna manusia, turunan monjet teh di Asia saréng Amerika (numutkeun paméndak Vogt).

Dipi numutkeun teori Haeckel : Manusia turunan monjet teh tiasa djadi tēmpat asalna di Asia Kidul. nja eta tēmpat nu tetela seueur buktina, jen di dinja tēmpat asal rupi³²⁾ bangsa. Nanging teu mustahil ari lēmah-tjai bangsa manusia (menselijk ras), nu pangheubeulna mah Lemuria, tanah daratan, sakiduleun Asia nu ajeuna kakélcém ku Samudra India.³³⁾

²⁶⁾ Prof. Ernst Haeckel (1833 — 1919), bangsa Djerman, ahli elmu-pangawérüh saréng ahli filosaf, Professor Zoologi (Elmu hewan) di Universitas Jena, panganut teori Evolusi. Ku karangananu djadi kamashur sakuliah Eropa.

²⁷⁾ Charles Robert Darwin (1809 — 1882), bangsa Inggris, ahli elmu pangawérüh nu kamashur, bapa teori Evolusi. Di antawis karangananu aja buku nu disébut „Descent of Man“ (Asal-muasalna Manusia).

²⁸⁾ Tingali karangan H. P. Blavatsky : Geheime Leer. De Synthese van Wetenschap. Godsdiens en Wijsbegeerte. Deel II : Anthropogenesis, Band IV. Bussum 1934.

²⁹⁾ Idem, katja 919.

³⁰⁾ Idem, katja 927 — 928.

2. MANUSA NU MIMITI NUMUTKEUN AGAMA.

Numutkeun kitab² agama Islam, Kristēn sarēng Jahudi, Gusti Nu Maha Kawasa ngadamēl *Adam sarēng Hawa*, „manusa sadjodo” nu pangmimitina, pikeun nurunkeun manusa. Nu didamēl pangpajunna nja eta Adam, tēras Hawa (tina iga Adam).

Dina *Kuran*, Surat Al-Baqarah, ajat 30—31, kaungēl kieu : „Enggal Gusti maneh sasauran ka para malaikat : Satēmenna Kaula rek njieun chalifah (wawakil) di dunja Ladjēng *Adam* diadjar sadaja ngaran² sugri nu kumēlip.”

Dina *Indjil*, Wasiat Heubeul, Genesis, Pasal 2, ajat 7 sarēng 19, kaungēl, jen Gusti Allah ngadamēl hidji manusa tina taneuh *Adam* diadjar sina njēbatan ngaran² sugri nu hirup. Sarēng dina ajat 22 kaungēl, jen Gusti Allah ngadamēl hidji awewe tina iga Adam nu ditjabut.

Dina *Toret* nu asli ku basa Ibrani, Genesis Pasal I sarēng II kaungēl jen *Elohim* (Allah) ngadamēl *ha-adam* (hidji manusia), nu dēdēg pangadēgna sami sarēng *Elohim*. Ti dinja ngadamēl *isha*, (djalma awewe), nja gumēlar djēlēma sadjodo nu disēbat „*Zachar u-nekkibah*” (lalaki djeung awewe)³¹)

Kumaha numutkeun agama nu sanes, naha sami kitu ? Di luhur parantos disēbatkeun, jen meh di unggal² bangsa aja tjarios „*manusa sadjodo*” nu pangmimitina. Ieu teh gumantung kana kapērtjajaan masing².

Upamina, dina agama *Shinto* di *Djēpang* aja tjarios, jen *Izanagi* sarēng *Izanami* nudju ngaradēg dina Bale Kambang di langit bari ningali kana djungkrang. Maksadna ngilari daratan di handap, ladjēng lalungsur ka hidji pulo nu harita ngadak² aja, nu diwastaan *Onogorojima* (hartosna : Pulo ngadak² kimpēl). Ieu dewa sarēng dewi teh ngērsakeun rendengan, sanadjan aran-djeunna teh saderek. Putrana tilu, nu kahidji djēnēnganana *Ama-terasu* (hartosna : strangenge), nja eta nu nurunkeun rađja² *Djē-pang* ; nu kadua *Tsukiyumi* (hartosna : bulan), sarēng nu katilu *Susano-o*, murangkalih bangor³²)

Aja deui tjarios numutkeun agama *Zarathustra* (*Zoroastér*), nja eta agama bangsa *Persi* (*Iran*) kuna, jen manusa teh turunan „*manusa sadjodo*” nu djēnēngan : *Mashya* sarēng *Mashyaneh*. Duanana bidjil tina tangkal *reives*. Di djēro ieu tangkal teh parantos aja tjiri-wantji pidjalmaeun, nanging duanana sakarupa keneh lir terong dibeulah dua tur rapēt djadi hidji, sarēng tatjan tiasa dibentēnkeun, mana nu awewe, mana nu lalaki. Sarēngna deui tatjan dinjawaan ku napas *Dewa Ahura*. Saparantos duanana

²¹) J. van Dijk : De Wereld als Gods Lichkleed, Zutphen 1933, katja 233 noot 1).

²²) Idem, katja 158.

kaluar tina tangkal tea kalawan wudjud manusa saréng ngagaduhan sipayatna masing²³⁾, némbe duanana dibajuan ti kahiangan.²³⁾

Dina agama *Hindu* katjatur, jen Pangeran nu pangkawasana teh *Brahma*. Dina kitab *Brahmanda-Purana*,²⁴⁾ nalika *Brahma* ngawitan ngadamél sugri nu kumélip, diantawisna kaungél kieu : „Ti dinja Pangeran bade ngadamél para dewa, asura, pitara saréng manusa. Téras *Brahma* ngadjalankeun deui *yoga* (sémedi) kanggo ngadamél turunan. Nja lahir para dewa, asura, pitara saréng *manusa*

Kilat, gëlap, mega, katumbiri nu kasumba, pupudjian Weda, mantra sasadjen. Sadajana bidjilna tina salira *Brahma*. Nja kitu deui tutuwuhan saréng sasatoan, para yaksa, piçaca, naga, gandharwa saréng apsara, kinara saréng raksasa, manuk, ingon². (tjindékna mah) nu keuna ku ruksak saréng nu teu keuna ku ruksak. Eta oge sadajana bidjilna ti *Brahma*. Dina kitab eta keneh kaungél lahirna dua murangkalih, pamégét saréng istri, nu djénengan *Adharma* saréng *Ahimsa*. Ti dinja enggal *Brahma* ngadjalankeun deui *yoga* kanggo ngadamél turunan. Salirana misah djadi dua; nu sabeulah djadi pamégét nu didjénengan *Swayambhuwa Manu*. Nu kiwa (sabeulah deui) djadi istri nu djénengan *Çatarupa* Saréng satérasna disébatkeun, jen *Swayambhuwa Manu* saréng *Çatarupa*, kitu deui *Adharma* saréng *Ahimsa* narikah. Arandjeunna pada kagungan putra, nu nurunkeun para radja nu ngéreh *Bharatawarsa* (India Tengah).

3. MANUSA NU MIMITI NUMUTKEUN DONGENG (MYTHE).

Nja kitu deui dina dongeng (mythe) urang Eropa djaman baheula, upamina dongeng bangsa *Norwegia*, katjatur jen *Askr* saréng *Embla* manusa sadjodo (lalaki djeung awewe). Ngawitan mah duanana ge mahluk nu teu gaduh akal, éngkena salin rupa saréng dipasihan budi ku tilu dewa : *Odinn*, *Höñir* saréng *Lodr*. Ku *Odinn* dipasihan njawa, ku *Höñir* ingétan (akal), saréng ku *Lodr* gétih.²⁵⁾.

Di Indonesia oge bangsa² nu masih primitif, babakuna nu tatjan gaduh agama, njembahna ka kaju ka batu atanapi ka dëdémít, pada ngagaduhan kapertjajaan, jen djaman beh ditueun baheula aja manusa sadjodo nu nurunkeun maranehanana. Seueur dongeng² nu ditjatét ku para sardjana Eropa, nja eta para ahli ethnologi, saréng di antawisna aja oge nu dilebétkeun kana „Tijdschrift voor Indische Taal-, Land- en Volkenkunde”, nja

²³⁾ J. van Dijk : De Wereld als Gods Lichtkleed. Zutphen 1933, katja 238.

²⁴⁾ Dr. J. Gonda : Het Ond-Javaansche Brahmanda-Purana. — Bibliotheca Javanica, Kon. Bat. Gen. v. K. & W. No. 6 Bandoeng 1933, katja 11 sst.

²⁵⁾ J. van Dijk : De Wereld als Gods Lichtkleed. Zutphen 1933, katja 238.

eta pustakamangsa nu dikaluarkeun ku Lembaga Kabudajan Indonesia „Bataviaasch Genootschap” di Djakarta.

Tjindékna, boh tina agama, boh tina dongeng, tjarios „manusa sadjodo” nu pangmimitina teh teu aja nu sami, saréng sésah didamél kapertjajaan nu pasti, margi sésah ngabuktikeunana.

III. BANGSA SUNDA DINA DJAMAN PRAEHISTORI ³⁶⁾

Katérgangan² nu mangrupi sératan, boh dina batu² patilasan baheula, boh dina lambaran kuningan atanapi daun lontar, tiasa didjadikeun bahan² bukti pikeun *sadjarah* (histori).

Ku margi eta bangsa nu teu ngagaduhan bahan² bukti nu disérat mah dilébétkeunana kana golongan, nu hirup dina djaman *prachistori* (djaman memeh sadjarah), tégésna djaman nu teu atjan kaasup kana sadjarah.

Bangsa² nu „primitif” (nu kabudajanana basadjan atanapi handap keneh) dina djaman kiwari, upamina bangsa Irian, kaluarna tina tahapan prachistori teh saparantosna kaasupan kabudajan Barat.

Sekeseler (sukubangsa) Indonesia, nu baheulaná parantos kapangaruan ku salah sawios kabudajan, boh kabudajan Hindu, boh kabudajan Islam, eta sadajana kaasup kana bangsa nu *historis* (nu patali saréng sadjarah), sawangsulna golongan bangsa² Indonesia nu sanesna nu teu kapangaruan ku kabudajan Hindu saréng kabudajan Islam mah diséhatna teh bangsa² nu *ten historis*.

Ku kituna *bangsa Sunda* teh kaasup kana *bangsa nu historis*, margi djaman baheula di Djawa Kulon, dina munggaran abad ka-5 Masehi, nu kasaksen ku ajana batu-tulis di walungan Tjiaruteun (Bogor), parantos ngadéng karadjaan Hindu, nja eta Radja Purnawarman, nu ngéreh Tarumanagara.

Ku margi memeh abad ka-5 teu aja pisan bahan² bukti nu *historis*, nja dina djaman eta mah bangsa Sunda teh aja dina *djaman praehistoric*.

Dina djaman eta golongan bangsa² Indonesia umumna pada ngagaduhan *kabudajan nu sami*.

Numutkeun *sipatna batu* nu didamél paparabotan tea, *kabudajan praehistoric* teh tiasa dibagi djadi 4 djaman, kajaning :

1. Djaman *Palaeolithicum* (Djaman Batu Kuna), ti 600 dugi ka 120 rebu taun nu kalangkung (dietetang ti waktos ajeuna). ³⁷⁾

2. Djaman *Mesolithicum* (Djaman Batu Madya), ti 10 rebu taun n.k.l.

³⁶⁾ Tingali Dr. F. H. Van Nacssen : De oudste cultuurstromen, dina buku karangan Dr. G. C. Wormser : Wat Indie ontving en schonk, Amsterdão 1946, katja 7—49.

Nja kitu deui karangan R. Heine-Geldern : Prehistoric Research in Netherlands Indies, dina „Science and Scientists in the Netherlands Indies, 1945, katja 129—167.

³⁷⁾ Tingali Babagian djaman geologi.

3. Djaman *Neolithicum* (Djaman Batu Anjar), ti 5 rebu taun n.k.l.
4. Djaman *Bronstijdperk* (Djaman Parunggu), ti 4 rebu taun n.k.l.

A. NU NJITJINGAN PULO DJAWA DINA DJAMAN PALAEOLITHICUM

Pikeun měkarna kabudajan umumna, *batu* teh moal lěpat deui djadi bahan nu pangpěntingna. Nu mawi ngagunakeun batu, wireh batu teh bahan nu pangteuasna pikeun didjadikeun parabot, paranti ngarobah sipatna barang² nu tareuas, sapertos kai saréng sapapadana. Dina milihna batu² teh pohara gémětna. Tjontona : „*kampak keupeul*” (vuistbijlen, nya eta kampak anu dikeupeul) dina djaman Batu Kuna didamělna tina gamping (verkiezelde kalk). Sanadjan aja oge *parabot² kuna* (artefacten), nu didamělna tina tulang nu parantos mangrupi fossil (jadi batu), nanging djaman kabudajan manusa nu pangheubeulna teh ilaharna sok disébat „djaman batu”.

Numutkeun Dr. F. H. van Naerssen, rebahna djaman, nya eta ti djaman Batu Kuna, nu umurna kira² 600.000 taun, ka djaman Batu Anjar — ti Palaeolithicum ka Neolithicum — ngantaraneun madjēngna kabudajan, nu teu kawon pěntingna upami dibandingkeun saréng abad pěrtengahan (di Eropa) saréng saprantos kapěndakna měsin saah (stoommachine).

Bentěnna nu pangtetelana antawis paparabotan tina batu djaman Palaeolithicum saréng djaman Neolithicum nya eta ari paparabotan kuna (artefacten) djaman Palaeolithicum mah hěnteu digosok, sédeng dina djaman Neolithicum djéléma teh parantos palintér ngagosok batu sina leutjir (lesang).

Numutkeun para ahli praehistori parabot kuna djaman Neolithicum teh, upamina patjul, kampak, geulang saréng sapapadana pohara saena dina ngagosokna, nu nuduhkeun jen manusa djaman harita parantos luhur kabinangkitanana.

Pindahna ti djaman Batu Kuna ka djaman Batu Anjar teh tangtos bae hěnteu ngadadak.

Antara dua djaman ieu ku para ahli praehistori sok disébat djaman Batu Madya (Mesolithicum)³⁹. Paparabotan djaman harita (overgangstijdperk) teu atjan sampurna, böh bangunna böh gosokanana.

³⁹⁾ *Palaeolithicum* asalna tina basa Junani : *palaio* = kuna, heubeul : *lithos* = batu. *Mesolithicum*, *mesos* = madya, tengah, pěrtengahan. *Neolithicum*, *neos* = anjar, ieu teh 3 istilah djaman praehistori, nu patali saréng kabudajan manusia. Lamina atanapi umurna sadjaman²-na teh numutkeun umurna lapisan bumi nu patali saréng djaman geologi, nya eta waktos gunungan mahluk² nu parantos tumpur saréng kiwari parantos mangrupi fossil.

Djaman batu ditema ku djaman Parunggu (Bronstijdperk). Nu mawi disébat kitu, margi paparabotan djaman harita teh di-damélna tina parunggu atanapi beusi nu kenging ngantjurkeun (mandaj, neupa). Djadi némbe dina djaman harita manusa nganggo paparabotan tina parunggu saréng beusi teh.

Pérkawis kaajaan dina djaman Batu Kuna meh teu aja nu térang, margi pasesaan³⁸ manusa djaman Batu Kuna teh mung saeutik pisan mung sapotong³⁹ (fragmentarisch).

Naha dina djaman Palaeolithicum parantos aja kabudajan agama? Patarosan ieu timbul tina pangaruh kapértjajaan urang sorangan. Lantaranana urang pérjtaja kana agama, numutkeun rupi⁴⁰ ahli elmu-pangawéruh teu aja nu sami. *Sicun pach* baréng saréng gumélna manusa teh tiasa djadi bhibitna kapértjajaan atanapi *sicun ku alam* sakuriling-bungking, nu ngalantarankeun kadjadlan nu aheng², tiasa djadi oge ku *asih* nu ngalantarankeun pérjtaja ka mahluk nu gaib². Nanging urang kédah ati², margi agama teh pérkara umum nu aja patalina saréng gérak hirup djiwa manusa, nu bidjl tina pangalaman, saréng samasakali teu gumantung kana sarupaning akal-budi (*ratio*). Saparantos bidjl kapértjajaan di manusa, nu teu aja patalina saréng akal-budi, némbe aja timbangsan (pikiran). Rasa nu sarupi kitu teh parantos aja, baréng saréng manusa nu mimiti.

Ajeuna urang ngabahas pasipatanana saréng warugana djalma-djalma nu mimiti njitjingan Pulo Djawa dina djaman Palaeolithicum.

Sakumaha nu parantos kaséhat dina babagian djaman geologi, djaman kabudajan Batu Kuna (*Palaeolithicum*) teh sadjaman saréng formasi (wangunan lapisan bumi) *Pleistoceen* atanapi *Diluvium*. Lapisan bumi *Diluvium* teh dibagi 3 djaman, nja eta: *Diluvium kuna* ti 600.000 taun ka tukang, *Diluvium madya* (pér-téngahan) ti 240.000 taun ka tukang saréng *Diluvium anjar* ti 120.000 taun ka tukang.

Numutkeun *R. Heine-Geldern*³⁸) bangsa-asli saréng kabudajan Pleistoceen di Pulo Djawa nu kapéndak ku *C. Ter Haar, Oppenoorth, R. Von Koenigswald* saréng para kantjana teh djadi pamuka lambaran anjar sadjarah pikeun njuktjruk praehistori di Indonesia. Dugi ka taun 1931 sesa² fossil manusa djaman Pleistoceen teh nja eta tangkerek saréng tulang pingping *Pithecanthropus*⁴⁰) nu kapéndak di lémbar Trinil (di sisi Bangawan Solo), saréng hidji tulang tjatjapek, nu kaasup *Pithecanthropus*

³⁸⁾ *R. Heine-Geldern* : Prehistoric Research in the Neth. Indies 1945, katja 129.

³⁹⁾ *Pithecanthropus* = djalma -monjet (djalma nu ngaharih-harih monjet). Asalna tina haze Junani. *pithekos* = monjet, *anthropos* = djalma.

keneh, nu kapéndak di deukeut pagunungan *Kéndéng*. Nja kitu deui dua tangkorek di desa *Wadjak* (sakidul-wetaneun Madiun, di sisi Kali Brantas), sanadjan numutkeun anggapan Prof. E. DUBOIS jen eta teh ti djaman Pleistoceen, tatjan tiasa ditangtoskeun kalajan pasti ti iraha ajana. Margina teu aja hidji² atjan barang kuna djaman Pleistoceen nu kapéndak.

Nanging ieu katjangtajaan teh rohah samasakali, nja eta dina taun 1931 waktos kapéndakna sawelas tangkorek djalmi saréng hidji tulang bintjurang di gawir lehak *Bangawan Solo* tjakéti *Ngandong* di Djawa Téngah. Ieu pasesaan tulang-taleng teh ajana di perténgahan djaman Pleistoceen nu sami saréng *djaman Es Perténgahan nu katilu*.⁴¹) Numutkeun *Vallois* saréng Von Koenigswald tangkorek² *Ngandong* teh kaasup kana sempalan-bangsa (variant) *Homo Neanderthalensis*⁴²), nanging Oppenoorth masihan wasta kana ieu bangsa anjat teh *Homo Soloensis*, nja eta waruga nu tetela turunan ti *Pithecanthropus*. Paméndak Oppenoorth teh diki-atan ku *Wei-denreich* nu nangtoskeun jen *Homo Soloensis* teh mintonkeun „type” (potongan) nu rada langkung primitif tibatan golongan *Neanderthal*. *Homo Soloensis* teh „type” *Pithecanthropus* nu parantos mésat nudju kana kana kasampurnaan waruga.



Tangkorek *Pithecanthropus* (kentja & tengah), *Homo Sapiens* (katuhu).

Saparantos kapéndakna *Homo Soloensis* téras ditema ku kapéndakna tangkorek budak bangsa *Pithecanthropus*. Numutkeun djaman geologi ieu fossil teh nu pangheubeulna tina pasesaan tulang-taleng manusia, nu kapéndak di Asia. Dina tahun 1938

⁴¹) Djaman Es, nja eta waktu dunja beulah kaler sabagian gede kalutup ku es, nu dina basa Inggris disebut : *Glacial period*. Djaman Es Perténgahan nu Katilu = Third Interglacial.

⁴²) *Homo* (basa Laten) = djalma. *Homo Neanderthalensis* = djalma (kuno) nu kapéndak fossil-na di sisi walungan Neanderthal (kiwari) tjakéti kota Dusseldorf di Djerman. *Homo Soloensis* = djalma (suna) nu kapéndak di sisi *Bangawan Solo* tjakéti desa Ngandong.

saréng 1939 Von Koenigswald parantos mëndak 3 tangkorek, tjatjapek luhur saréng tjatjapek handap *Pithecanthropus*, nu sami saréng pëpëndakan Dubois nu ngawitan, nja eta *Pithecanthropus* di Trinil. Ieu teh sadajana pasesaan djaman Pleistoceen. Dina taun 1941 Von Koenigswald mëndak sësëmplekan tjatjapek handak *hominid* raksasa, nu disébat *Meganthropus palaeo-javanicus*.⁴³⁾ Tina bahan² nu kapëndak WEIDENREICH nëtëpkeun tilu rupi bangsa-asli (atanapi tilu rupi tahapan djadina manusia) : *Meganthropus*, *Pithecanthropus robustus* saréng *Pithecanthropus erectus*.⁴⁴⁾ Numutkeun Weidenreich *Meganthropus* teh turunan *Gigantopithecus*⁴⁵⁾ (langkung mërénah disébat *Giganthropus*).⁴⁶⁾

Di luhur parantos katjatur jen di desa Wadjak aja tangkorek nu kapëndak nu teu atjan tiasa dipastikeun djamanna : ku para ahli præhistori disébatna *Homo Wadjakensis*.⁴⁷⁾

Nanging dina waktos nu ahir² ieu saparantos di Keilor (Australia) kapëndak hidji tangkorek nu sami saréng tangkorek *Homo Wadjakensis* djamanna teh rada tetela oge. Ieu *Homo Wadjakensis* teh tiasa djadi ajana dina katompernakeun djaman Pleistoceen. Hirupna *Homo Wadjakensis* tiasa djadi térus dugi ka djaman Holocene.

Sadjabina ti tulang-taleng fossil *Homo Soloensis* teh aja deui nu kapëndak ku para ahli præhistori, nja eta *parabol² kuna* (artefacten) nu ajana dina lapisan bumi Pleistoceen, kajaning : sabangsa palu, patjul, pakarang nu sareukeut, peso raut, saréng sapapadana. Eta barang² teh didamélna tina batu saréng aja oge tina tanduk untjal djaman Pleistoceen. Eta parabol teh nu mawi disébat „sabangsa”, margi meh sami saréng parabol djaman kiwari. Sapertos *sabangsa palu* tangtos gunana kanggo mekprek barang nu teuas²; *sabangsa patjul* gunana kanggo ngali beubeutian nu taneuhna teuas, margi djaman harita mah tatjan aja tatanen, djadi hirupna estu sakapanggihna bae tina tutuwuhan nu djaradi sorangan, diala buahna atanapi dikali beutina, saréng sadjabi ti eta. Upami maranehna (bangsa djalma kuna tea) përlu ngajakeun seuneu kanggo siduru saréng kanggo ngasakan beubeutian nu teu tiasa didahar atahna, nja eta ku miruha (nga-

⁴³⁾ *Hominid* = bangsa nu ngaharib-harib djalma. *Meganthropus* (b. Junani) *megas* = gede, *anthropos* = djalma. *Meganthropus palaeo-javanicus* = Bangsa Djawa kuna raksasa.

⁴⁴⁾ *Robustus* (b. Laten) = séséng, kuat. *Erectus* (b. Laten) = adjéng.

⁴⁵⁾ *Gigantis* (b. Laten) = raksasa. *Gigantopithecus* (b. Laten) = monjet raksasa.

⁴⁶⁾ *Gigantopithecus* (b. Laten) = djalma raksasa (djalma djangkung gedé).

⁴⁷⁾ *Homo Wadjakensis* = djalma nu fossil-na kapëndak ijaket desa Wadjak sakidul-wetaneun Madiun, di sisih Kali Brantas.

gosokkeun dua kai atanapi awi) atanapi dua batu diadukeun (sanes sapertos gandawesi atanapi paneker djaman kiwari).


Tah kitu kaajaan *djalma*² di djaman Palaeolithicum.

B. BANGSA SUNDA NU MIMITI DINA DJAMAN MESOLITHICUM

Di djaman Mesolithicum (djaman Batu Madya) manusia teh parantos teu kintén madjengna dina kabudajanana. Di djaman Palaeolithicum, di luhur parantos ditérangkeun, jen antawis Palaeolithicum sareng Neolithicum teh aja bentenna, nja eta di djaman Neolithicum mah parabot kuna (artefacten) teh digosok dugi ka leutjir tur sae pisan bangunna. Dina djaman Mesolithicum ngagosokna teh kasar kench. Nja kitu deui ngagunakeunana parabot teh tatjan sampurna. Upamina nu disébat „kampak keupeul” (vuistbijlen), tjara ngagunakeunana teh tatjan ngango gagang, hénteu bentén sapertos dina djaman Palaeolithicum, nja eta ngagunakeunana teh dikeupeul.

Di sakale-reun Sumatra Wetan aja nu disébat „gunung kérang”, nja eta tumpukan tjangkang kérang, nu luhurna dugi ka tudjuh metér, rubakna kintén² gënep metér sareng pandjangna dugi ka 500 metér, nu parantos aja ti djaman Mesolithicum keneh. Ieu „gunung kérang” teh disébaatna ku para ahli praehistori

„kjökkennöddinger” (basa Denmark, nu hartosna : runtah dapur). Nu mawi disébat kitu, dumeh *djalma*² djaman Mesolithicum sabagian ageung sok dahar kérang, nu tjangkangna djadi runtah, nu ngabugbrug rebuan taun. Sadjabti ti eta sok ngala lauk sareng moro. Ku para ahli praehistori „kjökkennöddinger” teh dipiwarang ditugar. Di lèbètna seueur nu kapéndak, kajaning : huntu



*Parabot Batu
Luhur : Neolithicum ; Handap : Palaeolithicum.*

gadjah, tanduk untjal, tulang badak saréng tulang biruang. Sadjabi ti eta aja tulang-taleng djalma. Ieu teh saur para ahli prae-histori hidji bukti, jen dina djaman Mesolithicum teh aja bangsa „anthropophagia” (bangsa anu beuki djalma) ⁴⁸⁾.

Ku margi eta hënteu aneh, saupami kintén² dina taun 150 Masehi ku *Ptolemaeus* (bangsa Junani) dina karanganana disébat, jen di beulah wetan, ngalangkung bangawan Gangga, aja tilu pulo bangsa *anthrōpophagón* (*anthropophagia*), nu disébat pulo² Sunda. ⁴⁹⁾

Di pulo Djawa aja dua rupi kabudajan :

1. Nu disébat „kabudajan Bacsono-Hoabinhien”, nu asalna ti India Tukang, ngalangkung Malaka saréng Sumatra.
2. Nu disébat „microlith” (kabudajan batu leutik), pikeun parobot nu laleutik, sapertos bédor (paksi, seuseukeut panah). s.s.t. nu asalna ti Kaler.

Pëdaranana kieu :

Di Tongkin (India Tukang), tjakét dajeuh Hanoi, aja dua témpat nu minangka puseurna kabudajan praehistori nu pohara pèntingna, nja eta hidji di pagunungan *Bac-son* di beulah kaler, saréng hidji deui di propinsi *Hoà Bình* di beulah kidul. Barang² kuna nu kapéndak di dinja teh nuduhkeun kana ajana kabudajan ti waktos katopernakeun Palaeolithicum dugi ka munggaran Neolithicum. Aja kampak nu didamélna kasar keneh, nanging aja oge nu rada lémés, nu seuseukeutna parantos diasah. Tah ieu tapak ngasah nu mimiti teh (éngkena mah dina djaman Neolithicum kampak teh digosok sakabehna) disébat „protoneolithic”. Bacson saréng Hoabinh sanadjan sanes lémah-tjaina, tiasa djadi puseurna, nu njébarkeun kabudajan ka sakuliah Asia Kidul-Wetan. Sadjabi ti eta aja oge barang² kuna nu didamélna tina tulang. Numutkeun Dr. *Madeleine Colani* ⁵⁰⁾ kabudajan tina barang² kuna nu kasébat tadi teh disébat numutkeun wastana eta dua témpat tea, nja eta „kabudajan Bacsono-Hoabinhien”. Ieu kabudajan teh, nu sumébarna ka Indonesia ti kaler ngalangkung Siém saréng bobodjong (djodjontor) Malaju, dina ngawitan mah tétép sami, nanging di pulo Djawa rupina bae kapangaruhan ku nu sanes.

Sadjabi ti eta di Indonesia teh aja deui sarupi barang² kuna, nu aja dina djaman Mesolithicum, nja eta paksi (seuseukeut panah) nu tatjan diasah. Padahal dina djaman harita teh djalma

⁴⁸⁾ Tina basa Junani : *anthropon* :: djalma, *phagos* :: ugadahar.

⁴⁹⁾ Tingali : Asal-nuasalna kétjap „Sunda”.

⁵⁰⁾ Dr. F. Van Naeissen : De oudste cultuurstromen, dina buku Dr. C. W. Wormser : Wat Indie ontving en schonk. Amsterdam 1946. Katja 17.

parantos ngagaduhan kabinangkitan tina hal ngasah saréng ngagosok. Ku kituna miah kahartos, dumeh panah mah, upami parantos dipéntangkeun sok téras itjal, djadi teu pérlu dialus-alus. Ieu paksi teh didamélna tina batu nu laleutik, ku margi eta kabudajan nu sarupi kitu teh disébatna „microlith” (kabudajan batu leutik)⁶¹). Sadjabi li paksi aja deui barang² kuna nu laleutik, kajaning : peso laleutik, peso raut, djara s.s.t. nu didamélna tina sésémplekan batu teuas nu disébat batu „obsidiaan”. Ieu barang² kuna teh kapéndakna di sisi *padataran Bandung*, nu dina djaman harita (Mesolithicum) tangtos mangrupi hidji talaga nu di sisina djadi témplate matuhna djalma² tukang ngadaniél „kabudajan batu leutik” tea. Ieu kabudajan teh pangintén asalna ti Djépang atanapi Mansjuria ngalangkung Pulo² Riu-kiu saréng Pilipina lèbét ka Indonesia. Nu ngabantun ieu kabudajan teh dina djaman kapungkur tangtos bae kédah meuntas lautan nu lèga, rupina bae ngango rakit ka sakuliah kidul-wetan saréng Lautan Téduh. Kiwari manawi moal aja nu bireuk deui kana parahu tina tangkał kai (boomstamkano).⁶²)

Naon margina padataran Bandung teh asalna disébat tina talaga ? Dajeuh Bandung kiwari saréng sakurilingna teh hidji padataran luhur. Dina djaman behditueun baheula ieu padataran luhur teh mangrupi hidji talaga nu pohara ageungna, kintén² 60 kilometér ti Wetan ka Kulon saréng kintén² 15 km ti Kaler ka Kidul.

Tjek dongeng, aja hidji djadjaka nu djénéngan Sangkuriang, saparantosna ngalalana mangtaun-taun ku margi ditundung ku ibuna, Nji Dujang Sumbi, nja abirna mulih deui ka bali geusanna ngadjadi témplate ibuna tea. Ku margi kalinglap, ibu saréng putra (pada² teu kénal deui) pada² neundeun katineung. Ladjéng pasini bade nikah. Nanging orokaja kabudjéng kauninga ku ibuna. Nalika Sangkuriang dipundajan ku ibuna, katingali tjeda dina mastaka Sangkuriang tilas ditakol. Dajang Sumbi emut, jen nikah saréng putra teh hidji dosa nu pohara ageungna. Ku margi eta, ladjéng Dajang Sumbi ngemutan ka Sangkuriang, jen andjeunna teh putra Dajang Sumbi. Nanging Sangkuriang parantos keuna ku daja asmara dugi ka mungkir jen andjeunna sanes putra Dajang Sumbi, saréng andjeunna keukeuh ngadjak nikah. Dajang Suubi bingung, nanging teu seepeun akal ku ngajakeun tandjakan, supados Sangkuriang mangdamélkeun talaga saréng parahu kanggo papangantenan dina lèbét sawéngi, margi katoong, jen Sangkuriang moal pitiasaeun nedunan panuhunna.

61) *Microlith* (baso Javanis) : mikros : leutik. *lithos* = batu.


62) Dr. F. H. Van Nuessen : idem di luhur. Katja 20.

Nanging Sangkuriang njanggeman, saréng jaktos bae, ku kasantian Sangkuriang eta padamélan teh dugi ka djanari meh rengse. Tjek sakaol, Sangkuriang bade ngabéndung Tjitarum ku nutup guha Sangiang Tikoro tjakéti Padalarang, nja eta témpat nobrosna Tjitarum. Ku margi Dajang Sumbi oge sakti, nja ngébutkeun boeh rarang, nu ngadjadikeun balebat. Sangkuriang bén-du, parahu ditadong dugi ka nangkub, nu kiwari disébut Gunung Tangkuban Parahu. Nja kitu deui „*Talaga Bandung*“ mung kantun dongengna bae.

Nilik kana widji dongengna, aja „ethisch“ (ngandung atikan) saréng aja „symboliek“ (ngandung périlambang), nja eta manusa nu lali di purwa-daksina, teu emut kana wiwitán, teu kërsa ngangkén ibu. Saréng, upami ieu dongeng teh ditilik tina djihat elmu-pangawéruh kiwari, babakuna geologi, hënteu mustahil, jen padataran Bandung teh baheulana hidji talaga nu ageung pisan.

Dupi pédaranaana kieu : ⁵³⁾

Lahar (leutak panas) nu diburakeun ku Gunung Tangkuban Parahu waktos bitu, ngadjadikeun hidji bëndungan Tjitarum tjakéti Padalarang, nu luhurna moal kirang ti 725 metér tina beungeut laut.



⁵³⁾ Dr. H. R. Von Koenigswald: Das Neolithicum der Umgebung von Bandung, dans: Tijdschrift voor Indische Taal-, Land- en Volkenkunde, Deel LXXV, 1935, katja 891 — 119.

Tjitarum tjaah lebleban, tjaina naek dugi ka tēmpat² nu luhurna 725 m tina luhur laut. Nja ngawudjud talaga nu pohara ageungna sapertos nu kasébat di luhur, pandjangna ti Wetan ka Kulon k.l. 60 km saréng rubakna ti Kaler ka Kidul k.l. 15 km. Saréng tēmpat² nu luhurna 725 m tea ngawudjud sisi talaga. Lami² rewuan taun ti harita Tjitarum tiasa nobros di hidji tēmpat, nu disébat Sangiang Tikoro tea, nja eta djalan Tjitarum nu anjar. Saréng talaga teh saat dugi ka djadi padataran deui. Di sakuriling talaga tea kapéndak tēmpat pasesaan djalma baheula nu maratuh di desa³ nu luhurna 725 metér tina laut, djadi sanes di tēmpat² salébakeunana, nu tangtos harita mah kakeueum ku tjai talaga tea. Eta djalma² teh maratuhna dina lamping gunung sapertos di Tjiumbuleuit saréng Dago. Eta pasesaan² teh kapéndakna nja di dinja pisan, diantawisna aja batu² nu asalna tina gunung-api, nu mangrupi gélas-katja. Tēmpatna di Nagreg, teu tēbih ti kota Bandung, dina kaajaan alam (natuurlijke toestand). Eta gélas-katja teh weuteuh keneh, tatjan digunakeun ku djalma² alam harita, saréng seueur keneh. Tah, eta gélas-katja teh nja eta sarupaning batu nu sok disébat „obsidian” ⁴). Gunana teh sok diango njampuran taneuh porang kanggo ngadamel barang gagarabah, sabangsa pariuk saréng sapapadana, sangkan taneuh porang teh djadi kiat. Eta batu *obsidian* teh ku djalma² alam harita dikundjalan ti Nagreg ka tēmpat² sakuriling padataran Bandung, kajaning Tjiumbuleuit saréng Dago. Tina batu obsidian tea djalma² ngadaramel parabot anu sarae, numutkeun kapintéran alam harita, saréng parabot nu disalujukeun saréng pangabutuh sadidintén alam harita, nja eta babakuna didamél bédor atanapi paksi (seuseukeut panah). Sanadjan dina djaman Mesolithicum parantos aja kabinangkitan ngagosok batu, nanging bangsa bédor mah tara di-sae², margi tara kaarah deui. Ku ajana parabot² bieu tea nu sok disébat oge „microlith” (kabudajaan batu leutik), djadi tawis atanapi bukti jen ti djaman mesolithicum teh parantos aja djalma² nu maratuhna dina lamping² gunung di sakuriling padataran Bandung. Kaajaan djalma² alam harita di Djawa Kulon teh tiasa dibandingkeun saréng kajaan djalma kiwari di Irian, sapertos di sakurilingeun talaga Wissel (Wisselmeer), nu dianggo pamatuhan ku sukubangsa Irian nu disébat Kapauko, nja eta djalma² kate, nu kahirupanana primitif keneh.

Ari djalma² primitif nu maratuh di sakuriling „Talaga Bandung” alam harita teh moal boa karuhun „bangsa Sunda” nu pangmimitina nu njitjingan Djawa Kulon. Gumełarna numutkeun

²⁾ *Obsidian* (b. Laten : *obsidianus*) = Lahar tina gunung-api nu djadi tenus kawas gélas-katja semu hideung (Oxford Dictionary 1925).

etangan „geologisch“ sakumaha nu parantos kasébat di luhur, nja eta ti djaman Mesolithicum, 10.000 taun nu kalangkung.

Ajeuna kantun ngabahas : Naha ti mana asal-muasalna karuhun bangsa Sunda nu maratuh di sakuriling „Talaga Bandung“ teh ? Nilik kana kabudajanana, numutkeun, Dr. F. H. Van Naerssen, sakumaha nu parantos kasébat di luhur, kabudajan „micro-lith“ teh tiasa djadi asalna ti Djépang atanapi Mansjuria ngalangkung pulo² Riu-kiu saréng Pilipina lèbèt ka Indonesia.

Numutkeun *H. P. Blavatsky* sakumaha nu parantas kasébat ti pajun Asia Kidul teh sanes lémah-tjai bangsa manusa (men-selijk ras) nu pangheubeulna, nanging daratan „Lemuria“ di sakiduleun Asia, nu kiwari parantos rewuan taun kakélém ku lautan India.

Nanging numutkeun Prof. Dr. J. P. Kleiweg *De Zwaan*³⁵⁾ bangsa asli nu pangpajunna njitjingan Indonesia teh nja eta bangsa *Negrito* (bangsa nu nga-harib² ka *Negro*, nanging sanes bangsa *Negro* birit buit Afrika kiwari). *Urang Baduj*, nja eta salah sawios golongan bangsa Sunda kiwari, ngandung keneh tanda² pasipatan bangsa *Negrito*.

Pérkawis sunébarna bangsa *Negrito* di Indonesia teh aja dua anggapan : Tjek sakaol, wewéngkon *Oceania*³⁶⁾ teh tèmpat asalna bangsa *Negrito*, nu baheulana ngahidji saréng daratan Asia, saréng ti tèmpat eta bangsa *Negrito* teh laiébèt ka Indonesia. Tjek anggapan sanes, bangsa *Negrito* teh pirang² djaman nung-tutan pipindahan ti hidji golongan pulo² ka pulo² sanes.

Numutkeun REED³⁷⁾ mah teu atjan tiasa ditangtoskeun, ti mana darongkapna bangsa *Negrito* teh : ti Asia, ti salah sawios pulo sapertos Irian, atanapi ti hidji wewéngkon daratan nu kiwari parantos kakélém ku laut ?

Sakumaha nu parantos kasébat ti pajun, mahluk nu pangheubeulna di dunja nu kapéndak fossilna di Pulo Djawa teh *Pithecanthropus*. Dipi *Homo Soloensis* di Pulo Djawa „type“-na (potonganana) langkung primitif, djadi langkung heubeul tibatan *Homo Neanderthalensis* di Djerman (Eropa). Bangun tangkorek *Homo Wadjakensis* di Pulo Djawa meh sami saréng bangun si-ragh urang pribumi Australi kiwari saréng nja kitu deui sami saréng tangkorek bangsa pulo Tasmania nu parantos tumpur. Ku margi eta, numutkeun paméndak DUBOIS *Homo Wadjaken-*

35) Prof. Dr. J. P. Kleiweg *De Zwaan* : De rassen van den Indischen Archipel. Amsterdam 1925, katja 94 saréng katja 101.

36) *Oceania* teh pulo² di Lautan Téduh (Pasifik), nu ngawéngku Australi, Tasmania, New Zealand katni pulo² nu laleutik, Malaysia (pulo² sakuloneun Maluku saréng Timur), Polynesia, Melanesia saréng Micronesia. (Pears' Cyclopaedia 1925).

37) W. A. Reed : Negritos of Zamboales Dept. of the Interior Ethnological Survey Publications, vol. II part I, Manila 1904.

sis teh karuhun urang Australi saréng urang Tasmania. Bangun tangkorek *Homo Wadjakensis* pohara benténnna tina sirah bangsa Djawa kiwari. Margi urang Pulo Djawa kiwari mah parantos ngarandapan rupi² turunan tjampuran, dugi ka waruga katut bangun sirahna tangtos benténna tina bangun asalna.

Bangsa Pithecanthropus djaman Palaeolithicum salami re-wuan taun tangtos nungtut robah warugana saeutik³ dugi ka djadi hidji bangsa nu nga-harib³ ka manusa kiwari, nu disébat *hominid*. Tah, bangsa *hominid* ieu nu ngarundajkeun bangsa Djawa saréng bangsa Sunda kiwari teh. Ku margi Pulo Djawa, upami dibandingkeun saréng Australi langkung tjakéti ka Asia, tangtos Pulo Djawa saréng pulo² di Indonesia nu sanesna nu séring torodjogan kadongkapan ku bangsa² Asia Kidul.

Numutkeun paméndak Prof. Dr. J. P. Kleiweg de Zwaan⁵⁸⁾ tjampuran bangsa (ras-samenstelling) di Indonesia teh hidji masalah nu pohara padjeudjeutna pikeun para ahli anthropologi (elmu manusia). Ari margina ti baheula mula ti pirang² témplate luareun Indonesia aja rupi² anasir bangsa deungeun nu arasup ka Indonesia. Sawarehna numpurkeun bangsa Indonesia asli nu parantos aja, sawarehna njédékkeun atanapi njingkirkeun bangsa nu asli sina arasup ka leuweung géroton, ka gunung², aja oge nu pagalo saréng urang pribumi nu parantos aja tea.

Tah ieu pisan (pagalona tea) nu pohara njésahkeunana ka para ahli anthropologi dina njuktjrukna bangsa nu ngandung *anasir asli* (oorspronkelijke elementen) atanapi dina ngarutjatna *bangsa tjampuran* (mengvolk) teh.

Saupami urang njuktjruk kaajaan bangsa² Indonesia di hidji témplate, urang bakal nangenan tanda² nu sami, nja eta di unggal golongan bangsa nu aja di eta témplate teh baris kapéndak rupi² pasipatan nu patjampur. Ieu teh djadi bukti, jen eta golongan-bangsa teh didjadikeun ku rupi² anasir.

Sawangsulna aja oge golongan-bangsa² nu pasipatanana sami, padahal témplate estu patébih pisan, saréng numutkeun tjuk-tjrukan nu pangahirna eta dua golongan bangsa² teh teu aja patjorokna atanapi patalina.

Djadi, saheulaanan urang tétépkueun, jen bangsa Sunda nu pangmimitina nu maratuh di sakuriling „Talaga Bandung” teh bangsa asli turunan bangsa *hominid* Pulo Djawa. Tjénah eta kabudajan *microlith* di pulo Djawa sami saréng nu di Djépang saréng di Mansjuria, nanging eta teh hënteu djadi ukuran, jen kabudajan *microlith* di urang kenging neplak ti bangsa deungeun,


⁵⁸⁾ Prof. Dr. J. P. Kleiweg De Zwaan : De rassen van den Indischen Archipel. Amsterdam 1925. katja 81.

atanapi bangsa deungeun nalukkeun bangsa urang. Tjontona nu tetela : bangsa manuk manjar njieun sajang kälawan instinct, tara silih bedjaan atanapi silih turutan. Komo manusia mah ngagaduhan akal nu sampurna. Umumna di sadunja kabudajan prae-histori teh meh sami.

Bangsa Sunda „Talaga Bandung“ dina djaman Mesolithicum teh wuwuh lami wuwuh ngarékanan, anak-baranahan.

C. BANGSA SUNDA DINA DJAMAN NEOLITHICUM

Dina djaman Neolithicum kabudajan manusa teh pohara ma-djengna. Nja dina waktos harita diwanganne dadasar kanggo ngadéngna kabudajan Indonesia kiwari. Bangsa² heubeul (Djaman Palaeolithicum) itjal, dibasmi ku ombak panéka bangsa² anjar, atanépi kasingkirkeun. Aja oge nu pagalo.



SUMEBARNA KABUDAJAN PRAEHISTORI

- Watés wéwéngkon nu teu kapangaruhun ku kabudajan kampak lanjod.

Watés wéwéngkon kabudajan kampak taktak (balung).

Djalan sumébarna kabudajan kampak pasagi burung.

Numutkeun Dr. F. H. van Naerssen djalma² bangsa Neolithicum tangtos parantos ngagaduhan tēmpat matuh nu tētēp, saroson-soson pisan dina ngurusna tatanen sarēng ingon³. Patali sarēng tatanen, parabot batu teh wuwuh lami wuwuh sampurna, sarēng numutkeun kapērluanana aja nu diasah sarēng digosok dugi ka sarae pisan. Harita parantos aja patjul sarēng rimbas.

Ti antawis sesa² kabudajan djaman Neolithicum nu kapēndak, aja tilu rupi barang tina batu nja eta 1. kampak lonjod, 2. kampak taktak, sarēng 3. kampak pasagi-burung.

Kabudajan *kampak lonjod*^{3b)} sumēbarna ka pulo² palih wetan, kajaning Ceram, Gorong, Tanimbar, Leti, Irian, Pilipina, Formosa, Minahasa sarēng Srawak. Sēdēng ka pulo² palih kulon mah ieu kabudajan teh hēnteu sumēbar, boh di *Sumatra*, boh di *Pulo Djawa* boh di *Bali* ieu kabudajan teh teu aja.

Kabudajan *kampak taktak*⁴¹⁾ sumēbarna ka Nusantara mung saeutik pisan. Nu kapēndak teh di Minahasa, Pilipina sarēng Formosa, sēdēng di *Pulo Djawa*, *Sumatra* sarēng *Malaka kidul* mah teu aja pisan.

*Kampak pasagi-burung*⁴¹⁾ nja eta kabudajan Neolithicum nu pohara péntingna di Indonesia, nu mangrupi rimbas leutik sarēng sabangsa patjul. Didamēlna ieu parabot teh estu sampurna pisan, malah pangsaena di sadunja. Kabudajan ieu sumēbarna ka *Sumatra kidul*, *Pulo Djawa* sarēng *Bali*. Sadjabi ti kampak, patjul sarēng rimbas teh upamina geulang sarēng kongkorong parantos aja dina tahapan kabinangkitan nu pohara luhurna. Komo *kampak pasagi-burung* di *Pulo Djawa* sarēng *Bali* mah kenging disēbat-keun tjonto barang² Neolithicum nu pangsaena di sadunja.

Patjul batu djaman harita, gunana kanggo *ngascuk* di huma sarēng sapapadana. Rupina bae wuluku mah dina djaman harita teu atjan aja.

Ku kituna katawis pisan, jen kabudajan dina djaman Neolithicum teh parantos teu kintēn madjēngna. Sarēng ieu teh djadi tawis ngarékahana sarēng motekarna kapintēran manusa.

Buktina jen manusa Neolithicum ngarékahana, nja eta ku kapēndakna pirang² *tēmpat ngadamel paparabotan* nu kasēbat di luhur. Di antawisna di Djawa Kulon sapertos: di sakiduleun *Tasikmalaja*, tjakēt *Karawang*, di sakuriling *Bogor*, tjakēt *Suka-*

^{2a)} *Kampak lonjod* (ovale-bijl) teh pang disēbat kitu, margi bangun keureutanana (dwarsdoersnede) teh lonjod.

^{2b)} *Kampak taktak* (schoouderbijl) teh dumeh bangunna kawas taktak korang, nu gunana pikeun mageuhan gagangna, nu djaman kiwari disēbat ..balung..

⁴¹⁾ *Kampak pasagi-burung* (rechthoek-bijl) teh bangun keureutanana (dwarsdoorsnede) pasagi-burung sarēng rupi² ukuranana.

bumi ; ⁶²⁾ nja kitu deui di Djawa Wetan, sakiduleun *Malang* saréng sakaler-kuloneun *Paljitan*.

Hal ieu djadi bukti nu pohara pëntingna jen di djaman praehistori *Sunda* parantos teu kintén madjéngna. Di luhur parantos disébatkeun, jen numutkeun Dr. F. H. Van Naerssen, tahapan kabinangkitan Neolithicum di Pulo Djawa, babakuna di *Djawa-Kulon* (Tasikmalaja, Karawang, Bogor, saréng Sukabumi), parantos ngahontal kamadjéngan nu taja babandinganana di sadunja dina djaman harita, nja eta kabinangkitan ngawangun paparabotan ngasahna saréng ngagosokna dugi ka herang saréng leutjir. Di témpat² nu kasébat bieu kapéndak ratusan paparabotan nu tatjan rengse. Ku kituna urang tiasa ngawangwang sakumaha gégékna, témpat nu ditjitjingan ku *karuhun Bangsa Sunda*, nu damélna sadjabi ti tatanen teh ngadamél paparabotan nu disébat di luhur tea. Turug² maratuhna teh di témpat² nu parénting pisán, di antawisna, tetela pisan disébut ku Dr. F. H. Van Naerssen, di *sakurilingeum Bogor*, saréng *tjakéti Sukabumi*, margi kanggo urang Sunda kiwari parantos teu aja nu bireuk deui, jen di wewéngkon kabupaten *Bogor* aja patilasan karadjaan², kajaning : *Nagara Turuma* saréng *Padjadjaran* ; nja kitu deui *tjakéti Sukabumi* aja patilasan karadjaan Sunda, nu disébat *Prahadjian Sunda*, nu diparentah ku Maharadja Çri Djajabhupati. Pédaran ieu karadjaan² bakal kapéndak di péngkér.

Ajeuna urang néraskéun heula përkawis asal-muasalna aja bangsa Sunda di témpat² nu ditataan tadi di luhur.

Dina katompernakeun djaman Neolithicum, ti antawis 2500 saréng 1500 taun memeh lahir Nabi Isa, numutkeun Heine-Geldern, ⁶³⁾ bangsa Austronesia parindah ti India Tukang ka Indonesia. Kabudajan bangsa Austronesi harita ku Heine-Geldern disébat „*Kabudajan Kampak-Pasagi-Burung*”. Nu mawi disébat kitu, dumeh bangsa eta pisan nu ngawitan ngagunakeun *kampak* batu nu bangunna *pasagi burung*.

Lémah-tjai bangsa Austronesia nu pangahirna (memeh budal ngantunkeun lémah-tjaina) nja eta Bobodjong Malaka, nu disébat Malaya kiwari. Nanging asalna Kabudajan Kampak-Pasagi-Burung mah tiasa ditjuktjuruk langkung tébih. Dongkapna ti Tiongkok ngalangkung tengah² wewéngkon India Tukang. Hasil² tjuktjurukan *archaeologis* (elmu djaman kuna), kekenginan *Kern* nu nganggo dadasar *philologis* (elmu basa). Kern ngilaré lémah-tjai bangsa Austronesia nu pangahirna teh di *Annam* (Indotjina

⁶²⁾ Tingali Dr. F. H. Van Naerssen : De ouste cultuurstromen, dina buku Dr. C. W. Wormser : Wat Indie ontving en schonk. Amsterdam 1946, katja 29.

⁶³⁾ R. Heine-Geldern : Prehistoric Research in the Netherlands Indies. Science and Scientists in the Neth. Indies. 1945, katja 129-167.

palih wetan), sédeng bahan² bukti archaeologis nangtoskeun di *Bobodjong Malaka*. Ku margi eta aja salah sawios pamandangan Kern nu kédah ditilik deui : Kern gaduh kajakinan jen bangsa Austronesia asli memeh ngantunkeun lémah-tjaina tatjan térangeun kana beusi. Ieu katérangan Kern pasalingsingan saréng bahan bukti archaeologis.

Satérasna ku Heine-Geldern⁶⁴⁾, numutkeun hasil³ panjuk-tjurkna, ditétepkeun, jen lémah-tjai urang Austronesia aja tilu, njá eta (dipapaj ti nu pangheubeulna) :

Stadium (tahapan) ka-1 : Nu dianggap lémah-tjaina nu pangheubeulna njá eta *Tiongkok-kidul-kulon*. Ti dieu téras budal ka India Tukang (wéwéngkon Indoljina).

Stadium (tahapan) ka-2 : *Laos girang* (dina basa Djerman : Ober Laos) di téngah wéwéngkon *Mekhong* (tjakét Luang Prabang) dianggap lémah-tjaina nu kadua.

Stadium (tahapan) ka-3 : *Bobodjong Malaka* dianggap lémah-tjaina nu katilu (patali saréng praehistori saréng elmu basa). Ti dieu némbe njébar ka Sumatra, P. Djawa, Pulo² Sunda Leuitik, pulo² kidul-kulon, pulo² kidul-wetan, Kalimantan s.s.t.

Témpat² nu kasébat bieu di luhur teh njá eta wéwéngkon kapéndakna kampak pasagi burung, kabudajan bangsa Austronesia tea. Sumébarna ieu kabudajan teh djadi tjiri sumébarna bangsa Austronesia nu ngelehkeun, njédékkeun atanapi tjampur saréng bangsa asli.

Kabudajan bangsa² nu alanjar wuwuh lami wuwuh madjéng. Parabot batu ajeuna digéntos ku parabot parunggu atanapi beusi. Saparantos djaman Neolithicum dongkap *djaman Parunggu* (Bronstijdperk). Sadjabi ti parabot beusi, nu djadi tanda djaman Parunggu teh aja deui barang² nu didamélna tina parunggu (bronzen keteltrommen) nu aja patalina saréng kasutjian kaagamaan (sacrale betekenis). Lamina djaman Parunggu teh numutkeun anggapan nu umum njá eta ti 2000 dugi ka 1000 taun memeh lahir Nabi Isa. nanging numutkeun papajan *Van Stein Callenfels* mah kintén² ti 600 dugi ka 500 taun memeh lahir Nabi Isa. Dina djaman Parunggu parantos ngawitan sumébarna kabudajan Hindu.

Sadjabi ti kabudajan parunggu saréng beusi aja deui kabudajan nu disébat „megalith“ (cabudajan Batu Géde)⁶⁵⁾. Ieu kabudajan teh teu kalébet kana salah sawios kabudajan di djaman

⁶⁴⁾ R. Heine-Geldern : Urheimat und früheste Wanderungen der Austronesier, dina : Internationale Zeitschrift für Völker und Sprachenkunde „Anthropos“, Band XXVII, 1932, Wien, katja 543-610.

⁶⁵⁾ Megalith = batu géde (t. b. Junani : megas = géde, lithos = batu).

nu kasébat di luhur, sanadjan numutkeun kaajaanana moal langkung heubeul tibatan djaman Neolithicum. Malah dugi ka djaman kiwari ku bangsa² nu primitif keneh sok diadékkeun saréng dipudja. Ieu kabudajan teh ageung pangaruhna kana agama Hindu nu dongkap sapandeuriéunana. Djadi, teu aneh, upami kabudajan *megalith* (mudja kana batu) ti djaman praehistori digéntos djadi sésémbahan agama Çiwa dina waktos sumébarna agama Hindu, nu disébat batu „*lingga*”, nja eta përlambang Dewa Çiwa.

Ku ajana *djaman Parunggu* nu dibaréngan ku *kabudajan Megalith* nu anjar, Indonesia parantos aja dina lawang *djaman sadjarah* (historische tijd).



Batu sésémbahan di Sodong Lébak,
memeh djaman Hindu.

Memeh ngawitan taun Masehi, waktos sabubuhan urang Hindu nu ngawitan darongkap ka Indonesia, di Indonesia parantos teu aja djalma³ nu bi-adab. ⁶⁶⁾ Sawangsulna, kama-djéngap kabudajan djaman Neolithicum teh ngagampangkeun lèbétña kabudajan Hindu. Aturan ngaheujeuk desa, bab tatanen katul parabol njawahna, bab da-gang tina hasil² leuweung saréng hasil bumi s.s.t. parantos njampak memeh darongkap urang Hindu di Indonesia. Djadi dina darongkapna urang Hindu teh kabudajan Indonesia nu parantos aja kantun nambihan, ngo-mean, madjéngkeun saréng né-raskeun. Salah sawios tjontona :

bangsa Djawa-Hindu moal tiisa ngadamél tjandi Borobudur nu sakitu hebatna, upami di karuhun Indonesia asli teu njampak kabudajan „*megalith*”.

Numutkeun katérangan C. C. Berg ⁶⁷⁾, dina munggaran taun Masehi di P. Djawa parantos njampak bangsa² nu kasébat di luhur, uja eta pasesaan bangsa² baheula, nu ngawitan tjampur saréng golongan bangsa asing ti turunan sanes (andere rassen) ku patjorokna përdagangan saréng palajaran. Samemeh urang Hindu maratuh di lémah-tjai urang, patjorokna bangsa urang

⁶⁶⁾ Dr. F. H. Van Nuerseue . De oudste cultuurstromen, dina buku Dr. C. W. Wormser : Wat Indië ontving en schonk. Amsterdam 1946, katja 39.

⁶⁷⁾ C. C. Berg . Kidung Sundayana, Soerakarta 1928, katja 34 — 35.

saréng bangsa dcungeun teh mung di tēmpat² palabuan bae, margi saluareun palabuan mah hirupna bangsa urang teh mā-rentjil. Kabudajanana kenging disébatkeun „primitif” keneh, té-gésna „tatjan aja pangaruh nu lēbēt kana parobahan evolusi alam ku patjorokna saréng bangsa² nu sanes”.

Saterasna, numutkeun Dr. N. J. Krom⁴⁸⁾ padagang² asing teh tiasa pisan njorokna ka kapala² bangsa urang ku masihan hadiah², ubar-ubaran, djimat² s.s.t. Maranehanana tiasa djadi ngangkén-keun ngagaduhan turunan mulja, saréng tiasa njarita ku basa pribumi. Nu pangpêtingna, sangkan maranehanana ngagaduhan kalungguhan nu tétep dina masarakat, nja eta ku ngawin modjang-modjang putra kapala pribumi. Hal itu teu kintén pêntingna, sangkan kabudajan maranehanana (kabudajan asing tea) tiasa maneuh di tēmpat buniaga. Nja pamadjikan maranehanana pisan nu njébarkeunana adat-istiadat katut kapértjajaan anjar teh. Nja kitu deui pamadjikan maranehanana pisan nu djadi bibit-turunan anjar, nu sabagian maneuh di sukuhangsa nu heubeul saréng nu sabagian asup kana péradaban anjar tea. Ku pérkawinen nu wuwuh lami wuwuh nambahan bae, saréng ku tambahna anak-baranahan sekeselerna, nja ngawudjud masarakat tjamptran Indonesia-Hindu, nu anasir kabudajan asingna parantos teu karaos deui „asing”.

Lamii² téras ngadég karadjaan² nu ngawitan dipingpin ku urang Hindu, nu numutkeun kabiasaan sok langkung dimuljakeun tibatan kapala² bangsa urang, nu sok disébat *datu* atanapi *ratu* tea, margi sakumaha nu kasébat di luhur, péradahan Hindu teh parantos ngagaduhan kalungguhan pênting di masarakat Indonesia. Nanging lamii² mah radja² bangsa Hindu teh digéntos ku radja² bangsa Indonesia-Hindu. Di Tanah Sunda karadjaan² Sunda baheula teh mung kantun tradisi nu dihaleuangkeun ku ki djuruptun bae, margi sadjarah asli nu kasakseu ku paribasa. „Peso pangot ninggang lontar” teh parantos musna lontarna.

⁴⁸⁾ Dr. N. J. Krom. Hindoe-Javaansche Geschiedenis. 's-Gravenhage 1936. Kali 80.

IV. KARADJAAN² DI PASUNDAN

Tjarita pantun teh njaeta tjarita² baheula nu parantos djadi tradisi, nu dilisankeun turun-tumurun. Ku margi eta, urang moal tiasa térang ti *iraha* ngawitan ajana tjarita, saréng *saha* nu ngawitan njaritakeunana. Ku kituna tjarita pantun teh djadi milik raja, nu ilaharna ku para ahli elmu-pangawéruh disébat : „tjarita raja” (volksverhaal). Eusina tjarita teu tiasa dipastikeun lèrës-hénteuna, sanadjan aja patalina saréng djénéngan radja² nu kamashur, upamina Prabu Siliwangi. Sumawonna nu ditjari takeun teh babakuna sok disambaraan ku tjarita nu aheng², kajaning mintonkeun rupa² kasakten *djalma* saréng ngalarap-keun sipat² kamanusaan ka sasatoan, sapertos bisa ngaromong, mikir kawas *djalma*, malah sarakti deuih. Hal ieu bandingkeun saréng tjarita² dina kitab Hindu nu umurna parantos ratusan taun, kajuning Mahabharata, Ramayana, sst. Ku margi eta, tjarita-tjarita nu sarupa kieu meh teu aja *pangadjina*, nu tiasa didamél tjaléjtjer kanggo nétépkéun *sadjarah*.

Kadjabi ti tjarita² pantun, aja oge buku² *babad* atanapi *sadjarah*. Ari seueur mah hénteu, mung sakadar aja. Nu disébat „sadjarah” di dieu sanes „sadjarah nu numutkeun tjatétan² nu bukti”. *Kudjadian*² nu pënting saréng *djamanna* eta kadjadian² tara djadi pérhatian nu njaritakeunana, margi di urang Sunda mah teu aja „djuru tjaté sadjarah” (geschiedschrijver). Ku margi eta, pangadjina tjarita sadjarah tina buku² *babad* teh mung saeutik pisan, kajuning *Babad Galuh*, *Babad Tjurébon* sst. Di antawisna aja oge „pulunganunana”, sapertos tina buku *Tjarita Parahyangan*⁷⁰⁾ dapon kritis nu nganggona njaeta buku sadjarah Sunda nu mung hidji²na, nu ku para ahli elmu-pangawéruh sok dianggo bahan njuktjruk atanapi bandingkeuneun.⁷⁰⁾

Ti pajun parantos ditérangeun, jen katérangan² nu mangrupi sératan, boh dina batu² patilasan baheula, kajuning batu walungan nu galéde atanapi batu lingga⁷¹⁾, boh dina lambaran tambaga, nu sok disébat oge „piagém tambaga”⁷²⁾, saréng aja oge dina daun „lontar”⁷³⁾ nu ditiriran djadi buku, tiasa didjadikeun bahan² bukti pikeun sadjarah.

⁷⁰⁾ Tingali uaskah seliman Tjarita Parahyangan, lampiran karangan R. Ng. Poerbatjaraka Dr. Batone-Toelis bij Bustenzorg, dina Tijdschrift v. Ind. Taal- en Volkenkunde, dij. 30, 1920, k. 102-115.

⁷¹⁾ Saur Dr. Poerbatjaraka : dat de Tj. Par., mits niet kritiek gebruikt, waardevolle gegevens voor de geschiedenis van Java kan aanbrengen. Idem, katja 416.

⁷²⁾ Batu-tulis nu disérat dina batu lingga, disébat : „linggopala”.

⁷³⁾ Piagém tambaga biasana sok disébat : „tamprapragasti”.

⁷⁴⁾ Lontar asalna tina basa Djawa Kuna : „ron tal” (ron = daun, tal = sabangsa tangkal gebang).

Babakuna nu disérat dina batu, tambaga saréng lontar teh wungkul nu aja patalina saréng : ngadégnna nagara, bewara kakawasaan radja, parentah, larangan sst. Sakapeung eta sératan teh disébat oge taunna, boh ku tjandrasangkala boh ku angka nanging sakapeung mah teu aja pisan, dugi ka matak sésah dina nétépkéun taunna atanapi djamanna.

Batu³ patilasan nu disérat, piagém tambaga saréng daun lontar, nu djadi bahan² bukti sadjarah di Pasundan estu mung saeutik pisan nu kapéndak ku para ahli purbakala (archeologi), dugi ka teu tiasa didamél „Sadjarah Bangsa Sunda”, nu ngaruntuj, gembeleng, numutkeun sadjamanna³. Ku margi eta, urang ajeuna pintonkeun sa-aja² bae, sugri nu parantos kapéndak, sangkan djadi tjaléjtjer saheulaanan dina nétépkéun sadjarah urang.

Nu bade dibahas di dieu, nja eta karadjaan² nu aja di Pasundan numutkeun djénengan radjana masing² dina sadjamanna-sadjamanna sapertos di handap ieu.

A. PURNAWARMAN ⁽¹⁾

Dina munggaran taun Masehi bangsa Hindu ngawitan darrongkap ka Indonesia ti basisir India kidul-wetan, nu disébat tanah Koromandél. Nanging ajana maranehanana di kapuloan urang teh teu pati tetela, margi teu aja tanda²na.

Kintén² dina taun 400 Masehi di Kutej (Kalimantan wetan) saréng di Tanah Sunda tjakét Bogor saréng Djakarta, parantos aja karadjaan Hindu. Margi tiasa ditétepkeun, jen batu-tulis di eta dua témpat teh disératna dina basa Sangsékerta (basa Hindu Kuna) saréng ku aksara Pallawa. nja eta aksara nu dianggo di India kidul kintén² dina taun 400 Masehi. Batu-tulis nu aja di Kutej njaeta jasana Radja Mulawarman di nagara Kundunga, saréng batu-tulis nu aja di Tanah Sunda ngembarkeun kakawasaan Radja Purnawarman di nagara Taruma.

Seueurna batu-tulis Purnawarman nu kapéndak aja di 5 témpat, nja eta 4 témpat di wewéngkon Bogor, kajaning : 1. di walungan Tjiaruteun, 2. di Kébon Kopi, 3. di Djambu, saréng 4. di Muara Tjiantén. Saréng batu-tulis nu ka-5 ajana di desa Tugu, sawetaneun Djakarta.

Nu penting kanggo sadjarah nja eta batu-tulis nu aja di Tjiaruteun saréng di Tugu. Sangkan tetela ka nu tatjan térang.

⁽¹⁾ Tina kurangan Dr. N. J. Krom : Hindoe-Javaansche Geschiedenis, 's-Gravenhage, 1926, 1931, katja 73-78, sareng tina kurangan Prof. Dr. Pherbatjaraka : Riwayat Indonesia, djilid I, Djakarta 1932 katja 12-16.

pĕrlu urang tulis satjerewelena tina eta dua batu-tulis, sakumaha nu dipĕdar-keun di handap ieu.

Batu-tulis nu aja di Tjiaruteun kieu ungĕlna : ⁷⁵⁾



*Batu-tulis Purnawarman
di Tjiaruteun.*

*Vikrantasyavanipateh
Çrimatah Purnavarmmaṇah
Tārūma-nagarendrasya
Viṣnor iva padadvayam.*

Pihartoseunana :

„Ieu (tapak) dua sampean, nu sapertos sampean Dewa Wisnu, nja eta sampean nu mulja Sang Purnawarman, radja di nagara Taruma, radja nu gagah pĕrkosa di sadjagat.“

Batu-tulis nu hidji deui, nu kapĕndak di desa Tugu, tjakĕt Tandjung Pariuk, ungĕlna sapertos di handap ieu : ⁷⁶⁾

*Purā rājādhīrajeṇa guruṇā piṇabāhunā
khātā khyātāṁ purīṁ prāpya Candrabhāgārṇṇavāṁ yayau,
pravarddhamāna- dvāviñçad-vatsare ḡṛiguṇaujasa
narendradhvajabhūtena Çrimātā Pūrṇavarmimānā
prabhya Phalgune(ne) masekhata kṛṣnataṣṭmi tithau
Caitraçukla-trayedçyāṁ dinais siddhaikaviñçakah
āyatā ṣaṭsaḥasrena dhanuṣāṁ saçatena ca*

⁷⁵⁾ Tina karangan Dr. J. Ph. Vogel dina Publicaties van den Oudheidkundigen Dienst, taun 1925, katja 15 sareng saterasna, disalin ku Prof. Dr. Purbatjaraka dina : „Riwajat Indonesia“, djilid I, Djakarta taun 1952.

⁷⁶⁾ Ieu batu-tulis ajeuna disimpĕn di Museum „Gĕdong Gadjah“ di Djakarta.

*dvāviñçena nadi ramyā Gomati nirmalodakā
pitāmahasya rājarser vvidārya cibirāvanim
brahmañair ggo-sahasreṇa prayāti kṛtadakṣiṇā.*

Pihartoseunana : ⁷⁷⁾

„Baheula (walungan nu disēbat) Candrabhaga parantos di-kali ku maharadja nu mulja sarēng kagungan panangan tangginas tur bēdas (nja eta radja Purnawarman) pikeun dikotjorkeun ka laut, saparantosna (ieu walungan) dugi ka karaton karadjaan nu kamashur.

Dina taun ka-22 ngaheujeukna nu mulja Radja Purnawarman nu montjorong ku kapintēran sarēng kawidjaksanaanana sa-rēng djadi banderana para radja, (nja ajeuna) andjeunna mi-warang deui ngali walungan nu endah tur tjaina herang, nu disēbat Gomati, saparantosna eta walungan teh ngotjor ka tēngah² tanah panglinggihan nu mulja Sang Pandita ejangna (Sang Purnawarmman). Ngawitanana ieu padamēlan teh dina dintēn nu sae, kaping 8 paro-poek ⁷⁸⁾ sasih Phalguna sarēng rengsena dina dintēn-kaping 13 paro-tjaang sasih Caitra, djadi mung 21 dintēn, sēdēng eta kakalen teh pandjangna 6122 tumbak. ⁷⁹⁾ Upatjara korban kanggo eta dipidamēlna ku para Brahmiana kalawan di-hadihan 1000 sapi.”

Tah kitu ungelna eta dua batu-tulis nu kasēbat di luhur. Sa-kitu padjauh tēmpatna, nanging ari eusina mah samaksud keneh. Duanana nērangkeun, jen di Djawa Kulon, kintēn² dina taun 400 Masehi aja radja nu djēnēnganana Purnawarman. Dina batu nu kahidji karadjaanana teh kasēbat Taruma-nagara. Ngaran Taruma tangtos ditjotjogkeun sarēng ngaran walungan Tji-tarum. Djadi urang tiasa ngintēn², jen karadjaan Taruma teh ngagaduhan wēwēngkon nu diliwatan ku Tjitarum sarēng wēwēngkon sa-wetaneun Tjisadane, nja eta kiwari Karawang-Bogor-Djakarta.

Dina batu nu kadua kasēbat, jen Radja Purnawarman teh lami pisan ngaheujeukna karadjaan Taruma, sa-kirang²na 22 ta-un. Ku kituna djadi bukti, jen andjeunna teh radja Hindu nu sum-pingna ka Tanah Sunda sanes mung ukur sakēdap. Djadi, ka-radjaan Taruma teh djaman harita parantos ngawangun nagara nu santosa.

Nilik kana rengkol aksarana nu sakitu saena, nja kitu deui kana basana, Sangsékerta, nu kenging disēbatkeun tulen, urang

⁷⁷⁾ Ditardjamañakeun (disalin) numutkeun salinan basa Indonesia tina karangan Prof. Dr. Poerbatjaraka : Riwayat Indonesia, djilid 1, Djakarta 1952, kajja 13.

⁷⁸⁾ Djaman baheula unggal bulan dibagi dua, nja eta paro-tjaang (cuklapaksa) ti mimitti bulan kaluar tanggal 1 dugi ka 15, teras ditemu ku paro-poek (krsnapaksa) nu diminittian deui ku tanggal 1 sarēng saterasna dugi ku tanggal 1 paro-tjaang deui.

⁷⁹⁾ 6122 tumbak nu kintēn² ti kilometer atauapi lyek sapañih 19 kilometer

tiasa nangtoskeun, jen Radja Purnawarman teh kagungan padamēl-padamēl (djuru-pahat) bangsa Hindu, upami djaman kiwari mah djurutulisna. Seueur hēnteuna urang Hindu dina djaman harita, hēnteu aja nu tērang.

Numutkeun tjatētan lalampahan Fa-Hian,⁸⁰) bangsa Tiong-hoa nu ngagēm agama Buddha, urang bakal mēndakan katērangan saeutik-eutikeun tina hal kaajaan masarakat di urang dina munggaran abad 5 Masehi. Fa-Hian ti Tiongkok djarah ka India, nja eta ka tēmpat² sutji numutkeun agama Buddha. Dina taun 414 Masehi Fa-Hian mulih ka Tiongkok nganggo kapal-dagang ageung ti Pulo Selong (Ceylon). Satēngahing djalan kapalna katambias ku angin topan, dugi ka sasab tudjuan. Saparantosna antjlang²an 90 dintēn, nēmbe andjog ka hidji tēmpat nu disēbat Ye-p'o-t'i, maksadna Yawadwi(pa),⁸¹ nja eta Djawa Kulon. Di dinja tjēnah seueur Brahmana sarēng „nu murtad”,⁸² nanging nu ngagēm agama Buddha mah meh teu aja. Saparantosna matuh di dinja 5 sasih, kintēn² ti Desember dugi ka Mei, nēmbe Fa-Hian tiasa nēraskeun deui balajar ka Kanton nganggo kapal sanes.

Tina ieu katērangan urang tiasa ngawangwang, sakumaha sésahna patalimarga dina djaman harita, sarēng balajar oge langka keneh. Tetela, jen kapal nu dianggo ku Fa-Hian teh kapał rada ageung, nu bangsa Hindu, nu pagawena 200 djalma. Djadi, palajaran alam harita teh didjalankeun keneh ku urang Hindu. Sarēng tetela, jen kaajaan alam harita di Djawa Kulon masarakat kahinduan, margi disēbatkeun ku seueurna Brahmana sarēng „nu murtad”, nja eta nu njimpang tina papagon agama Hindu. Sēdēng nu ngagēm agama Buddha mah harita kenging disēbatkeun meh teu aja.

Ieu kaajaan masarakat teh gantjang robahna, saparantosna Fa-Hian mulih ka Tiongkok. Numutkeun katērangan buku Kao-seng-chw'en (tjatētan kahirupan para pandita nu mulja), nu ditjatētna dina taun 519, hidji putra radja nu djēnēnganana *Guna-warman* parantos lēbēt kana golongan pandita Buddha, ladjēng ngantunkeun lēmah-tjaina Kasimir (India Kaler), kalawan maksad njēbarkeun agama Buddha ka nagara² sanes. Andjeunna linggih heula di Pulo Selong (Ceylon), ti dinja tēras ka tanah Chō-p'o (maksadna Tanah Djawa). Njumponan kana panjaur maharadja Tiongkok, dina taun 424 Masehi andjeunna ngantunkeun Chō-p'o ka Tiongkok, sarēng pupus di Nankin dina taun 431.

⁸⁰) Tingali Dr. N. J. Krom : Hindoe-Javaansche Geschiedenis. 's-Gravenhage 1931, katja 78-80

⁸¹) G. P. Rouffaer mung njēbatkeun ja-vu-di (Encyclopaedie v. Ned. Indie, red. J. F. Snellman. 's-Gravenhage-Leiden 1905, IV, katja 10)

⁸²) „Nu murtad” (basa Walanda „kettens”). nja eta nu njimpang tina agamana, ieu numutkeun papagon asti

Nja ku djasana *Gunawarman* agama Buddha-Hinayana, klawan didjedjérān ku madhab (pangadjaran) Mulasarwastiwadnikaya, tiasa njébarna di sakuliah pulo Djawa.

Dipi agama nu dianut ku Radja Purnawarman ku andjeun, numutkeun teori *Ir. J. L. Moens*⁸³⁾, nja eta agama Surya, nu disébat oge Saura. Ieu teori teh didadasaran ku katérangan tina batu-tulis nu kasébat di luhur. Gambar tapak sampean dina batu-tulis Tjiaruteun teh ngagambarkeun „luntjatna Sang Purnawarman ka alam kalanggengan”, margi pipanteseunana Tjiaruteun teh tēmpat ngadurukna lajon Sang Purnawarman. Luntjatna Sang Purnawarman teh numutkeun tuduh-djalan nu dianggo ku Dewa Wisnu, nalika Triwikrama,⁸⁴⁾ nu prantos tiasa ngambah alam pangluhurna, nu disébat Suryaloka. Eta margina, gambar tapak sampean Purnawarman disamikeun saréng sampean Dewa Wisnu.

Tah kitu gambarna masarakat saréng agama dina djaman Purnawarman. Ajeuna urang papaj sadjarahna, nu patali saréng sumbér tjatétan bangsa asing, babakuna bangsa Tionghoa.

Dina taun 435 Masehi Karadjaan Tiongkok parantos nampi utusan ti Radja Che-li-p'o-ta-t'o-a-la-pa-mo,⁸⁵⁾ numutkeun *G. P. Rouffaer* ieu telo sami saréng Çripada Purnawarman.⁸⁶⁾

Dina tjatétan para radja turunan Liang saréng T'ang kasébat, jen aja nagara nu disébat Karadjaan To-lo-mo parantos ngintunkeun utusan ka Tiongkok, nja eta dina taun 528 saréng 535 Masehi, saréng di antara taun 666 saréng 669 Masehi. Numutkeun *Ir. J. L. Moens*, hal ieu tjotjog saréng nagara nu kasébat dina batu-tulis Purnawarman abad ka-5, jen Karadjaan To-lo-mo teh salinan tulisan Tionghoa tina Karadjaan *Taruma*.⁸⁷⁾

Nanging ti taun 669 Masehi utusan ti Taruma hënteu kasébat² deui di karaton Tiongkok. Tiasa djadi dina katompernakéun abad ka-7 Karadjaan Sriwidjaja (Çrivijaya), kadjabi ti Palémbang teh, deui parantos nalukkeun Tanah Sunda. Tanah Sunda harita tangtos djadi *wéwéngkon* „bumijava” nu kasébat dina batu-tulis Kota Kapur, nja eta nu djadi lantaran *sakuliah* Pulo Djawa (ngurung Tanah Sunda) disébat „bumijava” (dina Sangsékerta : „Yavabhumi”).

83) Ir. J. L. Moens: Was Purnawarman van Taruma een saura? -Tijdschrift v. Ind. Taal-, Land- en Volkenkunde, dl. 80, 1910, katja 78.

84) Tina Sangsékerta : tri = glu. vikrama = lengkah, injueta nalika salira Dewa Wisnu djadi ageung, dugi ka alam 3 ku andjeuna diambah mung „tilu lengkah”

85) Dr. N. J. Krom : Hindoe-Javaansche Geschiedenis. 's-Gravenhage 1926 katja 80

86) G. P. Rouffaer njébarkeun Sri Pa-da-do-a-la-pa-no dina Encyclopaedie v. Ned. Indie, 1905, dl. IV, katja 363 : Tochten.

87) Ir. J. L. Moens : Çrivijaya. Yava en Kataha. Tijdschrift v. Ind. Taal-, Land- en Volkenkunde, dl. 77, 1937, katja 362-363

Djadi, pilamieunana Karadjaan Taruma, numutkeun etangan Ir. J. L. Moens ⁸⁸), dietang ti taun 345 dugi ka taun 686, kirang-langkung aja $3\frac{1}{2}$ abad, nu pareleanana sapertos di handap ieu :

± 345 ; Hastivarman, radja bangsa Çalankayana, saréng Visnugopa, radja Pallava, kadeseh pérang ku Samudragupta ; salah sawios rajaguru bangsa Çalankayana ngungsi ka Nusantara (Taruma).

± 375, Karadjaan Purnavarman di Taruma (Sunda) dimimitian ku Rajadhiraja, putra rajaguru Çalankayana.

± 400/25 ; Purnavarman, putra Rajadhiraja, radja di Taruma.

528 & 535 ; Utusan ti To-lo-mo (Sunda).

669 ; Utusan nu pangahirna ti To-lo-mo (Sunda).

686 ; Çrivijaya (Muara Takus) nalukkeun P. Djawa : runtagna Karadjaan To-lo-mo (Taruma).

Mung sakitu nu kasébat dina „Daptar Titimangsa” (Chronologische Tabel) Ir. J. L. Moens nu aja patalina saréng sadjarah Purnawarman. Nanging dina eta daptar aja nu matak tjangtjaja, rehing ti taun 425 hënteu kasébat djénengan radja² nu ngagéntos atanapi néraskéun radja Purnawarman, nja eta radja² nu ngasta Karadjaan To-lo-mo (Taruma).

Kumargi eta, saparantos radja Purnawarman, ajeuna urang tèraskeun njuktjuruk djénengan radja² sanes nu ngéreh Tanah Sunda.



Artja parunggu Radares (radja-guru) potongan Amarawati.

B. SANDJAJA

Parantos ditétèpkeun ku para sardjana archeologi, jen djénengan Sandjaja teh lèbèt kana sadjarah Indonesia, margi aja buktina batu-tulis nu kapéndak di desa Tjanggal (wéwéngkon

⁸⁸) Idee Chronologische Tabel, ibid katja 474-477.

Kedu) tjakéét desa Seleman (wéwéngkon Jogjakarta).⁸⁹⁾ Ieu batu-tulis disébatna ku aksara Pallawa dina basa Sangsékerta, saréng disébat angka taunna, nganggo tjandrasangkala : 654 Çaka = 732 Masehi. Dina eta batu-tulis kasébat deui, jen Sandjaja teh putra Sannaha, nja eta saderek istri ti radja Sanna. Nanging dina eta batu-tulis hénteu kasébat dajeuh atanapi ngaran témpat karadjaanana, mung kasébat, jen parantos diadéngkeun pamudja-an batu „lingga” di gunung Sthirangga saréng di wéwéngkon sutji Kunjarakunja. Di mana ajana ieu témpat nu dua teh teu aja nu térang, mung di-kintén² moal tébih ti desa Tjanggal, nja eta di Djawa Téngah.

Boh Ir. J. L. Moens⁹⁰⁾ boh Prof. Dr. Poerbatjaraka njandak bahan bukti kanggo ngabandingkeun sadjarah radja Sandjaja nu kasébat di luhur, ku ngabandingkeun saréng buku Sunda kuna nu kahot nu disébat „Tjarita Parahyangan”⁹¹⁾, sanadjan ieu buku sadjarah teh ku Ir. J. L. Moens disébatkeun „rada teu uni” (basa Wal. : tamelijk verward). Ku kituna „Tjarita Parahyangan” teh aja oge pupurieunana pikeun para sardjana nu keur njaluktjruk sadjarah, dapon — saur Dr. Poerbatjaraka⁹²⁾ — kédah *kritis* nganggona, tjarita Parahyangan teh ngandung bahan² penting (nu aja pangadjina) pikeun sadjarah Pulo Djawa.

Nu djadi sual penting di dieu, dumeh dina Tjarita Parahyangan kasébat, jen Rahyang Sandjaja, putra Rahyang Sëna, nu sumare di Mëdang teh djadi „ratu” di Galuh (tiasa djadi ngaran dajeuh).

Tetela pisan, numutkeun Tjarita Parahyangan bieu, kardaan Sandjaja teh disébatna Mëdang, nu lègana kintén² dugi ka Grobogan (Purwodadi).

Numutkeun Prof. Dr. Poerbatjaraka⁹³⁾, kadjadian² sadjarah dina Tjarita Parahyangan, nu tiasa dipaluruh, njata pisan lérës (Sëna ramana Sandjaja dina Tj. Par. = Sanna dina batu-tulis Tjanggal).

Bentenna mung saeutik, nja eta dina batu-tulis Tjanggal mah kasébat, jen ibuna Radja Sandjaja, nu djénénganana Sannaha teh saderek Radja Sanna⁹⁴⁾.

⁸⁹⁾ Prof. Dr. H. Kern : Verspreide Geschriften, VII, katja 115 sst. saréng Prof. Dr. Poerbatjaraka : Riwayat Indonesia, I, Djakarta 1952 katja 50-60.

⁹⁰⁾ Tijdschrift v. Ind. Taal-, Land- en Volkenkunde, LXXVII, 1937, k. 388.

⁹¹⁾ Idem, LIX, 1919-1921, k. 402-417.

⁹²⁾ Ibid., k. 416 : "Waar de in de kroniek vermelde feiten, waar zij gecontroleerd kunnen worden, juist blijken te zijn dat de Tj. Par. mits met kritiek gebruikt, waardevolle gegevens voor de geschiedenis van Java kan aanbrengen."

⁹³⁾ Tijdschrift v. Ind. Taal-, Land- en Volkenkunde, djlid LIX, taun 1919-1921, katja 416 : "Waar de in de kroniek vermelde feiten, waar zij gecontroleerd kunnen worden, juist blijken te zijn (Sëna de vader van Sandjaja in de Tj. Par. = Sanna van de inscriptie van Tjanggal)".

⁹⁴⁾ Prof. Dr. Poerbatjaraka : Riwayat Indonesia I, Djakarta 1952, katja 55.

Sugri nu kasébat di luhur supados rada tetela, urang pédar tina Tjarita Parahyangan satjerewcena, di antarana : ⁸⁵⁾

1. *U mangén-angén ta sang rési guru sidérm manggawecuj sang kandiawan lawan sang kandiawati ma(ng)kana manak rahiyangtong kuli-kuli rahiyan surawulan rahiyangta mpeles awi rahiyangta rawung laugit kamiadi sang wréti-kandajun sang wréti-kandajun mangka manak rahiyan sempakwadja rahiyangtang mandiminjak rahiyan mandiminjak maka manak sang séna rahiyan sang séna maka manak rahiyan sandjaja rahiyan sandjaja kawékkasan ring miedang ratu ring galuh.*
2. *Udjär sang apatih mangka dafét deui urang njajangan sang hyang darmasiksa mulah mo denge tjarch na patih kalih ku rahiyan sandjaja lamun dek djaja prarang mangkut ti galuh prarang ka mananggul elch sang rutu mananggul pwanala panulak sandjaja tuluj ka ku kahurilpan dipraranç eleh kahuripan na rahuangta wulu kapen nungkul tuluj ka kadul di prarang elch rahiyan supéna nungkul tuluj ka bali di prang eleh sang ratu bima ti inja rahiyan sandjaja njabrang ka desa mulaju di prang) di kimir eleh rahiyan tang gana di prang deui ka keling eleh sang sri widjaja di prarang ka barus eleh ratu djajaduna di prang ka tjina eleh pati sarrikaladarma pulang rahiyan sandjaja ka galuh ti sabra(ng).*

Pilihoseumana dina basa Sunda kiwari, sapertos di handap ieu :

1. Sang Resi Guru mauteng anteng pikeun ngajugakeun Sang Kandiawan saréng Sang Kandiawati. Ladjéng Sang Kandiawan saréng Kandiawati puputra Rahyangta Kuli-kuli, Rahyangta Surawulan, Rahyangta Mpeles awi, Rahyang Rawunglangit, saréng bungsuna Sang Wréti-kandajun. Sang Wréti-kandajun ladjéng puputra Rahjang Sempakwadja saréng Rahyangta Mandiminjak. Rahyangta Mandiminjak puputra Sang Séna. Rahyang Sang Séna putra Rahyang Sandjaja. Rahyang Sandjaja sumare di Médang, djadi ratu Galuh.
2. Sang Patih ngandika : „Ajeuna laksana urang tiasa ngahormat deui Sangbyang Darmasiksa“. Muga² ieu omongan Sang Patih duaan ulah kadangu ku Rahyang Sandjaja.

⁸⁵⁾ Tijdschrift v. Ind-land- en Volkenkunde, djilid IIX, taun 1919-1921, katja 402-403 saréng katja 416-417.

Upami hajang unggul pérang, kédah mangkat ti Galuh ngarurug ka Mananggul ; ratu Mananggul kawon. Empu Anala kédah nulungan sëndjata. Téras ka Kahuripan, nu kédah dipérangan ; Kahuripan kawon, Rahyang Wulu-kapecu taluk. Téras ka Kadul, nu kédah dipérangan, dugi ka kawon ; Rahyang Supëna taluk. Téras ka Blitar, nu kédah dipérangan, dugi ka kawon ; Rahyang Isora taluk. Téras ka Bali ngarurug dugi ka kawon Sang Ratu Bima. Ti dinja Rahyang Sandjaja téras meuntas ka nagara Malaju ; Kémir dipérangan dugi ka kawon, Rahyang Gana taluk. Ngarurug Këling dugi ka kawon Sang Sri Widjaja. Ngarurug Barus dugi ka kawon Ratu Djajadana. Ngarurug Tiongkok dugi ka taluk Sang Pati Sarikaladarma. Ti sabrang Rahyang Sandjaja téras mulih deui ka Galuh.

Djadi tetela pisan, dina Tjarita Parahyangan mah Rahyang Sandjaja teh djadi ratu (radja) di *Galuh*. Téras andjeunna ngantunkeun *Galuh*, angkat ngarurug nagara² di Pulo Djawa saréng di sabrang ; ti dinja mulih deui ka *Galuh*.

Nanging aneh, tjek Tjarita Parahyangan keneh, jen andjeunna (Sandjaja) sumare di dajeuh Mëdang, nu pérnahna kintén³ kiwari di Grobogan (Purwodadi), nu hënteu tèbih ti Tjanggal (Këdu) upami dibandingkeun saréng ti Galuh (Kawali, Tjiamic). Ku margi eta, hal ieu tiasa djadi bahan panalungtikan ahli sadjarah, dugi ka mana lérésna Tjarita Parahyangan. Naha dina waktu eta, Tanah Sunda teh kabawah ku Sandjaja, atanapi Mëdang kabawah ku Galuh, nu diradjaan ku Sandjaja ? Sëdeng bahan bukti sadjarah nu mangrupa batu-tulis di Tjanggal nataan kagagahan saréng kaadilan Sang Sandjaja, nu ngagéntos Sang Sanna.⁴) Ieu hidji tanda, jen Iégana karadjaan Sandjaja teh ngawéngku Djawa Tengah saréng Djawa Kulon. Nanging dajeuh Mëdang didjadikeun dajeuh karadjaan, eta teu atjan aja nu tiasa mastikeun. Hal ieu kédah ditalungtik heula ku ahli archeologi. Upami Galuh didjadikeun dajeuh karadjaan, ieu ogé hënteu mustakil. Ajcuna kantun nérangkeun di mana pérnahna gunung Sthiranga saréng Kunjara-kunja-deça, nja eta témpat ngadékkeun lingga pamudjaan nu sutji, nu kasébat dina batu-tulis di Tjanggal (wéwéngkon Këdu) saréng naon patalina nu ngantet sareng harti kétjap. Numutkeun katérangan teori Prof. Dr. Purbatjaraka⁵). Kunjara-kunja-deça, nu hartina : "wéwéngkon-leuwéung-gadjah" = ..alas-ing-(sa)liman,⁶) patali saréng harti kétjap, tangtos pérnahna di desa Séléman (wéwéngkon Jogjakarta).

²) Prof. Dr. Poerbatjaraka ; Riwijat Indonesia I, Djakarta 1932, katja 59-55.

³) Ibid., katja 56-55.

⁴) Liman = gadjab = kunjara.

nja eta robahan tina kētjap „*saliman*”. Sarēng Sthiranga, nu har-tina „badan tēguh”, naha ieu teh robahan tina kētjap „*Tjanggal*” masrahkeun saur Dr. Poerbatjaraka, margi pērnahna desa Tjanggal (tempat batu-tulis tea) teu tēbih ti desa Sēleman.


Lamina Sandjaja ngasta karadjaan teu tiasa dipastikeun kawalan tetela, iwal ti taun tjandrasangkala nu kasēbat dina batutulis Tjanggal tea, nja eta taun 654 Çaka = 732 Masehi.

Nu djadi bahan sawala keneh, di dieu moal ditjarioskeun, sapertos : Sandjaja = radja Çailendra, puputra Panangkar, Panangkar puputra Balaputra sst., margi nu pēnting, nu dipintonkeun di dieu, nja eta Galuh, hidji karadjaan kahot di Tanah Sunda, kantos diparentah ku Sandjaja. Hal ieu teu mustahil, upami nilik eusina batu-tulis Tjanggal, nu njēbatkeun, jen Sanna, teras digēntos ku Sandjaja, marentah Yavadvipa (Pulo Djawa).

Saparantos taun nu kasēbat di luhur, ajeuna urang tēraskeun ngilari djēnēngan para radja nu marentah Tanah Sunda.

C. CRI DJAJABHUPATI

Di Museum „Gēdong Gadjah” aja batu-tulis opat, nu dinomēran D 73, D 96, D 97 sarēng D 98. Sadajana asalna ti Tjibidak (Sukabumi). Batu-tulis nu ka-hidji (D 73) ka-pēndakna di leuweng di sisi walungan Tjijatih tjakēt Leuwi Kalabang, sarēng nu tiludeui kapēndakna di leuweng Bantarmuntjang girangeun Leuwi Kalabang tjakēt kampung Pangtjalikan.



Batu-tulis Djajabhupati (D 73)
di Bantarmuntjang.

Nu bade dibahas di dieu nja eta batu-tulis nu kahidji. Nu-

mutkeun panjuktjrukna C. M. Pleyte ⁹⁹⁾ batu-tulis Tjitjatih nu kahidji teh kieu ungélna :

o Swasti çakawarsätita 952. kärttikamäsa tithi dwädaçi çuklapakṣa o ha o ka o ra o wāra tampir o irikā diwāçamira prahajyan sunđa o mahāraja çri jayabhūpati o jaya manahēn wiśnumurtti samarawijaya o çakalabhuwānamanḍaleswara-nindita o harogowārdhanawikramottunggadewa o magaway


.....
saterasna njambung ka batu-tulis D 96.

Pihartoseunana kintēn² :

o Salamët, tjunduk taun Çaka 952, bulan Kartika tanggal 12 paro-tjaang o Hariyang o Kaliwon o poe Ahad o wuku Tambir o ieu titimangsa nalika radja Sunda o Maharadja Çri Djajabhbupati o nu gagah tēdak Wisnumurti nu Pundjur di pangpérangan o Dunungan sakuliah djagat nu tája kutjiwana o Harogowardhanawikramottunggadewa o midamél ..

Ieu batu-tulis netelakeun, jen dina taun 952 Çaka (ku angka) = 1030 Masehi Maharadja Çri Djajabhbupati djadi radja Sunda. Nanging dina katérangan nu sanes, radja Erlangga nalukkeun radja Sunda. nu djéneng-anana Widjaja, dina taun 959 Çaka = 1037 Masehi. Djadi, Çri Djajabhbupati marentahna karadjaan Sunda teh mung sababaraha taun bae, nu saterasna digéntos ku Widjaja, djadi radja Sunda. Nja kitu deui Widjaja mung 1 — 2 taun bae dugi ka ditalukkeunana ku Erlangga.

Ku kituna urang tiasa térrang, jen dina taun 1030 Masehi aja karadjaan Sunda nu mimitti nganggo ngaran nagara SUNDA, nu diradjaan ku Çri Djajabhbupati. Putra saha saréng ti mana asalna, teu aja nu térrang. Pernahna naon ka Widjaja teh



Batu-tulis Djajabhbupati (D 98)
di Bantarmuntjang.

⁹⁹⁾ C. M. Pleyte : Maharaja Çri Jayabhupati, Sunda's oudst bekende vorst. A. D. 1030. Tijdschrift v. Ind. Taal-, Land-en Volkenkunde, LVII, 1915. katja 201-218.

saréng naon margina digéntos ku Widjaja, ieu oge urang poekeun keneh. Kumaha pérhubunganana saréng karadjaan² Sunda nu sanesna — upami tea mah aja sapertos Galuh — atanapi ngéreh sakuliah Pasundan? Ieu patarosan² tatjan tiasa diwalér, margi kakirangan keneh ku bahan² bukti sadjarah.

Kumargi eta, ajeuna urang ningal deui ka tempat sanes, nu ngandung bahan sadjarah.

D. PRABU WASTU

Di Kawali (wewéngkon Tijamis) aja padjaratan kuna, nu disebut Astanagéde. Di dinja urang bakal mendakan batu ageung nu aja aksaraan digawangan sapuluh djadjar, nu ungélna sapertos di handap ieu : ¹⁰⁰⁾

Nikan tapa Kawali nu sanghyang mulia tapa bhagya Parébu radja Wastu mangadéng di kuta Kawali nu mahajuna kada-tuan Sura Wisesa nu mariги sakuliling dajeuh nu nadjur singala desa.

Aja ma nu pandeuri pakena gawe ráhaju pakun heubeul djaja dina buana.

Upami disalin kana basa Sunda kíwari, kieu pibasaeunana : „Ieu nu tapa di Kawali teh nja eta tapana nu mulja lir dewa, Gusti nu bagdja, radja Wastu, nu ngéreh di kota Kawali, nu parantos mapaes karaton Sura Wisesa, nu ngadamel kakalen sakuriling dajeuh, nu njantosaan sakuliah wewéngkon.

Muga² kapajunna aja (para radja) nu kërsa midaméł kaa-saan, sangkan pundjul di sadjagat.”

Teu kintén matak handjakalna ieu batu-tulis teh teu aja tjandrasangkalaan atanapi angka taunna. Nanging C. M. Pleyte jakin, jen radja Wastu di Kawali teh sami saréng Wastu Kantjana, ejangna ratu Purana, nu kaséhat dina batu-tulis Bogor, taun 1255 Çaka = 1333 Masehi. Bentenna mung saeutik pisan, nja eta tjandrasangkala batu-tulis Bogor ku C. M. Pleyte diaosna teh taun 1455 Çaka = 1532 Masehi ¹⁰¹⁾, sedéngkeun ku Prof. Dr. Poer-


¹⁰⁰⁾ Tingali gumbarna, salinanana saréng tardjamalma (dina b. Walanda) dina : Tijdschrift v. Ind. Taal-, Land- en Volkenkunde, LIII, 1911, katja 167-168.
¹⁰¹⁾ C. M. Pleyte : Het jaartal op den batoe-toelis nabij Buitenzorg. Tijdschrift v. Ind. Taal-, Land- en Volkenkunde, LIII, 1911, katja 155.

batjaraka diléréskeun
djadi taun 1255 Çaka
= 1333 Masehi.¹⁰² Ku
margi eta, C. M. Pley-
te njébatkeun, jen
Wastu Kantjana teh
djuménengna sapar-
antos taun 1356 Ma-
sehi, nja eta pérang
Sunda di Bubat (Mad-
japait), nu pikédah-
eunana samemeh taun
1356, malah saparan-
tos diléréskeun ku Dr.
Poerbatjaraka mah
pikédaheunana same-
meh taun 1333 Mase-
hi (hgadéngna dajeuh
Padjadjaran).

Ku margi eta,
numutkeun paméndak
C. M. Pleyte, Wastu
Kantjana teh tiasa
djadi urang Galuh.

Djenénengan Wastu Kantjana wuwuh kiat ku ajana piagém
tamaga, nu kapéndak di Kabanténan (Bakasih). Kieu ungélna :¹⁰³

*Ung, awighnam astu, nihan sakakala rahiyan niskala wastu
kantjana pun turun ka rahiyan ningrat kantjana, maka nguni
ka susuhutan ajcuna di pakuan padjadjaran pun, mulah mo
mihape dajeuhan di djajagiri deung dajeuhan di su(n)da
sémbawa. aja ma nu ngabajuán inja, ulah dek ngaheurjanan
inja ku na dasa tjalahara, kapas timbang pare dongdang
pun, mang(k)a ditudi(ng) ka para muhara, mulah dek menta-
an beja pun. kena inja nu purah dibuhaja mibuhajakeun na
katjaritaan pun, nu pageuh ngawakan na dewa-sasanna pun.*




Batu-tulis Prabu Wastu
di Karanganyar.

¹⁰² R. Ng. Poerbatjaraka : De Batoe-Toelis bij Buitenzorg. Tijdschrift v. Ind. Taal-, Land- en Volkenkunde, LIX, 1919-1921, katja 380.

¹⁰³ R. Ng. Poerbatjaraka : De Batoe-toelis bij Buitenzorg. Tijdschrift v. Ind. Taal-, Land- en Volkenkunde, LIX, 1919 — 1921, katja 390.

Pimaksadeunana :

„Salam t, muga² taja gangguan. Ieu teh pepeling (parentah) ti Rahyang Niskala Wastu Kantjana nu diturunkeun k  Rahyang Ningrat Kantjana, kitu deui ka Susuhunan nu ajeuna di Pakuan Padjadjaran, ulah rek ganggu ka dajeuh di Djajagiri djeung dajeuh di Sunda S mbawa. Di dinja teh aja djalmana nu nohagaan. Ulah rek aja djab lan naon² ku *dasa tjalagara, kapas timbang, pare dongdang*. Kitu deui djuru pabean diparentah, ulah menta bea. Lantaran di dinja aja nu kudu diturut, nja eta djalma nu nurut kana tjarita. Sing pageuh kana ngadjalankeun pangadjaran dewa”.



Piag m tamaga Rahyang Niskala Wastu Kantjana.


Tetela pisan, jen ieu piag m teh mintonkeun kakawasaan Wastu Kantjana, nu mangrupa parentah sar ng larangan nu k dah diturut turun-tumurun dugi ka djaman Padjadjaran. Di dieu Wastu Kantjana teh nganggo g laran „rahyang”, nja eta tawisna, jen andjeunna teh parantos pupus dina waktos ngadam l ieu piag m, upami djaman kiwari tea mah sami sar ng „sawargi” atanapi „almarhum”. Duri Wastu Kantjana dina batu-tulis Kawali, eta mah waktos djum n ng keneh radja.

Ajeuna urang kantun n raskeun saeutik deui, nja eta tina batu-tulis Kawali ditema ku ngabahas batu-tulis Bogor.

E. RATU PURANA

Parantos teu aja nu bireuk deui, jen di Bogor aja batu-tulis patilasan karadjaan Padjadjaran, dugi ka t mpatna oge n lah desa sar ng kampung Batutulis. Tjek nu teu t rangeun — malah di-reka² nganggo dongengna — jen ieu batu-tulis teh tilas Kean

Santang ngislamkeun Padjadjaran. Nanging saparantos ditjuk-tjruk ku para ahli „purbakala” mah, ungélna eta batu-tulis teh kieu : ¹⁰⁴⁾



Batu-tulis Ratu Purana di kampung Batutulis
(Bogor) make kulambu.


..... pun. ini sakakala prêbu ratu purana pun. diwastu dija wingaran prêbu guru dewatasrana. diwastu dija dingaran. sri baduga maharadja ratu hadji di pakwan padjadjaran. sri sang ratu dewata pun ja nu njusuk na pakwan. dija anak rahi yang dewa niskala sasida mokta di guna tiga. i(n)tju rahi yang niskala wastu ka(n)tjana sasida mokta ka nusa lara(ng) ja sija nu njian sakata ka gugunungan ngabalaj njian samida njian sa(ng) hijang talaga rëna maha-widjaja. ja sija pun. i saka pantja pandawa ban bumi.

Pimaksadeunana kieu :

..... Ieu pa-ngeling² radja Ratu Purana. Djénénganana nu dibérékahan Prêbu Guru Dewatasrana. (Deui) dibérékahan ku djénéngan Sri Baduga Maharadja nu ngaradjaan Pakwan Padjadjaran. Baginda radja Dewata, nja andjeunna nu ngadégkeun Pakwan. Andjeunna teh putra Rahyang Dewaniskala, nu pupus di Guna Tiga, putu Rahyang Niskala Wastu Kantjana, nu ngilari sampurnaning pati ka Nusa Larang. Nja andjeunna nu ngadamél tutung-gangan pikeun ka pagunungan, nu ngadégkeun bale (pa-

¹⁰⁴⁾ R. Ng. Poerbatjaraka : De Batoe-toelis bij Buitenzorg. Tijdschrift v. Ind. Taal-, Land- en Volkenkunde, LIX, 1919 — 1921, katja 382.

panggungan), nu ngadamiél „samida” (nja eta leuweung tutupan nu diarah suluhna pikeun upatjara durukan korban para brahmana), nu ngadamiél situ Talaga-warna-mahawidaja : eta teh andjeunna. Dina çaka : pantja (5) pandawa (5) ngémhan (2) bumi (1).”



*Batu-tulis Ratu Purana di kampung Batutulis (Bogor)
ti kadukutan.*

Tah kitu eusina batu-tulis Bogor teh, nu parantos sëring dibahas ku para sardjana „purbakala”, saréng nu sanesna. Nu ngawitan njuktjuruk nja eta Dr. Friederich (tahun 1853), téras Holle, C. M. Pleyte, Dr. Hoesein Djajadiningrat dina disertasi na : Critische beschouwing van de Sadjarah Banten, saréng nu pangahirna ku Dr. Poerbatjaraka.

Sakumaha nu parantos dipédar ti pajun, tjandrasangkala batu-tulis Bogor teh ku C. M. Pleyte diaos : 1455 Çaka = 1532 Masehi, ladjeng diléréskeun ku Dr. Poerbatjaraka djadi : 1255 Çaka = 1333 Masehi.

Dina kitab Pararaton kaséhat, jen Maharadja nu djadi radja Sunda ngadjadjapkeun putra istrina nu bade direndengankeun ka Prabu Hajam Wuruk di Madjapait. Ku margi aja pasulajaan — putri teh kedah disebakeun — nja ngadjadikéun pérang tutumpuran ; sadajana kasambut ngabelaa kahormatan katut lěmahtjai Sunda. Ieu kadjadian teh dina taun 1357 M.

Numutkeun Dr. Poerbatjaraka, moal boa Maharadja dina kitab Pararaton teh sami keneh saréng Maharadja dina batu-tulis Bogor, nja eta djénéngan Ratu Purana, nu disébat Sri Baduga Maharadja.

Dina kitab Tjarita Parahyangan, saparantos njarioskeun pě-rang Sunda di Madjapahit, iadženg disébatkeun aja putra Prēbu Wangi, nu djénengan Prēbu Niskala Wastu Kantjana, nu pupus di Nusa Larang di gunung Wanakusuma, iadženg ditema ku prabu anom (putra makuta) Galuh nu pupus di Gunung Tiga, nja eta nu digéntos ku radja Nalendra Pudja Prēmana sang ratu Djaja Dewata, nu pupus ku pitēnah (b. Wal. : verraad).

Ku margi eta, numutkeun paniéndak Dr. Poerbatjaraka, Prēbu Nalendra Pudja Prēmana sang ratu Djaja Dewata teh nu ngadégkeun Pakwan Padjadjaran, margi Prēmana tangtos robahan tina Purana, sareng Ratu Djaja Dewata sami sareng Ratu Dewata dina batu-tulis Bogor.

Djadi ringkésna kieu : Ejangna Ratu Purana teh nja eta *Rahyang Niskala Wastu Kantjana* atanapi Prabu Wastu di *Kawali*, nu pupus di *Nusa Larang*. Ramana nja eta nu djénengan Rahyang Dewa Niskala, nu didjungdjung lungguh djadi *prabu-anom* (nu disébat „togaan“) karadjaan *Galuh*, nu pupusna di *Guna Tiga*. Ratu Purana ku andjeun nja eta nu disébat oge Ratu Dewata atanapi Cri Baduga Maharadja, nu ngadégkeun karadjaan Padjadjaran dina taun 1333 Masehi numutkeun katérangan batu-tulis Bogor. Nja andjeunna nu pupus, kásambut di pang-pérangan Bubat (Madjapait) dina taun 1357 Masehi.

Kantun urang nérangkeun ngaran těmpat nu kaséhat di luhur. Pédaranana kieu : Hénteu tébih ti *Kawali*, di tengah talaga Pandjalu aja těmpat, ngatanna Nusa Géde, nu ku urang dinja diséhat oge *Nusa Larang*. Di dinja aja pasarean nu disébat karamat Adipati *Hariang Kantjana*.¹⁰⁵⁾ Tjakéti talaga Pandjalu, sakaler-eunana, salah sawios suku gunung Tjandana disébat *Gunung Tilu*.¹⁰⁶⁾ Gunung Tilu di dieu sami sareng *Gunung Tiga* (dina Tjarita Parahyangan) atanapi *Guna Tiga* (dina batu-tulis Bogor).¹⁰⁷⁾

Lamina Ratu Purana djadi radja, numutkeun Tjarita Parahyangan, nalika djadi Prēbu Maharadja (nu kasambut di pang-pérangan Madjapait) 7 taun, sédeng di dinja kaséhat deui, jen Prēbu Nalendra Pudja Prēmana (nu ngagéntos prabu-anom di Galuh) ngasta karadjaan teh lamina 39 taun. Numutkeun teori Dr. Poerbatjaraka¹⁰⁸⁾ katéranganana kieu :

Prabu Maharadja lamina marentah 7 taun, téras andjeunna

¹⁰⁵⁾ Kétiap tiasa robah numutkeun lamina djamán : Tjontona kétijap Rahyang — Hariang — Ariang — Aria, sapertos Rahyang Banga — Blatjang Banga — Atia Banga, nja kitu deui Rahyang Kantjana.

¹⁰⁶⁾ Tingali Dr. N. J. Krom : Hindoe-Javaansche Geschiedenis, 1926, k. 404.

¹⁰⁷⁾ Kétiap „Guna“ tiasa djadi asalna tina „Gunung“, upami aksara „na“ asalna make panjuku (sora u) sareng tjétiék (sora ng), nu dilantarankeun ku lamina djamán dugi ka eugus, ten tiasa diaos.

¹⁰⁸⁾ Tingali R. Ng. Poerbatjaraka : De Batav-Toets bij Buitenzorg, Tijdschrift v. I.T.L. V.K., LIX, 1919-1921, k. 380.

kagungan putra istri. 17 taun ti harita, nalika putri parantos sawawa, bade direndengankeun ka radja Madjapait, sst. Djadi lamina Cri Baduga Mahardja ngasta karadjaan Padjadjaran dugi ka pupusna teh 24 taun, nja eta tjotjog pisan saréng etangan dina batu-tulis Bogor saréng Pararaton. Nanging djumlah sadajana teh kapan 39 taun. Ku margi eta, samemeh Ratu Purana atanapi Cri Baduga Mahardja ngadékkeun dajeuh Padjadjaran teh tangtos djadi radja heula di témplate sanes (di Galuh ?) lamina 15 taun.

Nu ngagéntos Ratu Purana atanapi Cri Baduga Mahardja taja katérangan nu tetela, margi tatjan aja bahan sadjarah nu sanes, kadjabí ti katérangan tina kitab² babad atanapi nu sok disébat „sadjarah”, nu bade dipédarkeun éngke di handap.

Runtagna dajeuh Padjadjaran, nu diradjaan ku Prabu Seda, minangka radja nu pangahirna, nja eta kintén² taun 1579, nalika dirurug pérang ku Panémbahan Jusuf, putra Maulana Hasanu'd-din, radja Islam nu mimiti di Bantén¹⁰⁹) Djadi lamina karadjaan Padjadjaran teh 2^{1/2} abad.

Katérangan² tina batu-tulis nu kasébat di luhur netelakeun, jen aja patalina antara karadjaan Galuh saréng karadjaan Padjadjaran. Nanging katérangan djénéngan 'radja'² nu kapéndak dina bahan² sadjarah — sapertos batu-tulis, piagém tamaga, daun lontar — estu todjaiah pisan saréng katérangan² tina tjarita rajat, nu mangrupa tjarita pantun, babad saréng nu sok disébat „sadjarah”.

Ku margi eta, malahmandar aja pupurieunana kanggo nu ngulik sadjarah, eta tjarita rajat teh urang pédarkeun di dieu. Babakuna nu penting tina „sadjarah” atanapi babad teh nja eta salsilah para radja, da ari tjaritana (dongengna) mah parantos teu aja nu bireuk deui, sapertos : Lalakon Lutung Kasarung, Tjiung Wanara, s.s.t. Nanging sakapeung boh salsilahna para radja, boh galurna tjarita sok aja nu teu sami. Tah ieu oge bade dipintonkeun di dieu, nja eta sugri nu parantos kapéndak bae, kadjabí nu teu atjan.

F. SAL SILAH PARA RADJA NUMUTKEUN TJARITA RAJAT

Salah sawios tjarita rajat nu pang-dipikarésépna ku urang Sunda nja eta tjarita pantun, nu njaritakeun lalakon para radja di Galuh saréng Padjadjaran. Tina djénéngan para radja nu

¹⁰⁹ C. M. Tieyle : Het jaartal op den batoe-toelis nabij Buitenzorg. Tijdschrift v. I. T. L. Vk., LIII, 1913. kalja 190-194.

mashur biasana sok didamél salsilah nu téras ngarundajkeun para bupati di Tanah Sunda. Teu aneh, upami eta salsilah teh sok dimimitian ti Nabi Adam, nu téras turun-tumurun ka djaman „wajang” (Arđjuna, Abimanju, Parikésit sst.), ti dinja ngantet ka djaman „Galuh” (Prabu Sindula, Tjiung Wanara, Siliwangi sst.), nu ahirna dugi ka ngarundajkeun para bupati. Salsilah nu sarupa kieu biasana sok disébat babad atanapi „sadjarah”, nu sakapeung sok ngantet kana kadjadianana ngaran témpat kiwari, talaga, gunung sst. Nanging „djamanna” atanapi „waktuna” kadjadian-kadjadian nu pěnting mah tara ka-sébat², dugi ka matak sésah ka nu njuktjruk galur, mapaj sadjarah nu saénjana.

Upami ditilik ku nu tělik, djol² katangen bae, jen salsilah nu kasébat di luhur, nu dimimitian ku „djaman” para anbia (nabi) tina kitab Toret saréng Indjil, saréng ditema ku „djaman” para dewa tina kitab Mahabharata, ngandung pamohalan nu katépi ku akal.

Sanadjan kitu, babad saréng „sadjarah” nu sarupa kitu teh pěrlu kapintonkeun di dieu kanggo bahan ngabandingkeun saréng njuktjruk nu langkung djero, margi di antara djénéngan para radja hěnteu sadajana lépat, aja oge nu tiasa didamél tjaléjtjer antjér² kanjataan sadjarah.

Tjarita babad nu kawilang pangkahotna, nu disérat ku ak-sara Sunda buhun, nja eta Tjarita Parahyangan saréng Tjarita Waruga Guru, nu ajeuna disimpěn di Museum „Gedong Gadjah” di Djakarta.

Saréng aja deui babad kagungan para bupati, sapertos Babad Galuh, Babad Tjirébon, Sadjarah Bogor, sst.

Ajeuna urang ngawitan ti nu pangkahotna.

1. TJARITA PARAHYANGAN.¹¹⁰⁾

Kitab „Tjarita Parahyangan” teh tulisan kahot dina daun lontar. Lambaranana marisah, teu aja nu sami. Kapéndakna di Galuh, saréng eusina njarioskeun sadjarah tjampur dongeng (legendarisch) kalawan ringkés pisan. Ieu di handap pětikan tina Tjarita Parahyangan nu pěntingna bae, nja eta sugri nu tiasa dibandingkeun saréng sadjarah (babad) nu sanes, sangkan djadi kakuatan kanggo nu njuktjuk sadjarah. Kieu mimitina :

Ndé niham Tjarita Parahyangan.

Sang Resi Guru mangjuga Radjaputra. Radjaputra miseu-weukeun Sang Kandiawan lawan Sang Kandiawati sida sapilantjeukan, ngangaranan maneh Rahyangta Dewaradja,

¹¹⁰⁾ Tijdschr. v. Ind. T. L. & V. djl. LIX, 1919-1921, katja 402-415.

basa lumaku ngaradjā rēsi, ngangaranan maneh Rahyangta ri Mēdang Djati.

Inja Sang Lajuwatang nja nu njian Sanghyang Watangageung. Basa na angkat sabumi djadi manik sakurungan nu misenweukeun pantja putra sang apatijan : Sang Kusika, Sang Garga, Sang Mestri, Sang Purusa, Sang Putandjala : inja Sang Mangukuhan, Sang Karungkalah, Sang Sandanggréba, Sang Writikandajun. (sarēng salerasna).



Raden Panglurah, radja Talaga (dirupakeun artja Buddha Ratnasambhawa).

Garga, Maitri, Karusa, Patanjala teh nja eta djénéngan „rēsi lima” (mythische zielers) djanan baheula. Ieu djénéngan nu lima teh sok disabat dina „djampe supata” (vervloekingsformulier), sangkan djalma nu ngarémpak larangan (parentah) radja, manggih katjilakaan.

Ajeuna salsilahna urang bandingkeun sarēng katérangan nu sanes. Numutkeun Dr. J. Brandes¹¹²) dina „Sarasamuccaya” :

¹¹¹ Tinggi C. C. Berg : Kidung Sundayana, Surakarta 1928, katja 120.

¹¹² Dr. J. Brandes : Iets over een ouderen Dipanegara in verband niet een prototype van de voorspellingen van Jayabaya. Tijdschr. v. I. T. L. V., XXXII, 1899, katja 365.

Bilih ngajajaj teuing moal disalin, mung bade mintonkeun salsilahna bae, nja età : Rēsi Guru puputra Radjaputra, Radjaputra puputra Kandiawan sarēng Kandiawati. Kandiawan djudjuluk Dcwaradja, sarēng nalika ngabagawan djudjuluk Rahyangta ri Mēdang Djati (hartosna : Nu Sumare di Mēdang Djati). Ari Lajuwatang nu ngadamiel „Sanghyang Watangageung” (rupina ngaran tumbak, margi watang = tumbak), puputra lima : Kusika, Garga, Mestri, Purusa sarēng Putandjala : tah eta teh (nitis ka) Mangukuhan, Karungkalah, Sandanggréba, Writikandajun (sarēng nu kalimaten kasébat).

Numutkeun Prof. Kern¹¹³) nu disebat : Kuçika,

Wékandyawan puputra lima : 1. *Mangukuhan* (patani), 2. *Karungkalah* (tukang daging), 3. *Sandanggarbha* (padagang), 4. *Katungmalaras* (tukang lahang), 5. *Wréttikandahyun* (radja).

Ku Brandes dibandingkeun saréng kitab „Tantu-panggélaranan” : *Kandyawan* puputra : 1. Mangukuhan dugi ka nomér 5 sami, mung Wréttikandahyun djadi Wréttikandayun.

Téras ku andjeunna dibandingkeun saréng „Babad”. Di dieu mah rada bentén, kajuning : *Kandiawan* puputra 1. *Panuhun*, 2. *Karungkala* (paninggaran), 3. *Sandanggarba*, 4. *Tunggulmétung*, 5. *Rési Gatayu*.

Ti dinja dibandingkeun saréng kitab „Adji Saka” :

Kandiawan puputra 1. *Panuhun*, 2. *Karungkala*, 3. *Sandanggarba*, 4. *Suméndipétung*, 5. *Rési Gatayu*.

Saréng ahirna upami dibandingkeun saréng „Babad Kartasura¹¹³⁾, eta salsilah teh wuwuh lami wuwuh robah bae. Di dieu mah disébat : *Kandiawa* puputra 1. *Mangnyun*, 2. *Sandanggarba*, 3. *Karungkala*, 4. *Tunggulpetung*, 5. *Gatayu*.

Tetela, saparantos dibandingkeun, hidji² sadjarah (babad) teh teu aja nu sami. Ajeuna urang bade njépěng nu mana, kantun gumantung kana kapértjanténan urang bae. Itu-ieu teu aja nu tiasa ditjékél dělég.

Sanadjan ngaran² dina salsilah teh aja robahna, nanging upami ditingal dina gurat-badagna mah tiasa disalujukeun didamèl sadjarah unum di Pulo Djawa ngurung P. Madura saréng P. Bali. Djadi, *Kandiawan* teh karuhun sarerea, nu kagungan putra 5 : *Mangukuhan*, *Karungkalah*, *Sandanggréba*, *Katungmalaras*, *Wréttikandajun*, nu masing² djadi : patani, tukang daging (paninggaran), padagang, tukang lahang (njadap), radja. Ku margi eta katingal pisan „demokrasina”, jen radja teh kagungan saderek patani, padagang saréng patukangan. Rupina bae ieu „babagian” (classificatie) teh samekeh kadongkapan urang Hindu, nu ngabagi-bagi manusa djadi 4 kasta, nu teu kenging patjorok (babakuna dina nikah) : *Brahmanu* (pandita), *Kshatrya* (radja saréng pérdjurit), *Waisya* (padagang), *Sudra* (djalma beulian). Djadi tetela, samemeh kapangaruhan ku kabudajan Hindu, bangsa Sunda teh ngagaduhan rasa „demokrasi”, nu teu ngabeda-beda harkat manusa dina masarakat.

Ajeuna salsilah „Tjarita Parahyangan” urang téraskeun, sa-pértos di handap ieu :

Sang Wréttikandajun mangka manak Rahyang Sempakwadjo, Rahyangtang Mandiminjak, Rahyangta Mandiminjak maka

¹¹³⁾ Tijdschr. v. I. T. L. V. XXXII, 1889, katja 415.

manak Sang Sēna. Rahyang Sang Sēna maka manak Rahyang Sandjaja. Rahyang Sandjaja kawēkassan ring Mēdang, ratu ring Galuh.

Sangkan gampil salsilahna urang runtujkeun bae : *Wrēti-kandajin — Sēmpakwadja — Mandiminjak — Sēna — Sandjaja* (radja Galuh, nu sumare di *Mēdang*).



Patapan di Djalaksana.

katérangan Dr. Poerbatjaraka, nu njalin : „Rahyang Sandjaja Kawēkasan ring Mēdang, ratu ring Galuh”, kana basa Walanda :

„Rahyang Sandjaja hield verblijf te Mēdang (als) vorst van Galuh”¹¹⁴). Djadi „kawēkasan” disalin „hielde verbijf” (nu linggih) kirang tjoetjog saréng katérangan di luhur „nu pupus di Mēdang”.

Katérangan Sandjaja wuwuh kiat ku ajana djénéngan *Sēna* dina Tjarita Parahyangan, margi tjoetjog saréng katérangan batutulis. Tjanggal : Radja *Sanna* di Pulo Djawa digéntos ku Radja *Çri Sandjaja*, putrana Sannaha (saderek istri Radja *Sanna*), sakumaha nu parantos dipedarkeun ti pajun.¹¹⁵.

¹¹⁴) Sanoesi Pané : *Sadjarah Indonesia*, dj. I, B. P. Djakarta 1946, katja 29.

¹¹⁵) *Tijdschr. v. I. T. L. V. K.*, LIX, 1919-1921, katja 416.

¹¹⁶) Tingali Prof. Dr. Poerbatjaraka : *Riwajat Indonesia*, djilid I, Djakarta 1952, katja 55.

Ieu salsilah netelakeun, jen Sandjaja teh radja Galuh. Kéttjap „kawēkasan” di dieu disalin djadi „nu sumare”, margi di na basa Djawa aja kétjap : „wékasih hurip” (panungtungan hirup), nu harto-sna sami saréng „pupus”. Hal ieu tjoetjog saréng katérangan dina batutulis Bali-tung, nu ngandung parelean djénéngan radja² : *Rakai Mataram Ratu Sanjaya*, Çri Maharaja Rakai *Panangkaran*, Çri Maharaja *Pakai Panunggalan*, Çri Maharaja Rakai *Warak*, Çri Maharaja Rakai *Garung*, Çri Maharaja Rakai *Pikatan* Çri Maharaja Rakai *Kayuwangi* saréng Çri Maharaja Rakai *Watuhumalang*, nu sadajana dipudja djadi *para radja nu pupus di Mēdang*, di Poh Pitu.¹¹⁴) Ku margi eta, ieu katérangan langkung tetela tibatan

Saterasna dina Tjarita Parahyangan katjarioskeun aja turunan Sandjaja, nu kieu ungelna :

Madjar Rahyang Sandjaja, ngawwarah anaknira Rēkejan Panaraban, inja Rahyang Tampēran : „Hajwa dek nurutan agama ai, kena ai mrētakutna urang reja.” Lawasnya ratu salatpan tahun, disilihun ku Rahyang Tampēran. Tēmbeuj Sang Rēsi Guru majuga „Taradju Djawa-dipa”. Taradju ma inja Galunggung. Djawa ma ti wetan. Dipa ma na Sunda.

Hana pandita sakti, ngaranja Bagawat Sadjala-djala, pinēdjahan tanpa dosa, mangdjanma inja Sang Manarah, anaknya Rahyang Tampēran, dwa sapilantjeukan deung Rahyang Banga. Sang Manarah malēs hutang. Rahyang Tampēran sinikép deneng anaknira, ku Sang Manarah dipandjara-wési.

Ringkésna salsilah : *Sandjaja — Panaraban (Tampēran) — Rahyang Banga saréng Sang Manarah.*



Patapan Adjar Sukarési.

Rahyang Tampēran púputra 2, nja eta *Rahyang Banga* sareng *Sang Manarah*. Ladjéng Rahyang Tampēran dipandjara ku sang Manarah (titisan Bagawan Sadjala-djala, nu dipaehan ku Rahyang Tampēran).

Ieu katérangan dina salsilah Tjarita Parahyangan sami sareng tjarita pautun : Lalakon Tiung Wanara, nu malēs pati ka

ramana, dunach muchan pandita, nu kēdah norai Dewi Naganingrum (ibuna Tjiung Wanara), nu nudju „bobot“ bobodoan. Mung bentenna : *Rahyang Tampéran* disébat Aria Kebonan = Ki Bondau (ratu panjélang), *Bagawat Sadjala-djala* sami saréng *Adjjar Sukarési* di Gunung Padang, saréng *Sang Manarah* ku andjeun nja eta *Tjiung Wanara*.

Salsilahna oge bentén, dina Tjarita Parahyangan Rahyang Tampéran teh putra Sandjaja, nanging dina tjarita pantun Ki Bondan kēdah ngawakilan Ratu Galuh.

Sanadjan ieu dua katérangan teh teu sapagodos, nanging urang parantos kenging bahan sadjarah nu kenging dipértjantén, jen djénéngan *Tjiung Wanara* teh aja. Robahna kétjap antara *Manarah* saréng *Wanara* tangtos gumantung kana dua faktor měkarna basa Sunda, nja eta: „waktu“ saréng „tempat“. Nu kahidji, ku margi parantos lami djamanna, basa teh robah tina asalna. Nu kadua, pabaréntajna bangsa atanapi golongan bangsa dina djaman baheula (djaman sésah patalimarga), basa teh měkar djadi sababaraha golongan basa. Tjontona di Eropa, nu tjékap bahan² sadjarahna : Basa Laten nu dianggo ku bangsa Romawi (pangeusi kota Roma), parantos njébar³ ka daerah² Eropa palih kulon ku djalan ngadjadjah daerah² bieu. Daerah nu tébih ti pu-seur dajeuh (Roma) mung ukur kapangaruhan saeutik, nanging daerah² nu tjakéti mah, sapertos : Parantjis, Sëpanjol, Portugis saréng nu di puseurna pisan, nja eta Itali, meh sagémbéngna rajat nganggo basa Laten. Ku margi parantos lami djamanna. sababaraha abad nu kaliwat basa Laten nu dianggo ku golongan bangsa nu njitjingan daerah² tadi teh robah djadi „basa nasional“ nagara² : Parantjis, Sëpanjol, Portugis saréng Itali, nja kitu deui sekeseler basa Sëpanjol saréng Portugis di Amerika Tengah sa ieng Kidul, robah djadi basa Mexico, Brasilia, Argentinia sst.

Ajeuna urang wangsul deui kana kétjap *Manarah* saréng *Uwanara*, sumawonna tambahna nganggo *Tjiung*, urang teu tiasa nastikeun. kétjap nu mana nu *pangaslinu*, margi urang kēdah ngémpélkeun heula bahan² sadjarah nu tjékap. Ku margi di Pasundan kakirangan keneh ku bahan² sadjarah saréng „purba-kala“ (archeologisch). panalungtikan basa teh tatjan tiasa sampurna.

Nja kitu deui djénéngan *Rahyang* (Hariang, Ariang, Aria) *Bunga*¹¹⁷ parantos teu kintén kawakna saréng mashurna di kolangán rajat djalata. babakuna dina tjarita pantun, nu parantos

Kétjap „rahyang“ (basa Kawi) asalna tina „ra“ (pikeun ngabormai) saréng „hyang“ (gějaran dewa, dédémuit, pandira saréng para radja nu parantos pupus). Tina kétjap „rahyang“, kawakan basa diwangun kétjap „Pa-rahyang-an“, „tempat bangsa „rahyang“ (karobutan).

djadi tradisi (turun-tumurun), nu tangtos sésah itjalna tina ingét-an rajat Sunda.

Ku margi eta teu aneh, upami djénéngan Tjiung Wanara saréng Rahyang Banga teh djadi karuhun dina salsilah para bupati Sunda, nja eta „karuhun asli”, nu ngaluluguan (ngapalaan) bangsa Sunda.

Waktu kalébétan pangaruh bangsa Djawa, salsilah karuhun Sunda teh ditambah ku salsilah karuhun Djawa (ti Géndrajan — Djajabaya — téras dugi ka Raden (Kuda) Laléjan, nu ngadékun dajeuh Padjadjaran, margi ka-lunta² ti nagara Djanggala, Djawa Wetan).¹¹⁸⁾

Nja kitu deui salsilah karuhun Djawa, nalika kapangaruhan ku agama saréng kabudajan Hindu, ditambahan saheulaeunana ku karuhun para dewa saréng Pandawa (Ardjuna sst.), saréng dina djaman Islam ieu salsilah teh ditambahin deui bae, ngawitan ti Nabi Adam. Padahal salsilah para nabi (sadjarah Anbia) taja patalina saréng sadjarah para dewa tina kitab Weda saréng Mahabharata bangsa Hindu, sumawonna salsilah bangsa Indonesia (Austronesia) saréng bangsa Hindu (Aria) estu patébih pisan. Lantaranana, nu mawi sadjarah (salsilah) di urang sok ditjaruk (ditjmpuran) sadjarah deungeun, numutkeun Dr. Piégeaud, taja sanes bidjilna tina pangaruh „classificatie-systeem” (hukum babagan) nu ngandung „cosmische gemeenschapsgevoel” (rasa ngahidji sadunja).¹¹⁹⁾ Ku pangaruh ieu „komara” para radja, bupati sst. teh feu leungit², nja eta nu dianggap puseurna pangaruh rajat. Ku margi eta, sadjarah bangsa Sunda teh ngantet rakèt pisan saréng sadjarah para radja (bupati) Sunda, nu sok disébat „babad”. Hal ieu éngke di handap urang téraskeun.

Ajeuna urang ngahantja deui salsilah tina Tjarita Parahyangan. Rundajan ti Tjiung Wanara teu katjarioskeun, Naou margina teu aja nu térang. Tima hal andjenana mung aja saeutik pisan, nja eta :

Sang Manarah lawasnya ratu dalapan puluh tahun, kena rampesna ugama, Sang Manisri lawasnya ratu gënçp puluh tahun, kena isis di Sanghyang Siksa, Sang Tariwulan lawasnya ratu tudjuh tahun. Sang Wiléngan lawasnya ratu tudjuh tahun.

Djadi dina eta sałsilah mung njarioskeun, jen Tjiung Wanara ngasta karadjaan (Galuh) mung 80 taun. Satérasna njébat djénéngan radja² nu sanesna, nu teu disébatkeun pérnahna ka

¹¹⁸⁾ Tingali „Watjetan Natasungkawa” wedalan Bale Pustaka.

¹¹⁹⁾ Tingali „Het karakter van de Javaansche geschiedschrijving” dina buku C. G. Berg : Kitung Sundayana, Soerakarta 1928, katja 151.

Tjiung Wanara. Ku margi eta urang ilari dina bahan sadjarah nu sanes, upamina kitab „Tjarita Waruga Guru” nu bade dipedarkeun di handap.

Samemeh urang néraskéun Tjiung Wanara, pérlu heula kawuninga rundajan Rahyang Banga, saréng di mana ngasta kardjaanana.

Numutkeun Tjarita Parahyangan katja 8, bagian mimiti ¹²⁰), kaungél ieu :

Tjarek Maharadja Trarusbawa keh sahitu : „Anaking samudaja sareera, heubeul sija mangadéng di kadaton Sri Bima Punta (Na)rajana Madura Suradipati, sorewu satus tahun henbeul sija ngadéng ratu disilihan ku Maharadja Harisdarma, heubeul sija ngadéng ratu ngeusina kadaton saréwu sapuluh tahun turunna pa-tiwah”.

Maharadja Harisdarma miseweweukeun Rahyang Tamperan, Rahyang Tamperan miseweweukeun Rahyang Banga, Rahyang Banga miseweweukeun Rahyang Tawuwus, Rahyang Tawuwus miseweweukeun Prébu Sanghyang, Prébu Sanghyang miseweweukeun Baduga Sanghyang, Baduga Sanghyang miseweweukeun deui Salumah ing rana, Salumah ing rana miseweweukeun Salumah ing Tasikpandjang, Salumah ing Tasikpandjang miseweweukeun Salumah ing Winduradja, Salumah ing Winduradja miseweweukeun Rakejan Darma Siksa.

Salsilahna : *Trarusbawa — Harisdarma — Rahyang Tamperan — Rahyang Banga — Rahyang Tawuwus — Prébu Sanghyang — Baduga Sanghyang — Salumah ing rana — Salumah ing Tasikpandjang — Salumah ing Winduradja — Rakejan Darma Siksa.*

Kanggo ngabandingkeun ieu salsilah aja deui tulisan lontar (numutkeun C. M. Pleyte salérésna mah *nipah* ¹²¹) 6 lambar nu dikumpulkeun ku Dr. J. L. A. Brandes ti Kabujutan Tjiburuj (?). Urang bakal mëndak salsilah dina eta tulisan, nu meh sarupa saréng salsilah Tjarita Parahyangan nu kasébat di luhur. Pérlu kapintonkeun di dieu kanggo nambahán katérangan, nja eta sa-pértos di handap ieu :

Katja mimiti :

Awignam astu.

Nihan tembéj sakahala Rahyang Banga, masa sija njusukna

¹²⁰ Lambaran „Tjarita Parahyangan” nu ieu (katja 8) teu kasébat dina karangan Dr. Poerbatjaraka : De Batoc-Toelis bij Buitenzorg, Bijlage a : De Tjarita Parahyangan, Katja 8 (fol. 8) nu ieu kapendakna dina karangan C. M. Pleyte : Een pseudo-Padjadjaransche kroniek, Tijdschr. v. I. T. L. Vr., dj. LVI, 1914, katja 279 (Bijlage).

¹²¹ Lontar w. b. Laten : *Borassus flabellifer* L. = nipah = b. Laten : *Nipa fruticans* Thunb. Daanana kaasup bangsa paléon (Palmae).

Pakwan maka ngaran Rahyang Tawuwus, maka manak Maharadja Dewata. Maharadja Dewata maka manak Baduga Sanghyang. Baduga Sanghyang maka manak Prēbu Sanghyang Prēbu Sanghyang maka manak Salumah ing rana. Salumah ing rana maka manak Salumah ing Winduradja. Salumah ing U(n)duradja maka manak Salumah ing Tasikpandjang. Salumah ing Tasikpandjang (maka manak) Salumah ing Hudjungkēmbang. Salumah ing Hudjung-kēmbang maka manak Rēkejan Darma Siksa

Katja 2 panungtung saréng katja 3 mimiti :

Sija Rēkejan Darma Siksa maka manak Salumah ing Taman, patémwan deung ti Darmiaagung. Aja mangsē sija patémwan deung ti sisi ma pun, maka ngaran Sang Radja Purana.

Salsilahna : *Rahyang Banga — (Rahyang Tawuwus) — Maharadja Dewata — Baduga Sanghyang — Prēbu Sanghyang — Salumah ing rana — Salumah ing Winduradja — Salumah ing Tasikpandjang — Salumah ing Hudjungkēmbang — Rēkejan Darma Siksa — Salumah ing Taman saréng Sang Radja Purana.*

Ieu salsilah nu dua pérli urang bandingkeun saréng urang tetelakeun babagian nu pentingna kanggo bahan sadjarah. Supados gampil, salsilah Tjarita Parahyangan katja 8 urang sèbat „salsilah nu kahidji”, saréng salsilah daun nipah ti Kabujutan djadi „salsilah nu kadua”.

Dina salsilah nu kahidji urang niéndak bahan sadjarah nu penting nu njébatkeun, jen karaton Padjadjaran teh disébatna : *Sri Bima Punta Narajana Madura Suradipati*, nu diadékkeun ku Maharadja Trarusbawa.

Rundajan andjeunna bakal marentah sarebu saratus tahun, ladjéng ditema ku rundajan Maharadja Harisdarma sarebu sa-puluhan taun. Djadi 2 rundajan (turunan) bakal marentah 2 rebu tahun teh teu asup kana akal, margi buktina karadjaan Pakuan Padjadjaran teh heubeulna mung $2\frac{1}{2}$ abad (250 taun. ti 1333 dugi ka 1579).

Dina salsilah nu kadua kasébat, jen nu ngadékkeun „Pakuan” teh Rahyang Banga. Naon hartosna „Pakuan”? Eta kitu asalna tina „Pakuwan”?

Numutkeun Holle, upami „Pakuan” asal tina kétjap „kuwu”, djadi diutjapkeunana kédah „Pakuwan” atanapi „Pakuwon”: djadi pimaksadeunana „karaton” (sami saréng „pakuwon” b. Djava : padumukan). Saur Dr. Poerbatjaraka tiasa djadi tina „pakuwan” (b. Kawi : pakuwwan) diutjapkeun ku urang Sunda „pakuwan”, téras djadi „pakuwan”. ahirna „pakuwan”. Kumargi eta,

„Pakuan“ saréng „Padjadjaran“ teh sanes „Dajeuh nu rea tangkal paku-an nu ngadجادjar“, sakumaha katérangan tjarita pantun.⁽²²⁾

Patali saréng nu ngadékkeun dajeuh Pakuan, di dieu disébatkeun kenging Rahjang Banga, nanging dina batu-tulis Bogor kenging Ratu Purana. Mana nu lérés? Hal ieu tatjan tiasa ditétepkeun.

Urang téraskeun „Sanghyang“ hartosna „nu parantos ngahiang (pupus)“, kiwari biasa disébat „sawargi“ (tina „sawarga“) atanapi „almarhum“ (nu di-„rahmat“ ku Allah). Djadi Prébu Sanghyang sami saréng Radja sawargi (almarhum). Nja kitu deui kétjap „salumah ing“, margi radja² nu parantos pupus, dina basa Kawi sok disébat: „paduka bhatara sang lumah ri (i atanapi ing)“, nu hartosna „paduka bhatara nu disimpén lèbulajonna di“ Djadi „Salumah ing rana“ maksadna „Nu pupus di pangpérangan“, „Salumah ing Tasikpandjang“ = „Nu sumare di Tasikpandjang“, sst.

Dina salsilah nu kadua aja djénéngan Maharadja Dewata, anu puputra Baduga Sanghyang. Hal ieu ngahamhamkeun, margi tiasa pabeulit saréng djénéngan Sri Sang Ratu Dewata nu digélar Sri Baduga Maharadja dina batu-tulis Bogor nu parantos dipédarkeun ti pajun. Nja kitu deui djénéngan Salumah ing rana (Nu pupus di pangpérangan) ulah pahili saréng Maharadja nu pupus di Bubat (Madjapait), margi djaman baheula mah teu anch upami silih pérangan (silih talukkeun) teh. Djadi radja² Sunda oge tangtos séring pérang saréng nagara² sanes.

Saréng ahirna nu penting teh dina lérésan: Rêkejan (b. Kawi: Rakryan) Darma Siksa puputra Radja Purana. Hal ieu matak helok, margi Ratu Purana atanapi Sri Baduga Maharadja dina batu-tulis Bogor parantos diangkén ku para sardjana „purbakala“, jen andjeunna sami keneh saréng Maharadja nu pupus di Bubat (Madjapait) tea. Hal ieu urang pasrahkeun ka para ahli sadjarah saréng ahli „purbakala“.

Nilik kana eusina Tjarita Parahiyangan nu disérat ku ak-sara Sunda asli dina basa Sunda buhun, sugri salsilah turunan para radja Sunda tiasa oge dipértjantén, salami eta salsilah tiasa ditjotjogkeun saréng katérangan atanapi sadjarah nu sanes. Ku margi eta, iraha disératna Tjarita Parahiyangan tiasa dibandingkeun saréng sadjarah nu salérésna. Dina panungtungan Tjarita Parahiyangan aja kalimah kieu:

*Tembuej datangna prêbeda. Bwana alit sumurup ring ganul.
Mëtu sanghara ti Sélam. Prang ka Radja Galuh, elehna Ra-*

⁽²²⁾ Tingali R. Ng. Poerbatjaraka - De Batoc-Toets bij Buitenzorg. Tijdschrift v. I. T. L. V. K., dji. LIX, 1919-1921, katja 101.

dja Galuh, Prang ka Kalapa, elchna Kalapa, Prang ka Pakwan, prang ka Galuh, prang ka Data, prang ka Madiri, prang ka Patege. Prang ka Djawa Kapala, elehna Djawa Kapala. Prang ka Géglang, njabra(ng) prang ka Saladjon Pahei, elch ku Sélam. Kitu kawisesa ka Démak deung ti Tjirébon, pun.

Tetela pisan, dina waktos Tjarita Parahyangan nudju disérat teh keur ragot pérang agama antara Hindu saréng Islam.¹²³⁾ Hal ieu sami saréng pérang politik, nu marébutkeun kakawasaan nagara, margi saparantos Galuh (Tjiamic), Sunda Kalapa (Djakarta) saréng Pakuan Padjadjaran dipérangan ku balad Islam — kalawan talukna Galuh saréng Sunda Kalapa — kenging disébatkeun, jen Pasundan parantos kabawah kawisesa ku Démak saréng Tjirébon. Ku margi pérang ka Pakwan (Pakuan Padjadjaran, Bogor), pérang ka Patege (Portugis), sst. tatjan disébatkenn „eleh” (taluk), urang tiasa nétépkeun, jen harita Fatahillah (Sunan Gunung Djati) ti Tjirébon, dina taun 1527, parantos tiasa ngarébut Bantén saréng njitjingan Sunda Kalapa, nja eta wewéngkon palabuan karadjaan Padjadjaran, Patali saréng wewéngkon Sunda Kalapa, dina kaping 21 Agustus 1522 urang Portugis parantos nawis kontrak (pérjangdjian dagang) saréng Mantri² wawakil Radja Sunda.¹²⁴⁾

Djadi, Tjarita Parahyangan teh disératna moal tébih ti taun 1527.

Ku margi salsilah turunan Tjiung Wanara dina Tjarita Parahyangan teu kasébat, urang paluruh dina kitab „sadjarah” sapandeurién Tjarita Parahyangan, di antarana nu pangakhotna teh nja eta Tjarita Waruga Guru, nu bade dipédarkeun ieu di handap.


2. TJARITA WARUGA GURU.¹²⁵⁾

Kitab Tjarita Waruga Guru teh disératna dina kertas nu ngarangkép buatan nagara Walanda, mung teu aja taunan. Ak-sarana Sunda asli, nu kalébét keneh aksara kuna. Basana mah meh sami saréng basa Sunda kiwari. Ieu kitab kapéndakna di „kabujutan” di Kawali. Disératna ieu Tjarita Waruga Guru ti-sa djadi antara taun 1705 saréng 1709, margi dina salsilah Mataram turunan nu kasébat mung dugi ka Susunan Pugér, nu djudjuluk Paku Buwana I. Dina taun 1719 andjeunna digéntos ku putrana, nja eta Paku Buwana II, nu djudjuluk Mangkurat IV. Djénengan nu ieu tatjan kasébat dina Tjarita Waruga Guru

¹²³⁾ Tijdschrift v. I. T. L. V. deel LIII, 1911, katja 181.

¹²⁴⁾ Tingali : Asal-muasalha kénép „Sunda”.

¹²⁵⁾ Tingali salinanana katut fjonto aksarana dina karangan : C. M. Pleyte, „De Patapan Adjar Suka Rési”, Tijdschrift v. I. T. L. V. deel I.V., 1919, katja 251.



Tjarita Waruga Guru.

sawangsulna djéneng-an Mangkurat teh disébatna Pangeran Mangkunagara. Djadi Tjarita Waruga Guru tatjan disérat. Kitu numutkeun paméndak C. M. Pleyte.

Eusina Tjarita Waruga Guru njarioskeun lalakon Tji-ing Manarah saréng sadjarah ditjampur ku agama. Ieu sadjarah dimimitian ku Nabi Adam, téras turun-tumurun puputra dugi ka Nabi Enoch. Ti Nabi Enoch ngaruntuj djénengan para *ratu* (radja), minangka rundajan ti Nabi Enoch, nu teu disébat nagarana kajaning:

Ratu Babar Buana.

Ratu Gandul Gan-

tung Ratu Ménèng Putih saréng satérasna dugi ka Ratu Radja-putra Putérdjagat. Ku margi eta, ieu sadjarah moal dipédarkeun sadajana. Nu pérлу kauninga, nja eta *Ratu Galuh* (tiasa djadi di dieu djénenganana *Ratu Préswata Sari Djagat*) puputra duu: *Harijang Bangga* saréng *Tjiung Manarah*.

Harijang Bangga angkat ka wetan, téras djadi *Radja Madjapait*, nu ngarundajkeun para radja dugi ka *Susunan Pugér* (*Paku Buana I*).

Tjiung Manarah angkat ka kulon, téras djadi *Radja Padjadjaran*. Sangkan tetela, urang pétik satjerewelena tina Tjarita Waruga Guru :

*Tjaritakeun deui Tjiung Manarah karsa dek murud ngulon.
Ma(n)ga maan kuring pa(n)daj domas kurang hidji, nitih
lémah Padjadjaran. Arina krama ka Ratu E(n)dang Kal(n)
tjana. Arina puputra Darmarche, Darmarche arina puputra
Lutung Kasarung. Latung Kasarung arina puputra Prébu
Lingga hijang. Prébu Linggahijang puputra Prébu Linggawé-*

si. *Prēbu Linggawesi arina puputra Prēbu Li(ng)gawastu. Prēbu Linggawastu puputra Sang Susuktu(ng)gal. Sang Susuktunggal arina puputra Prēbu Mu(n)dingkawati. Prēbu Mu(n)dingkawati puputra Prēbu Anggalarang. Prēbu Anggalarang puputra Prēbu Siliwangi, djumčeneng njakrawati Padjadjaran.*

Salsilahna : *Tjiung Manarah — Darmarche — Lutung Kasurung — Linggahijang — Linggawesi — Linggawastu — Sang Susuktunggal — Mundingkawati — Anggalarang — Siliwangi.*

Dina ieu Tjarita Waruga Guru disébatkeun, jen Tjiung Wanara (Tjiung Manarah) djadi Radja di Padjadjaran, nu turun-tumurun ngarundajkeun para radja Padjadjaran dugi ka Prabu Siliwangi.

Kawasna bae tina salsilah ieu para bupati Sunda pada njutat, nja eta salsilah nu ngantet bras ka arandjeunna. Mung Jami² tangtos aja bentenna, margi tara disérat tea, tjékap ku tatalepa dilisankeun.

3. BABAD GALUH.

Babad teh babakuna njarioskeun asal-muasalna aja nagara. Sakapeung „babad” sok disébat oge „sadjarah”. Pokona tjarita, boh dina babad, boh dina „sadjarah”. nja eta ngalalakonkeun salah sawios karuhun. nu djadi bhibit-buit salsilah, nu ngarundajkeun turunan para bupati Sunda.

Babad Galuh nu hade dipédarkeun di dieu, dipétek tina salsilah R. A. Aria Kusumadiningrat, Bupati Galuh (taun 1913).¹²⁶⁾ Disébatna : „Tjaritos wiwitan radja” di Pulo Djawa”, nu dimimitian ti Nabi Adam nu téras — turun-tumurun — dugi ka an-djeunna.

Pokona tjarita nja eta ngalałakonkeun Tjiung Wanara ti ngawitan dibabarkeun. Lalakonna kirang-langkung sami saréng tjarita pantun, nu parantos ilahar di Pasundan. Ringkésna jalakon, nja eta njarioskeun *Ratu Galuh*, nu djénénganana *Ratu Pusaka* (dina pantun : *Sang Pérmana di Kusuma*¹²⁷⁾). Ngaranna disébat *Bodjong Galuh* (dina pantun : *Galih Pakuan*). Andjeunna puputra dua, nja eta ti garwa nu kahidji, nu djénéngan *Sangradja Komalasari* (dina pantun : *Dewi Pangrénjép*), puputra *Hariang Banga*, saréng ti garwa nu kadua, nu djénéngan *Pramana Sakli* (dina pantun teu kasébat) puputra *Sangiang Maradja Sakti*. Wak-toos radja bade lugaj ngabagawan, andjeunna njuhunkeun digé-

¹²⁶⁾ C. M. Pleyte : De Patapaan Adjar Suka Rési Tijdschrift v. I. T. L. V. deel I.V. 1913. kafé 281.

¹²⁷⁾ Tjarita Tjiung Wanara Volksalmanak Sunda 1922. B. P

tos ku *patih*, nu djénengan *Ki Bondan* (dina pantun : *Mantri anom Aria Kébonan*). Ratu Bondan ladjeng njandak *sélir*, nu djénengan *Njai Udjung Sëkar Djingga* (dina pantun : Pohatji Naganing Rum, garwa Ratu Galuh nu kadua), nu éngkena, saparantos Ratu Bondan miwarang maehan *Adjær* (pandita) ti *Guning Padang* (dina pantun : *Adjær Suka Rési*), puputra *Tjiung Wanara*. *Tjiung Wanara* dipalidkeun di *Tjitanduj*, nu kapéndak saréng dirorok ku Aki Balangantrang. *Tjiung Wanara* mulih ka dajeuh, bade malés pati. Ratu Bondan ku andjeunna dipandjara. Ku margi eta, Hariang Banga bëndu, ladjeng pérang saréng *Tjiung Wanara*. Ku margi taja nu kawon, lèbah *Tjipamali* téras papisah. Hariang Banga ka wetan djadi radja Madjapait. *Tjiung Wanara* ka kulon djadi radja *Padjadjaran* (pikédaheunana mulih ka Bodjong Galuh). Ahirna ditambah ku salsilah rundajan ti Hariang Banga nu turun-tumurun dugi ka Paku Buana saréng *Pangeran Pugér*. Nja kitu deui rundajan ti *Tjiung Wanara*, sa-pertos di handap ieu :

(*Pupuh Durma*)

Sang Prabu Tjiung Wanara puputra, nja Njai Purba Sari, Purba Sari lakian, ka Lutung Kasarung djaja, eta teh putraan deui, Sang Lingga Liang, puputra Lingga Wési.

Lingga Wési katjarita geus putraan, Lingga Watu bupati, Lingga Watu puputra, Sang Prabu Susuktunggal, putraan Mundingkawati, Ki Anggalarang, puputra Siliwangi.

Salsilahna : *Tjiung Wanara — Purbasari — Lutung Kasarung — Lingga Liang (Hiang) — Lingga Wési — Lingga Watu (Wastu) — Susuktunggal — Mundingkawati — Anggalarang — Siliwangi.*

4. BABAD GALUH-IMBANAGARA,

Ieu babad disimpén keneh di Musium „Gédong Gadjah“ di Djakarta, nu ditulis dina bukutulis biasa ku aksara Laten. Dimimitian ku ngagambarkeun témpatna makam *Tjiung Wanara* s.s.t. di *Tjamis*. Pokona tjarita kenging nukil tina paririmbon R. A. A. *Kusumadiningrat*, Bupati Galuh, saréng R. A. *Natadikusumah* Bupati Imbanagara.

Salsilahna : *Maharadja Adimulja* (Ratu Galuh) puputra *Tjiung Wanara* (Ratu Padjadjaran) puputra *Purbasari*. Disambung ku salsilah : *Bulusputih* puputra *Sanghiang Manggung* puputra *Lutung Kasarung*. Ladjeng *Purhasari* nikah ka *Lutung Kasarung*, nu téras ngarundajkeun dugi ka Bupati Bandung, *Tuménggung Wira Angun-Angun*.

Ringkésna salsilah : *Lutung Kasarung* — *Lingga hijang* — *Linggawesi* — *Linggawastu* — *Susuktunggal* — *Banjaklarang* — *Banjakwangi* — *Mundingkawati* — *Anggalarang* — 1. *Siliwangi* — 2. *Djakapakuan*, — 3. *Garbamenak*.

Garbamenak turun-tumurun dugi ka Bupati Bandung, *Tumenggung Wira Angun-Angun*.

Dina ieu salsilah ditambah ku Banjaklarang saréng Banjakwangi. Kitu deui Siliwangi kagungan saderek 2 : Djakapakuan saréng Garbamenak. Saréng di dieu kaséhat, jen Lutung Kasarung teh mantu Tjiung Wanara.

5. BABAD TJIREBON¹²⁸⁾.

Ieu babad diwastaan „Sudjarah Babad Cheribon dari dulu sampe sékarang ini”. Disératna dina basa Indonesia (dialect Sundha), nu naskahna dipasilkeun ku Bupati Tjirébon, R. A. A. Salomon Salam Surjadiningrat, ka C. M. Pleyte.

• Pokona tjarita : *Sangiang Buluputih* (Radja di Sangiang Talaga), nja eta saderek *Tjiung Wanara* (Radja di Padjadjaran). puputra *Sangiang Panggung Kantjana* puputra *Lutung Kasarung*. Lutung Kasarung nikah ka *Purbasari* (putra Tjiung Wanara). Padjadjaran dibagi dua : ti Bajongbong ka kulon, disébat Prajangan, diparentah ku Mahradja Tjiung Wanara. Ti Bajongbong ka wetan, disébat Padjadjaran, diparentah ku Lutung Kasarung. Ladjéng ditema ku jalakon ringkés masing². *Lutung Kasarung* dipandjara ku putrana, nu djénengan *Lingga hijang*, nja eta malös pati, ku margi Lutung Kasarung maehan brahmana Manik Lingga Wajang. Linggahijang ditjandak ngahiang ku Panggung Kantjana, nu mangmaléskoun Lutung Kasarung. Karadjaan ditéraskeun ku putrana, nu djénengan *Linggawesi*, nu mangrupa batu nalika dibabarkeun. Ladjéng ditawa djadi manusa, nanging éngkena pupus djadi batu deui. Linggawesi puputra *Prabu Wastu* nu néraskeun mangku kaprabon. Andjeunna kadeseh pérang ku Kranda Rawana. Radja Lampung. Ladjéng ngahiang lèbèt kana tjaï di Sangiang Talaga. Nu néraskeun ngasta karadjaan nja eta putrana, nu djénengan *Susuktunggal*, nu sumare di Sindangkasih (sisi Laut Kidul). Andjeunna puputra *Anggalarang*.

Ringkésna salsilah : *Lutung Kasarung* — *Lingga hijang* — *Linggawesi* — *Prabu Wastu* — *Susuktunggal* — *Anggalarang*.

¹²⁸⁾ Uittreksel van de Soedjarah babad négrí Cheribon dari doeloe sampe sékarang ini. (Lampiran C. M. Pleyte : Het jaartal op den batoe-toets nabij Buitenzorg). Tijdschr. v. I. T. I. V. k. LIII, 1941, k. 260.

6. BABAD TJIREBON KANOMAN.¹²⁹⁾

Babad ieu oge disébatna : „Sudjarah Babad Negri Cheribon dari dulukala sampe sekarang“, nanging nu ieu mah kagungan ku lawarga Kanoman.

Eusina tjarita ngawitan ti *Watugunung*, ratu Nusa Djawa, puputra *Prabu Sindula*, ratu *Galuh*. Prabu Sindula kagungan putra 4 : 1. putri. 2. *Dewata Tjengkar* ratu Mēdangkamulan, 3. *Dewa Pamuna*, ratu Madura. 4. *Dewi Agung*, nu ngaradjaan P. Bali. Saparantos D. Tjengkar puputra *R. Daniswara*, Mēdangkamulan dilindih ku *Adji Saka*, nu njébarkeun agama Islam. D. Tjengkar kadeseh pérang ku Adji Saka, ladjéng lèbét ka Laut Kidul djadi buaja putih. R. Daniswara ngantunkeun Mēdangkamulan. Saparantos kenging kasakten ti ejangna. Prabu Sindula, ladjéng R. Daniswara nalukkeun Adji Saka, nu téras ngahiang ditjandak ku *Idjadil*. Saparantos Mēdangkamulan karébut deui. R. Daniswara djadi radja sakuliah Djawa. Turunan nu ka-27 ti Prabu Daniswara djénénganana *R. Bandjaransari*. Ku margi Mēdangkamulan parantos runtag, ladjéng R. Bandjaransari angkat tatapa, sangkan djadi radja sakuliah Djawa. Saparantos andjeunna tiasa nalukkeun nagara djin (onom), nu diradjaan ku Dewi Prabawati, andjeunna migarwa patihna, nu djénéngan Natadewi. Ladjéng andjeunna djadi radja, nu disébat Prabu Dewadji. Prabu Dewadji puputra : 1. *putri*. 2. *Ariang Banga*, 3. *Tjiung Wanara*. Nalika juswa 90 taun, Prabu Dewadji angkat ngabagawan.

Ringkésna salsilah : *Watugunung* — *Sindula* — *Dewata Tjengkar* — *Daniswara* — — *Bandjaransari* — *Ariang Banga*, *Tjiung Wanara*.

7. SADJARAH BANTEN.

Nu diulik ku Dr. H. Djajadiningsrat¹³⁰⁾ pikeun ngadamél disertasi (karangan akademis) aja tilu rupa karangan Sadjarah Bantén nu ditalis ku aksara Arab (aksara gundul). Dikarangna ieu Sadjarah Bantén dina taun 1662/63, saréng karangan nu panganjarna nya eta dina taun 1732. Di antarana aja nu asalna ti Bupati Serang, nu dipasihkeun ku Prof. Snouck Hurgronje.

Tingkésan tjarita ku Dr. H. Djajadiningsrat didamél djadi tilu bagian. Bagian kahidji dimimitian ku salsilah ti *Nabi Adam* dugi ka *Mahdum Gunung Djati*. Djédjéerna tjarita nya eta lalakon *Tjiung Wanara*, nu dimimitian ku *Ratu Galuh* saréng putrana nu djénéngan *R. Tanduran* (dina sadjarah sanes disébatna *Ra-*

¹²⁹⁾ Lipsch., v. I. E. A. Ak., deel I.A., 1910, katja 111.

¹³⁰⁾ Dr. Husein Djajadiningsrat, *Critische Beschouwing van de Sadjarah Banten* (Academisch Proefschrift) Haarlem 1917.

hyang Bunga). Djalanna lalakon meh sami saréng tjarita pantun, nanging *Aki Balangantrang* di dieu mah disébatna *Ki Bobodo*. Saparantosna tarung *Tjiung Wanara* djadi radja di Padjadjaran saréng *R. Tanduran* djadi radja di *Madjapait*. Ladjéng ditema ku lalakon *Gadjuh Mada* saréng *Ki Dilah (Arja Damur)* nu djadi Bupati Palembang. Ti dinja njarioskeun lalakon putra radja *Madjapait* nu djénengan *Bondan Kadjawan*, *R. Rahmat* nu djadi *Sunan Ampel*. *Ki Géde Palembang* nu djadi *Sultan Démak*, ditjaruk ku lalakon *Sch Sjamsn Tabris*, ditema ku lalakon *Djaka Tingkir* nu djadi *Sultan Padjung* dugi ka *Ki Géde Mataram*. Saréng ahirna njarioskeun lałakon *Susuhunan Gunung Djati* saréng putrana, *Maulana Hasanuddin*, nu satérasna dina Bagian kadua njarioskeun Sadjarah Bantén.

Bagian kadua njarioskeun lalakon *Maulana Hasanuddin*, nu didjédjéraran ku *salsilah* radja² di *Pakuwan*, sapertos di handap ieu : ⁽³¹⁾

Guru Tunggal Buwana — Guru Tunggal Seda — Guru Tunggal Sakti — Prabu Radja Dewa — P. Dewa Pakuwan — P. Manditi — P. Djajadewa — P. Dwata — P. Sëkti — Darmarche — Latung Kasarung — Tjiung Wanara — P. Linggang Mija — P. Pakuwan — P. Susun Djati — P. Susuk Tunggal — P. Tunggal — P. Lingga Wastu — P. Anggalarang — P. Silih Wangi — P. Munding Sari — P. Kalangun — P. Munding Kota — P. Seda ing Pakuwan — P. Seda — Putjuk Umum — P. Alengleng — Sangjang Kakaleng.

Katérangan : dina ieu salsilah ramana *Tjiung Wanara* teh *Latung Kasarung*, sédéng dina sadjarah nu sanes *Latung Kasarung* teh mantuna *Tjiung Wanara*, atanapi putrana.

Ieu sadjarah njarioskeun lalakon *Ki Djongdjo* ngarurug *Pakuwan* kalawan paidin ti *Maulana Jusup*, putrana *Maulana Hasanuddin*. *Ki Djongdjo* pang tiasa lébét ka *Pakuwan* teh kalawan pitulung saderekna, nu djadi mertuana *Prabu Seda*, radja *Pakuwan*, dumeh saderekna *Ki Djongdjo* njéri angén ku teu diangkat djadi „*sangjang*” sapertos para ponggawa nu sanes. Nalika *Pakuwan* katébut ku *Ki Djongdjo*, ku margi teu kërsa taluk, *ladjéng Prabu Seda*, *Putjuk Umum*, *Prabu Alengleng* saréng *Sangjang Kakaleng* ngahiang.

Saréng satérasna dugi ka Bagian katilu moal dibahas di dieu.

⁽³¹⁾ Dina „Pusaka Sunda“ No. 2 Agustus 1921 th. Kasii karja 38, ieu salsilah lepat nurutuna, pen-salsilah ti *Prabu Seda* dugi ka *Guru Tunggal Buwana* teh, in opgantane liju” (back).

S. SADJARAH BOGOR.¹³²⁾

Ieu sadjarah ngantet saréng salsilah para bupati Bogor dugi ka *R. Adipati Suriawinata*, nu munggah hadji dina tahun 1865.

Eusina tjarita ngawitan ti ratu Galuh, nu djénengan *Radja Panekas* di nagara *Bodjong Galuh*, puputra : *R. Haria Banga*, *R. Tanduran*, *Njai R. Maradja Sakini*, saréng *Tjiung Wanara*. Saterasna lalakon *Tjiung Wanara* meh sami saréng tjarita pantun : Karadjaan Galuh diwakilan ku *Radja Bondan*, baji *Tjiung Wanara* dipalidkeun di *Tjitanduj*, dirawatan ku Aki Balangan-trang, Radja Bondan dipandjara ku *Tjiung Wanara*, *Haria Banga* pérang saréng *Tjiung Wanara*. *Haria Banga* djadi radja *Madja-pait*, *Tjiung Wanara* djadi radja *Pakuan Padjadjaran*.

Nu benten dina ieu sadjarah, nja eta : *Tjiung Wanara* angkat ka kahiangan, ladjeng andjeunna kenging raksukan kulit lutung. Ladjeng géntos djénengan djadi *R. Minda Seda Tapo*, *Pérbu Lutung Kasarung*.

Lutung Kasarung mulih ka Bodjong Galuh, tèras ka Padjadjaran. Andjeunna nikah ka *Purbasari*, putra Kuwu di *Tjilébut*. Lutung Kasarung ngalaan raksukanana (kulit lutung), ladjeng géntos djénengan *Pérbu Anggalarang*. Ti *Purbasari* andjeunna puputra *Pérbu Siliwangi*. Anggalarang angkat tatapa, ku margi eta karadjaan diteraskeun ku Siliwangi. Siliwangi puputra *R. Guru Gantangan*, nu djadi radja anom.

Tengah wéngi Padjadjaran ditaradjang ku balad Bantén, nu diluluguan ku *Ki Djungdjui* (*Kean Santang*). Kalawan pitulung *Pérbu Sena*¹³³⁾ lawang gapura Padjadjaran tiasa dibuka, *Kjai Mas Morogol*, tameng dada Padjadjaran ngajonan Kean Santang. Minangka ngadu kasakten, *Kjai Mas Morogol* dipiwarang ku Kean Santang narik iteukna nu ditantjébkeun dina taneuh, na-ning teu katarik. Ieu hartosna Padjadjaran kawon.

Pérbu Siliwangi saputra-garwa arangkat ngantunkeun kara-ton. Barang dugi ka Pondokgédé, tèras sadajana ngahiang. Tjek sakaol djadi batu, tug dugi ka kiwari. Eta margina di dinja aja „artja domas” (artja 800).

Saparantos Kean Santang unggul, minangka pangeling-nge-ling andjeunna njérat dina batu tjakét karaton Padjadjaran, nu kiwari disébat „batu-tulis” di desa Batutulis (Bogor).

Sakitu ringkésna nu kasébat dina „Sadjarah Bogor”.

Pétikan tina babad saréng „sadjarah”, nu pěnting pikeun ban-han sadjarah, mung sakitu nu tiasa kapintonkeun.

¹³²⁾ Tijdsch. v. I. T. I., Vk., deel LVII, 1916, katja 540.

¹³³⁾ Dina Sadjarah Bantén disébat *Prabu Seda*. Nu mukakeun lawang mertuana *Prabu Seda*, nja eta saderek *Ki Djungdjui*, *Prabu Seda* nja eta radja Padjadjaran nu pangahirna, djadi sanes *Prabu Siliwangi*.

Katérangan.

Pérlu di dieu ditérangkeun, jen eusina babad saréng „sadjarah“ teu tiasa dipértjaja satjerewelena, margi :

1. Galurna tjarita taja nu sami.
2. Ngaran nagara teu tétép, saréng taunna teu disébat.
3. Ratu Galuh, ramana Tjiung Wanara, aja sababaraha rupi, kajuning : Rahyang Tampéran (Tj. Parahyangan), Ratu Préwata (Tj. Waruga Guru), Sang Pérmiana di Kusuma (tj. pantun), Ratu Pusaka (Babad Galuh), Adimulja Babad Galuh-Imbanagara), Bandjaransari (Babad Tjirrèbon Kanoman), Radja Pamékas (Sadjarah Bogor).

Sanadjan kitu, urang tiasa oge ngadamel gurat-badagna nu penting, nja eta *Ratu Galuh* kagungan putra, di antawisna : *Rahyang Banga* saréng *Tjiung Wanara*.

Rahyang Banga sok disébat oge : Rahyang, Hariang, Ariang, Aria, Banga, Bangah, Bangga.

Tjiung Wanara disébat Sang Manarah atanapi *Tjiung Manarah*, nanging nu ilahar dina salsilah para bupati mah *Tjiung Wanara*.

Lalakon Tjiung Wanara, sanadjan pondok, parantos aja ti baheula muła, dina Tj. Parahyangan saréng Tj. Waruga Guru, kitu deui dina babad, „sadjarah“ saréng tjarita pantun parantos teu aja nu bireuk deui. Djadi lalakon *Tjiung Wanara* teh parantos teu kintén kawakna. Pantés, dina salsilah para bupati, *Tjiung Wanara* didamél bibit-buit nu ngarundajkeun arandjeuna.

Eusina tjarita : *Tjiung Wanara* nagih warisan nagara. Ki Bondan, ratu panjélang, dipandjara. Dér pérang saréng Rahyang Banga. Putusanana karadjaan Galuh dibagi dua : beulah kulon bagian Rahyang Banga, saréng beulah wetan bagian *Tjiung Wanara*.

Rahyang Banga djadi radja *Madjapait*. Hal ieu sulaja sareng sadjarah nu salérésna, margi *Madjapait* diadékkeun ku R. Widjaja, turunan Ken Arok, radja Singasari.

Tjiung Wanara djadi radja *Pakuan Padjadjaran*. Ieu oge teu tiasa ditangtoskeun, margi numutkeun batu-tulis Bogor, Pakuan Padjadjaran diadékkeun ku Ratu Purana, Sri Baduga Maradja.

Ku margi eta, urang ngadamel hypothese nu tiasa dirobah deui, upami aja bahan bukti nu tjékap :

1. Rahyang Banga tiasa djadi kenging bagian kaler, di *Madja* (bawahán *Madjaléngka*).

2. Tjiung Wanara kenging bagian kidul, di *Kawali tjakéti Pandjalu*, margi di dinja aja batu-tulis *Prabu Wastu* (Lingga Wastu, rundajan ti Tjiung Wanara) atanapi Rahyang Niskala Wastu Kantjana (Hariang Kantjana) di di Nusa Larang (Talaga Pandjalu), nja eta ejangna Ratu Purana (Pakuuan Padjadjaran).
3. Watés babagian ieu dua nagara tiasa djadi Tjilutung (kasébat dina Lalakon Lutung Kasarung) saréng Tjisanggarung.
4. Watés karadjaan Galuh Kaler beulah wetan dugi ka *Kali Pamali* (Brébés), margi watés dialek basa Djawa-Sunda, saréng sora a ngalagéna, hénteu ditolong.
5. Salsilah Tjiung Wanara ka luhurna mung tiasa dugi ka *Kandiawan*, nu puputra *Wrétiwandajun* saréng satérasna. Kandiawan kasébat ti baheula mula dina sadjarah Djawa, sakumaha nu parantos dipédar ti pajun.
6. Ku margi dina „sadjarah“ di urang mah tara disébat djamanna, ku urang tiasa di-kintén², dapon ulah tébih ti nu parantos tetela aja bahan sadjarahna, sapertos :
 - a. Didadasaran ku batu-tulis Tjanggal (Kedu) taun 732 M., pa-ngeling² Radja *Sandjaja*, urang tiasa mapaj salsilah dina Tj. Parahyangan, margi kasébat lamina unggal² radja ngasta karadjaan : „*lawasnya ratu . . . tahun*“. Di antawisna aja nu teu lèhét kana akal, sapertos : Wrétiwandajun 90 taun, Rabyangta Kuli-kuli 80 taun, Rabyangta Peles Awì 122 taun s.s.t. Ku margi eta tiasa di-kintén² : *Kandiawan* (Rahyangta ri Mědang Djati) djuméneng dina abad ka-5 ; djadi saparantos pupusna Purnawarman (Tarumanagara). Légana karadjaan tiasa djadi ti wewéngkon Kedu (Djawa Tengah) dugi ka Galuh (Tjamis).
 - Tjiung Wanara marentahna karadjaan Galuh kintén² heuleut saahad ti Sandjaja : djadi moal tébih ti abad ka-9, nja eta memeh ngadégnna karadjaan Çri Djajabhupati (tjakéti Tjibadak).
 - b. Didadasaran ku batu-tulis Bogor taun 1333 M., ngadégnna Pakuan Padjadjaran, urang tiasa mapaj salsilah Ratu Purana (Sri Baduga Maharadja) ka luhurna dugi ka ejangna, nu djenéngan Rahyang Niskala Wastu Kantjana atanapi *Prabu Wastu* di Kawali. Sandanjan aja batu-tulis di Kawali, urang teu tiasa nang-

toskeun taunna. margi teu aja tjandrasangkalaan. Upami di-kinten² heuleut saabad memeh ngadéégna Pakuan Padjadjaran, djuménéngna Prabu Wastu ± abad ka-13.

Radja² nu saesna numutkeun Tj. Parahyangan, Tj. Waruga Guru, babad saréng „sadjarah”, ku margi teu tiasa dibandingkeun moal waka dibahas ajeuna, iwal ti *Susuktunggal*, anu numutkeun Tj. Parahyangan sadjaman saréng Sri Baduga Mahardja.

- c. Didadasaran ku sadjarah Bantén : Panémbahan Jusuf, putra Maulana Hasanuddin, radja Islam nu imimiti di Bantén, dina taun 1579 parantos naradjang Padjadjaran, nu diradjaan ku Prabu Seda. Ieu kadadian djadi tanda runtagna karadjaan Pakuan Padjadjaran.

Minangka pamungkas, etang² ngabaladah „Sadjarah Sunda”, kanggo saheulaanan mung dugi ka dien.

V. TINGKESAN SADJARAH

A. DJAMAN PRAEHISTORI

- Djaman Pleistocene : — Meganthropus, Pithecanthropus robustus, Pithecanthropus erectus di P. Djawa.
± 240.000 taun nkl.
- Djaman Holocene : — Homo Soloensis, Homo Wadjakensis di P. Djawa.
± 10—120.000 t. nkl.
- Djaman Mesolithicum : — Djalma² nu maratuh sakuriling „Tallaga Bandung“; karuhun bangsa Sunda nu mimiti.
± 10.000 t. nkl.
- Djaman Neolithicum : — Tempat djalma² tukang njieun parabot batu Neolithicum di wewengkon : Tasikmalaja, Karawang, Bogor, Sukabumi.
± 5000 t. nkl.
- 1500 — 2500 t. nkl. — Bangsa Austronesia barudal pindah ti India Tukang ka Indonesia ; karuhun bangsa Sunda nu kadua.

B. MIMITI SADJARAH BANGSA SUNDA

- t. 345 Masehi — Salah sawios radjaguru (pandita) bangsa Çalankayana ti India Kidul ngungsi ka Djawa Kulon.
- ± t. 375 : — Rajadhiraja, putra radjaguru Çalankayana, ngadékgcun karadjaan Taruma.
- ± t. 400 : — Purnawarman, putra Rajadhiraja, raja Taruma.
- ± t. 414 : — Fa-Hian, pandita Buddha, wangsul ti India, andjog ka Djawa Kulon (Taruma).
- t. 424 : — Gunawarman njébarkeun agama Buddha-Hinayana ka Cho-p'o (Djawa Kulon), téras ka Tióngkok.
- t. 435 : — Utusan radja Che-li-p'o-ta-f'o-a-lapa-mo (Çri Pada Purnawarman) ka Tióngkok.
- Abad 5 — 7 : — Kandiawan, Wrétkandajun, sst.
- t. 528, 535, 666, 669 : — Utusan ti To-lo-mo (Taruma) ka Tióngkok.
- t. 636 : — Çriwidjaja nalukkeun „bhumi-djawa“ (sakuliah P. Djawa) ; runtagna karadjaan Taruma.

- t. 732 : — Sandjaja, radja Galuh, nu sumare di Mēdang.
- Abad 9 : — Tjiung Wanara, radja Galuh, nu ngarundajkeun para bupati Sunda.
- t. 1030 : — Cri Djajabupati, radja „Prahadjian Sunda”.
- t. 1037 : — Widjaja, nu ngagéntos Cri Djajabupati, ditalukkeun ku Erlangga : runtagna „Pr. Sunda”.
- Abad 13 : — Prabu Wastu, radja di Kawali (Galuh).
- t. 1333 : — Ratu Purana (Sri Baduga Maharadja), turunan ti Galuh, ngadéngkeun Pakuan Padjadjaran.
- t. 1357 : — „Pasunda Bubat” (Pérang Sunda di Bubat, Madjapait), nalika Maharadja Sunda bade nikahkeun putrana ka Prabu Hajamwuruk.
- Abad 14 : — Susuktunggal — Siliwangi, sst.
- t. 1522 : — Urang Portugis ngajakeun pérdjangan-djian dagang sareng Radja Sunda (Padjadjaran).
- t. 1527 : — Fatahillah nalukkeun Galuh sareng Sunda Kalapa.
- t. 1579 : — Panémbahan Jusuf naradjang Padjadjaran, nu diradjaan ku Prabu Seda : runtagna Padjadjaran.

EUSINA

	Katja
Pihatur	5
I. ASAL-MUASALNA KETJAP „SUNDA”	7
A. Hartosna „Sunda”	7
B. Sadjarahna	10
C. Tingkésanana	14
II. ASALNA MANUSA	16
A. Bubuka	16
B. Palaeontologi saréng Geologi	17
1. Babagian djaman Geologi	18
2. Sugri nu kumèlip dina djaman Geologi	20
C. Manusa nu mimiti	21
1. Manusa nu mimiti numutkeun Palaeo-anthropologi saréng tèmpat asalna	21
2. Manusa nu mimiti numutkeun agama	23
3. Manusa nu mimiti numutkeun dongeng (mythe)	24
III. BANGSA SUNDA DINA DJAMAN PRAEHISTORI	26
A. Nu njitjingan P. Djawa dina djaman Palaeolithicum	27
B. Bangsa Sunda nu mimiti dina djaman Mesolithicum	31
C. Bangsa Sunda dina djaman Neolithicum	38
IV. KARADJAAN ² DI PASUNDAN	44
A. Purnawarman	45
B. Sandjaja	50
C. Cri Djajabupati	54
D. Prabu Wastu	56
E. Ratu Purana	58
F. Salsilah para radja numutkeun tjarita rajat	62
1. Tjarita Parahyangan	63
2. Tjarita Waruga Guru	73
3. Babad Galuh	75
4. Babad Galuh-Imbanagara	76
5. Babad Tjirébon	77
6. Babad Tjirébon Kanoman	78
7. Sadjarah Bantén	78
8. Sadjarah Bogor	80
V. TINGKÉSAN SADJARAH	84

Untuk para pelajar S.M.P. dan Sekolah Lanjutan lainnya
akan segera kami terbitkan :

Seri : „GAJA BARU”

Buku² ini terdiri dari :

- | | | |
|----|---------------------|---|
| 1. | Gaja Baru Ilmu Bumi | — B.M. Ichwan es. (Dir. S.M.A.-C. Semarang. Pemimpin Kursus B I Ilmu Bumi). |
| 2. | „ „ Ilmu Alam | — Sumedi Erawan es. (Ahli Ilmu Alam). |
| 3. | „ „ Ilmu Tumbuhan | — Garnadi Prawirosudirdjo (Lektor Kepala Ilmu Hajat. Fakultas Keguruan dan Ilmu Pendidikan, Universitas Padjajaran, Bandung). |
| 4. | „ „ Ilmu Hewan | — — idem — |
| 5. | „ „ Ilmu Ukur | — Adur Raksanagara (Dir. S.G.A. Bandung). Djuhuheni (Inspr. S.M.P. Prop. Djawa Barat). |
| 6. | „ „ Sedjarah Dunia | — Dr. A. Romein — Verschoor. |

Telah terbit :

Gaja Baru Ilmu Tumbuhan I	— Rp. 11,—
Gaja Baru Ilmu Tumbuhan II	— Rp. 13,50
Gaja Baru Ilmu Alam I (tjet. II)	— Rp. 21,50
Gaja Baru Ilmu Alam II	— Rp. 32,—
Gaja Baru Ilmu Ukur I	— Rp. 27,50
Gaja Baru Ilmu Hewan & Manusia I	— Rp. 14,50
Gaja Baru Aldjabar IA	— Rp. 22,—
Gaja Baru Aldjabar IB	— Rp. 22,50

(Telah dimasukkan dalam daftar buku Kem. P.P. & K. untuk S.M.P.).

Fesanan kepada :

Organisasi Pendjualan Buku

GANACO N.V. / N.V. MASA BARU
Dj. Geredja 3 Dj. Garut 18
Tel. 4162 - 4163 — Tel. Ment. 419
Bandung Djakarta.



GANACO — BANDUNG